В кк2
А-15

Сәрсенбай АБДУЛЛАЕВ

# ӨЗГЕНИҢ БАХТЫН ОЙЛАП, ӨЗ БАХТЫН ТАПҚАН ИНСАН



05-063

В КК2
А-15

Сәрсенбай Абдуллаев

# ӨЗГЕНИҢ БАХТЫН ОЙЛАП, ӨЗ БАХТЫН ТАПҚАН ИНСАН

*(еске түсириўлер)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2003

**СӘРСЕНБАЙ АБДУЛЛАЕВ.**

**«Өзгениң бахтын ойлап, өз бахтын тапқан инсан».** (Еске түсириўлер)— Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы, 2003-жыл, 72 бет

(Әдебийлестирип жазған жазыўшы Әбдимурат Атажанов).

*«...Жақсы болып өткен адам, тирилерге теңлес болар».*

**(И. Юсупов).**

***Пикир билдириўшилер:***

**Сарыгүл Баҳадырова** — филология илимлериниң докторы.
**Орақбай Доспанов** — Филология илимлериниң докторы.
**Мақсет Тилеўмуратов** — Тарийх илимлериниң кандидаты, профессор.

236645

RESPUBLİKALIQ BALALAR KİTAPXANASI

A $\frac{4803270205-483}{M-357(04)-2003}$ — 2003

9024

ISBN 5 - 8272 - 0262 - 2

MA'LİMLEME RESURS ORAYI

xp 10

© «Қарақалпақстан» баспасы, 2003

## ЖЫР—ДӘСТАНЛАРДЫҢ ЖАЛҒАСЫ

Ҳәр бир халықтың, ҳәр бир елаттың жақты жулдызы, маңлайына питкен арыслан жүрекли азаматлары, ели ушын еңиреген еден ерлери, халқы ушын жанын да аямайтуғын мәрт-баҳадырлары болады. Қарабайлыдан баслап Үстирт таўының етегине дейинги майданлықты ийелеп атырған жолдың ортасында шаңарағы бийик, керегелери беккем саўлатлы, сәнли отаў тигип, район атағына ерискен Шоманайда да ел арасынан шыққан даңқлы, атақлы, даңқ-абройы журтқа жайылған азаматлар көп. Елдиң уйытқысы, журтының жарасығы, халқының панасы, елдиң ағасы болған жасы үлкен әўладлар-нураний ақсақаллар ҳаққында районның ярым әсирлик торқалы тойына арнап жазған «Жаңа әсирге-жаңа қәдемлер» атлы китабымда толып-тасып, үлкен мақтаныш сезимине бөленип Аллаталадан тасқын күш алып айтқанман. Сондай-ақ, усы китабымда Шоманайдың есигин биринши ашып, районның шаңарақ көтериўинде басы-қасында болған, халқы сүйген ел ағасы—Мырзамурат Абдуллаевқа көлемли орын берип, өзимниң хызметимди көрсеттим.

Расында да Мырзамурат Абдуллаев ҳаққында арнаўлы китап жазылып, ҳүжжетли фильм түсирилсе, сирә көплик етпейди. Ал, солай ислесек үлкен әўладлар алдында перзентлик парызымызды абла дәрежеде өтеген боламыз. Себеби, аталардың басып өткен өмир жолы келешек әўлад ушын жол көрсетиўши жулдыз, алыстан сәўле таратып алға баслайтуғын шәмшырақ.

Бүгинги от жүрекли жасларымыз аталардың мийнет майданындағы мәртлиги, өмирдеги ибратлы ислери, турмыслық тәжирийбеси, халықты, жасларды тәрбиялаўдағы көрнекли хызметлерин үйренеди, өрнек алады, турмысына, өмирине жаратады, руўхый дүньясын байытып, өмирге қуштарлығы күшейип, келешекке саналы қәдем таслайды, халық ушын пидайы хызмет ислеўге өзин бағышлайды.

Шоманай елатының биринши басшысы ретинде мына нәрсени, болмаса Мырзамурат Абдуллаев басқарған колхоздың сол ўақыттағы аймағы районның ҳәзирги аймағының тең жартысы деп айтсам, асыра силтеп асырып жибериў болар, ал үштен бир бөлегин қамтыйтуғыны анық. Арғы басы Айбүйир таўы, берги шети Қарабайлы, қубласы Шоманай совхозы, ақсақалдың өзиниң атына қойылған. Абдуллаев атындағы ширкетлер бирлеспесиниң жайласқан жери-бурынғы Ленин атындағы колхоздың бий-

лигинде болған. Олай болса, усыншама, төрт тәрепи неше күнлик жол-кең аймактың халқының тамағын тойдырыў, үстин пүтинлеў, турмысын жақсылаў әнейи емес. Оның үстине ҳәзиргидей жүйрик-жеңил машинада емес, ал атлы жүрип аралағанда неше күнлик машақатлы жумыс. Мырзамурат атамыз шынардай шымыры беккемлиги, шыдамлылығы арқасында барлығына үлгерген, сонша мың гектардан аслам егислик жерден рекорд зүрәәт жетистирген! Нәтийжеде ол рәсмий ҳүжжетлерде айтылмаса да, бизинше пахтадан мол зүрәәт жетистириў бойынша өзиниң мектебин дөреткен. Оны академияға теңеп мақтаса арзыйды!

Солай етип, мен елдиң басшысы сыпатында жоқарыда аты аталған, ямаса «Айбүйир», А.Муўсаев, «Шоманай», М.Абдуллаев атындағы хожалықлардың биринши нәўбетте халқы, екиншиден ел бийлери, ақсақаллары, зиялылары, үлкен-киши ҳәм жаслары менен сөйлесип, кеңесип көрсем, барлығы шетинен атамыз ҳаққында китап жазылғанын қәлейди. Ҳәр қайсысы шамасына қарай қолынан келгенше жәрдем көрсететуғынын билдирди.

Мен жоқарыда аты аталған китабымда «Соның ушында районымыз, оның арыслан жүрекли азаматлары ҳаққында айтылатуғын сыр менен жазылатуғын жыр-дәстанларының тамамланбайтуғынына беккем исенемен»,—деп шын жүректен жазған едим. Бул ийгиликли исти өмирдиң өзи жалғастыра береди екен.

Шоманай елатының шәм-шырақ азаматы, заманында «Қарақалпақ қыраны» атанып, халықтың жүрек төринде ылайықлы орын алған елағасы Мырзамурат Абдуллаев ҳаққында жазылған китап-жыр-дәстанға ҳақ жол тилеймен. Алдын Алла ашсын, әўлийе-пирлер қолласын.

Бул китапты китап күйинде дүньяға келтирип, тусаўын кесиўге таярланып атырған С.Абдуллаев—ел перзенти, үлкен ақсақалдың туңғыш перзентине әўмет-аманлық тилеймен.

**Сағыйдулла Сайманов.**
Шоманай районының ҳәкими.





## ЖАҚСЫЛЫҚ ШЫҢЫНА ШЫҚҚАН ИНСАН

Еске түсириўлеримнен ибарат "Ел хызметинде" атлы китабымда Шоманай шөлин өзлестирген, бул әтирапқа халқын изине ертип келип қоныс бастырған, районның дүзилиўинде оғада әжайып мийнетлери бар, жолбарыс жүрекли азаматлардың қатарында Мырзамурат аға Абдуллаевтың исми-шәрийпин аса мақтаныш пенен айтып өткенмен. Бул әлбетте тийкарсыз мақтап, көзсиз көтермелеў емес. Шерек әсирге шамалас Қарақалпақстанның басшысы болған дәўиримде түрли минездеги басшылар менен ислестим, халқымның ғамы менен жасаған жылларымда бойда қәлиплескен, санама орнаған ҳадал сезим бул.

Негизинде қараўындағы адамлар менен ет-тырнақ киби бирге жасаў, ақыл-парасатын, күш-ғайратын, былайынша пүткил болмысын халқына арнаған басшылар ғана ел журтының мақтанышына айланып, тиллерде дәстан болып қалады. Бундай басшылардың гүреске толы өмир жолы, өмир сабағы, турмыслық тәжирийбеси бирдейине ардақланады. Бул туўралы толғанып айтып, мақтаныш сезимине бөленип, келешек әўладқа нәсиятлап жеткериў — биз жасы үлкен әўладтың парызы. Соның ушын да ҳүрметли Президентимиз И.Ә.Кәримов аўыл хожалығын реформалаўға бағышланған мәжилисте шығып сөйлеген сөзинде, өмирден өткен ҳәм ғәрезсизлик дәўиринде халық мәпин ийнинде көтерип, аўырманлықты мойнына алып, пидайы мийнети ушын халқы сүйген, оның таянышы болған баслықларды "Олар—бизиң алтын фондымыз" деп атады. Мырзамурат аға усаған шарапатлы, ийман-инсаплы, өзинин жеке мәпин ел-журт мәпинен жоқары қоймайтуғын басшыларды нанның қыйқымындай қәдирлеп, мийнетин баҳалап, дыққаттан тыс қалдырмаўды айтқан еди.

Қайсы заманда да басшылар елдиң тиреги, халықтың сүйенетуғын асқар таўы болып келген. Бүгинги күнде қатарымызда жоқ, изинде жарқын жол қалдырған, халықты әтирапында жәмлеп, ел басқарыў өнерин толық меңгерген, жатқан жери жайлы, ийманлы болғыр Мырзамурат аға тап усындай теберик инсанлардың бири еди. Оның менен дийдарласып көрисиў, кеўил ашып сөйлесиў — өз алдына бир дүнья еди. Ол басқаның сөзин көбирек тыңлап, өзи оғада аз ҳәм саз сөйлейтуғын сабыр тақатлы адам болып өтти. Усындай ел сүйген, журтына жарасықлы ағаларымыздың кең пейиллигин, әдиллигин, инсаплылығын, нәпси бәлесинен аўлақ жасап

өткенлигин еслесек, айырым басшыларда бундай пазыйлетлердиң кемлиги кеўиллерде өкиниш пайда етеди.

Ардаклы ақсақалдың аллатаала берген булақ суўындай мөлдир тынық минези, басшылықтағы жетик шеберлиги хәзирги ўақытта басшылыққа қолы жеткенлерге сабақ- қолланба хызметин атқаратуғын нәсият ретинде уқтырыўды өзиме жуўапкерли ўазыйпа деп билемен. Сөзимди дәлиллеп, пикиримди тастыйықлаў мақсетинде мына бир мысалды келтирип өтпекшимен.

Жаңадан шаңарақ көтерип өз алдына отаў тигип, республиканың бурыннан бар районларының қатарына қосылған Шоманайға жас кадр (исми шәрийпин айтып отырыўдың кәжети жоқ деп ойлайман) басшылыққа жиберилди. Жасы отызға жетпеген албырт жас жигит жумыс бабында хожалықларды аралап жүрип, қарапайым дийқан жигит пенен ешейин нәрсениң үстинде шекинисип қалады. Районның биринши басшысы омыраўзорлық ислетип, жаңға батар айыбы жоқ жигитти қатты ақыретлейди. Жас басшының ойынша оған бул елаттың қаратабан қаршадай баласынан баслап сақал шашы ағарған қариясына шекем бағыныўы тийис. Хәр бир инсан аллатааланың жаратқан бендеси. Ақыры, аллатаала хәр бир мөхмин бендесине жақсы-жаман қәсийетти теңдей береди, басшыныки жоқары, пуқараныки төмен болмайды.

Қарапайым дийқан жигит те мынаў басшы екен деп пәсине қайтпайды, қорланып аяққа басылғанды қәлемейди. Себеби айыпсызлығын биледи. Басшы менен дийқан дәслеп бир-бирине сөз атысады, аразласыў өрбийи келе жағаға қол салысады. Қысқасы екеўи әдеўир жерге барысады. Бул жәнжел туўралы гәп район аймағына, соң республикаға тарқалады. Ең соңында орайдағы басшылардың да қулағына тийеди.

Мен сол ўақытта республика хүкиметиниң баслығы едим. Бул жәнжелдиң аўырманлығы маған түсти. Өйткени, жас басшыны ешейин нәрседе айыплап, орнынан түсирип таслаў аңсат болса да, бул кадр тәрбиялағанға жатпайды. Мен сонша жыл даўамында басшылық жумыста жүрип, топлаған тәжирийбеме тийкарлап айтатуғын болсам, басшылық баса-бас бақырып шақырыўдан, азмаз қәтесин таўып орнынан түсирип таслаўдан ибарат емес, ал шыдамлылық пенен хәр бир кадрды жетилискенше тәрбиялаўдан ибарат. Бул басқарыў өнериниң ең абзал, ең әхмийетли, ең ағла элементи есапланады. Демек, басшының абырайын сақлап қалып, колхозшы жигитти де жерге урмаў керек. Мен Шоманай районына бирден жөнеп кетпедим. Бундай жағымсыз-жақпас ўақыяны жақсылық тәрепке бурыўда тәжирийбеси мол, абырай-атағы жетерли, талай "телпек дирилдеспекке" қатнасып, даў-жәнжелди қамырдан қыл суўырғандай шешип жүрген Мырзамурат аға Абдуллаевқа жолығып, оннан көмек бериўди өтиниш еттим.

Дүньяға жарасықлы жақсы адамның, ийман жүзли инсанның ақыл-нәсият сөзи де, унамлы ис-хәрекети де, не бир қыңыр шатақ адамды



жуўасытып, қәлбине жақсылық дарытады, кеўлиндеги көленкели өкпе-гийнени тарқатып жибереди. Сондай-ақ берекет тапқыр Мырзамурат аға да ели халқын сыйлап хүрметлейтуғын, жасы үлкенлерге мүнәсип жол тутып, даў-жәнжелди бастырып, екеўин жарастырыўға кириседи. Басқа жақтағы үлкен басшыларға қаратып қоймайды. Ата-баба дәстүрин иске салып, ақылын ашыўға алдырып аразласқанларды үйине арнап шақырып алады. Мал сояды, басшы менен колхозшы жигиттиң алдына бас қояды, ошақ басында отырып екеўи менен ашықтан-ашық сөйлеседи. Екеўине де ақыл-нәсиятын береди, ақырында өкпелерин жазып, ақылға ендирип, қол алыстырып жарастырады. Өзин аяққа басылып қорланғанға жатқарған колхозшы жигиттиң ийнине сарпай жаўып, кеўлин дәрья киби тастырып, өкпе-гийнени умыттырып, ўақты хошлықта үйине қайтарады.

Саясына жасыл шөп өсетуғын, басқан қәдемине гүл питетуғын, садаған кетейин Мырзамурат аға ел бирлигин, журт татыўлығын сақлаўда бийбаҳа хызмет атқарады, кәтқудашылық етеди. Оның бизлерге ең үлкен жәрдеми сол өз ўазыйпасын қалыўсыз бәржай келтиреди, орайдағы басшыларға салмақ салып аўырманлық түсирмейди.

Хәзирги ўақыттағы барлық басшылардың бул мысалдан ибрат алып, ата-баба дәстүрине садық ис жүргизип, аразласқанларды, жәнжеллескен-лерди хожалық ишинде жарастырып, мәселени ақыл менен шешип, халқына хәр тәреплеме хызмет көрсеткенин қәлер едим. Өйткени, аўыз-биршилик қашқан жерден берекет кетеди . Ол басқарған бурынғы Ленин атындағы колхоз хәзирги ўақытта Мырзамурат Абдуллаев аты менен аталатуғын хожалық елиўинши жыллардың орталарында республика-мыздың мақтанышына айланды. Мәселен, 1955-жылы атақлы колхоз, даңқ абырайы бәлент баслықтың хожалығы 1875 гектар жерге ғаўаша егип, мәмлекетке 5906 тонна пахта тапсырды. Гектар басына 31,5 центнерден зүрәәт жыйнап алынды. Бул сол дәўирде республикада рекорд көрсеткиш еди. Жыл сайын алға өрлеп, пахтадан бәлент қырман көтерип, дәраматы артып барғанлықтан, бул колхоз миллионер колхоз атанды.

Халқын қурғынластырған Мырзамурат аға буннан соң мәдений орайлар бинаят еттирди. Колхозшылардың маңлай тери, табан етинен қолға киргизилген мол дәраматты халық ийгилигине жумсады. Клуб, бала бақша, мектеп, моншасы бар қала типиндеги поселка салдырды. Поселкаға, көшелерге электр жарығын жеткерди. Түнге қарай поселкада электр жақтысы жарқырап турғанда, көктеги жарық жулдызлар жерге қонып атырған сыяқлы сезилетуғын еди. Усылайынша мийнеткеш пуқаралардың қарны тойыў менен қатар үйине нур қуйылса, қәлбине, өмирине, турмысына рийзашылық туйғысы толды. Әсиресе, барлық аўыр жумыс механизацияға жендирилген заманагөй мал фермасының иске түсиўи, колхоз, район емес, ал республика көлеминдеги жаңалық, сәтли, сапалы қәдем болды. Мырзамурат аға булар менен тоқтап қалып, тоқмейилликке берилмеди. Дүнья жүзиндеги, мәмлекетимиз, республикамыздағы

жаңалықларды жеткериўши радиоузел қурдырды. Хожалықлар арасында телефон байланысын иске қосты. Басқа колхоздың басшылары бир бағман жумсаса, Мырзамурат аға еки бағман ислетип, журтын бағлы дәўлетли елатқа айландырды. Аўыл-аймақтың көрки, мақтанышы болған бағдың шийрин жемиси менен палыздан мийнеткешлерге бөлистирип, аўзына мазалы дәм, өмирлерине сән берди.

Урыстан соңғы қыйын жылларда республикадағы барлық колхозлардың экономикалық жағдайы аўырласты. Халықтың тамағы аш, үсти-басы пүтинленбеди. Жермен, даңқпараз, мийримсиз басшылардың қысыўметине шыдамаған шаңарақлар, жеңил-желпи көрпе-төсегин арқалап, қоңсы районларға қаша баслады. Отырықлы ата журтынан безип, қашып шығып атырған адамлар халқына мийирбан, ғамхор, қайырқом басшы Мырзамурат Абдуллаев басқарған колхозға ағылып келди. Барлығы да ақсақал басқарған колхоздан баспана тапты. Өзлерин адам ретинде ел-журтқа керекли деп сезине баслады. Мырзамурат баслық усының менен бирге қатал заманның қуўғынына ушыраған улама, зиялылардың изинде қалған кәўендерсиз жанларды баўырына тартты, үйли-жайлы етти. Ол өзи отыз жылға шамалас ўақыт басқарған колхоз мийнеткешлериниң турмысын абаданластырып, туўылған мәканының келбетин көркейткен инсан еди. Бүгинги күнде арамызда жоқ ақсақалға жақсылығын көрген, жаманлығын сезинбеген өзи басшылық еткен колхоз халқының меҳир муҳаббаты, иззет-ҳүрмети айдың гүмис сәўлеси сыяқлы нур болып, жақты болып өзине қайтып атыр. Неге дегенде, республикадағы баслықлардың алғыр лашыны, Шоманай елатының мақтанышы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға белгили, даңқы жайылған ағамыздың атына хожалықтың қойылғаны, өз мәканына бюсти (естелиги) орнатылғаны халық көкирегинен жай алып, халық меҳир-муҳаббатының өшпес нуры себилип атырғанын айқынлайды.

Быйыл мийнети тиллерде дәстан болып жырланатуғын ағамыздың бир әсирлик-100 жыллық даңқлы мүше тойы өткерилмекши. Бул бойынша республика ҳүкиметиниң арнаўлы шешиминиң қабылланыўы- Мырзамурат ағаға көрсетилип атырған ҳүрметтиң ең ағласы деп есаплайман. Усындай шешим қабыллаған республиканың басшыларына, ҳәр қыйлы илажларды жобаластырған районның ҳәкимиятына, оның зәбердес басшыларына шын жүрегимнен алғыс айтаман, жасы үлкенлик миннетдаршылығымды билдиремен.

Заманында ели ушын еңиреп, журты ушын жанып жасаған арыслан айбатлы азаматларды сыйлап билетуғын, қәдирлеп үйренген халықтың бахыт мәртебеси ҳәмийше бәлент болады, пуқаралары тыныш турмыста, абаданшылық пенен пәраўанлықта жасайды.



## ШОМАНАЙЛЫ МЫРЗАМУРАТ АТАНЫ...

***(Мырзамурат Абдуллаевтың жарқын естелигине ядыгарлық)***

Шоманайлы Мырзамурат атаны,
Адамзаттың ҳасылы десе болады.
Оның өнип-өскен ата мәканы,
Мәңги бәҳәр пасылы десе болады.

Еситсем де елге еткен хызметин,
Басылымлардан ғана көрдим сүўретин.
Оған деген ел-халқының ҳүрметин,
Әмиўдәрья ағысы десе болады...

Сәҳәр ўақта минип аттың белине,
Сапар шекти Шоманайдың шөлине.
Шөлдиң ең бозығып жатқан жерине,
Барып қоныс басты десе болады.

Өзин емес, ол өзгени ойлады,
Олар ушын гүлден шәмен байлады.
Айтқан ақыл сөзин халықтың жайдары,
Аўыз еки қосығы десе болады...

Сәўир самалларды елпип естирип,
Колхоз билек жыйнап жәбдилестирип,
Колумбдай кең дүняға көз тигип,
«Америка ашты» десе болады.

Жақсы жаққа қарай баслап халықты,
Дастурханға мол берекет дарытты.
Шоманайдың есигин ашып, тарийхты
Тасқа ойып жазды десе болады.

«Мамый»—шын мийнеттиң майданы болып,
«Ақ жап»—сарҳаўыздың бойлары болып,
Жыл сайын зүрәәт тойлары болып,
Ел дәўлети тасты десе болады.

Мырзамурат аппақ етип ийманын,
Бир мийманы болып өтти дүньянын.
Орнында бар Сәрсенбайдай зүриядың,
Өмирдиң зер нағысы десе болады.

Жер жаңарып, ел кем-кемнен гүлленип,
Еккен егин көзди тартты гүл дөнип.
Шоманайға электрдан нур келип,
Әрман иске асты десе болады.

Периштеси басым болып бул адам,
Үлкенге де, кишиге де унаған.
Қыйынлықтың қырқ бирине шыдаған,
Халықтың қайсар нәсили десе болады.

Уллылықтан уллылықлар жаратты,
Елдиң даңқын жети ықлымға таратты,
Тәрбиялап Нурмухамедов Маратты,
Байраққа ат қосты десе болады.

Хожели хәм Қоңыраттың арасын,
Дақылларға жер қайысқан даласын,
Даңқлы дийқанларын, Шоманай қаласын,
Оның менен жаслы десе болады!...

24-июнь 2003-жыл. Нөкис.

***Толыбай Қабулов,***
*Қарақалпақстан халық шайыры*



*Бул мийнетимди қәдирдан әкемниң бийик адамгершилиги, пәк ҳүжданы алдында бас ийип, быйылғы жүз жыллық мерекесине арнадым.*

***(Автор).***

## ЖЕТИМЛИКТЕН ЖЕТИЛИП ...

Әкем Мырзамурат Абдуллаев (1903-1985-жыллар) ҳәзирги Мойнақ районының аймағында (бурынғы Қоңырат округи «Қызыл жар» болыслығына қараслы жерде) дийқаншылық хәм балықшылық кәсиби менен шуғылланып киятырған кембағал қарапайым шаңарақта дүньяға келеди. Кишкентайынан туўған әкесинен жетим қалып, жоқшылық, ашлық, жупынылықтың жәбир-жапасын тартып, көзин аштырмаған турмыс азабына гириптар болып, соған төзим берип жасайды. Жаслайынан аўыр мийнетке жегиледи. Өйткени арқа сүйер алп таўы, баспанасы, үй-ишиниң бас тиреги болған әкесинен ерте айырылып, жетим-жесирлик ҳалда қалған шаңарақтың тұңғышы сол еди.

«Еркексиз үй-басқарыўсыз кеме» дегенге тән берип, алды он үш-он төрт, кейини үш-төрт жастағы берсең ишемен, урсаң өлемен деп турмыстың қатал сынағына қаршадайынан дус болған байғус нәрестелерди тумсықлыға шоқытпай, азыўлыға алдырмай, жаўыз-жалмаўыз тырнағына илиндирмей бағып-қағыў, кәмалға келтириў, тул қалған ананың мойнына жүкленди. Сол бир қайғылы, қараңғы қаплаған тастүнек күнлерден баслап ғәрип ана үрпе-шүрпе балаларын изинде шөжедей шубыртып жүрип, ел ишинде қандай жумыс табылса соны иследи. Биреўлердиң дигирманын тартса, өзгелердиң ҳәр қыйлы қыйын жумысларында ислеп, напақа табыў ғамында күни-түни тыным таппайды. Усындай аўыр, нурлы, күннен көлеңкели тәрепи басым қалғымай күнлерде аўыр мийнеттиң салмағынан бели бүгилип, қабырғасы қайысқан анаға-перзентлериниң үлкени Мырзамурат қол-қанат болады, ол басқаларынан жасы бойынша үлкен, естиярлаў болғанлықтан, кишкене үкелерине ғамхорлық көрсетеди, жылағанда жубатып, сүрниккенде түргелтип жиберип, анасының тиренишине айналады. Күн көрис оғада қыйын жәнe машақат болып турған бул дәўирде ел арасы да тыныш емес еди.

Аласапыран булағай күнлер басланып, әсиресе елге сырттан түркмен феодал-байлары басып кирип, арқайын турмыс кеширип атырған аўылларға шегирткедей шабыўыл жасап турар еди. Дүнья-малларын тартып алып, сулыў қыз таўып бересең деп талап етип те халықтың диңкесин қуртты. Қарсыласқанды табанда атып таслайды. Бул да жетпесинликтиң жулынды үзген зулымлығына көнип жасап атырған адамлардың басын мең-зең етеди, енди олар бас панaлап, тынышлаў жерди тапса көшип кетпектиң ғамында болады. Бурынлары жарлы-жақыбай, жетим-жесирлерге қарақан

тамак кулкыннан өтер заттың күнделикли табылып турыўы уўайым болса, ел үстине топылыстын күн сайын күшейип барыўы буннан былайғы жағында бастың аманлығын гөзлеп, баўырдын пүтинлигин жойытпаў жолында жылдам хәрекет жасап талапланыўды керек етеди. Бул жағынан жаўдай жағаласкан жетпесинлик, екиншиден канхор жаўыздың колында шыңғырып кетип баратырғанда жан ашыр әменгер табылып, баскыншының канлы пәнжесинен куткаратуғын адамның ел ишинен шыкпағаны жесир ана-мамамыз Бийжанға үлкен кызы Инжигүл, төрт ер баласы-Мырзамурат, Жумамурат, Елмурат (Елбай атаған), Төремурат (Төребай атаған) лардың келешегин кум кылмаў ушын коныс өзгертип, мәкан жаңалап, халык ел арасында аманлыкта бир күн болса да кәўетерсиз жасаўдын ғамын жеўдиң зәрүрлигин алдына көлденең кояды.

Кай заманда да калалы жердиң несийбеси артык деген гәп бар халык арасында. Буны турмыстың өзи де хәр кәдем сайын тастыйыклап барады. Усыған бола жесир ана әри ойланып, бери ойланып, акыбетинде калалы жерде несибемиз бул жердегиден тәўирлеў болар деген нийетте казан-табак, азымшык көрпе-төсегин әкеден мийрас калған кара ешекке теңлеп артады да, өзлери пияда жолдың шаңын буркылдатып алыстағы бес каланың бири Коңыратка көш басын бурып, бир алладан мийирим-шәпәәт, кайыркомлык тилеп жолға рәўана болады. Бәри де бир бул жерде жесир катын, жетим ул-кызларды куўанышлы күтип алатуғын, баўыры кең, кайыр-сакаўатлы адам болмайды.

Керисинше жат жерде, танымайтуғын калада балалары ислеп кетип, табыс табатуғын онтайлы жумыс табылмайды. Алты жанның күнделикли ишип-жеўи, үсти басына кийим тартып бирнәўия жөн кийиниўи керек. Соннан өзи менен бирге балалары да табылған талаптың басында болып, кешкурын казан кайнатар бир нәрсе таўып кайтып жүреди. Сонда да бир тапканы бир тапканына ушласпайды, бурыннан кыр изинен калмаған жарлышылык кайтадан жалғасып, белин кайыстырып албыратады, ал тығыз булттан шығып сәўле шашкан күн сыяклы ашылысып, турмысы токшылыкка карай бурылып бағдар алып кете бермейди. Усылайынша күн көрип атырған күнлердиң биринде еркек киндик... төрт ул ортасындағы «арпа ишинде бир бийдай»—жалғыз кыз Инжигүлди жаңа коныс — Коңыраттағы сабын өндиретуғын адамның баласы Жоллыбайға узатып, колын бир канша узартып, аркасы кеңейген сыяклы болады. Соған карамастан жетиспесинлик пенен жокшылык жетим-жесирлерди искенжедей кысып кысымынан өткереди. Ана және тағы толғаныска түсип, түрли ойдың басына барады.

Акырында, кыз бердим деп куда-кудағайға барынша ийек артып, оларға мусаллат болғанды өзине минәсип көрмейди де, ағайин-туўған, жүдә болмаса балаларының дайысы—өзиниң төркинине жетип, сол жерде ығбалын излегенди гөзлейди. Солай етип, кайтадан кара ешекке артылған көш Коңырат пенен Хожели аймағында бир канша жерлерге түсирилип, бир



талай жерлерди аралайды. Үзликсиз көшиў, посыўдың аркасында ең соңында жетим-жесирлер Хожели каласының арка батыс тәрепиндеги «Кайраңлы» деген жерге жетип, туракл͏ы мәкан табады. Таза коныста да байғус жесир ананың мийнети басынан асып түседи. Бир адамның тапканы аўызын ашып отырған бес жанға жетип жалшымайды. Усы ўакытта жасы жигирма бирге жетип калған үлкен улы Мырзамурат усы карамактағы гирдикарлы хожалык ийеси—Ешимбет каллаптың есигинде хызметшиликке жалланады. Тунғыш баласының хадал мийнет етип тапкан табысы еле колға илинбеген үш инисиниң күн көрисин шамалы жаксылап, тамағының түйирли, жуғымлы бола баслаўына жеткереди. Кудайтала берсе, кудай жарылкаса кырдағы зат каңғалап келип өзинен—өзи колға түссе, ойдағысы да онын изине ерип жумырға басылып жуғымлы болады екен. Ананың өзи көшип келип конысланған журтында сыйласыклы болғаннан соң, тете баласы Жумамурат та анасына кол-кабыс болады. Баска кишкене еки баласы анасы кайсы үйдиң жумысын ислесе, сол үйдиң айналасында ойнап жүреди, халының жеткенинше жәрдем берип ананың мийнетин аз да болса жеңиллетеди.

Жесир ана, жетим балалар турмыстың тайғанак тар сокпакларынан бирде аўып, бирде талып базыбир жеринде белин көтерип алға жылжып өтип отырады, аш-жалаңашлыкта, аўыр мийнетте таңды атырып, күнди батырып өмирин жалғастырып, жигирмаланшы әсирдиң жигирмаланшы жылларының орта гезлеринен отызыншы жылларға жетип келеди. Әкем Мырзамурат Абдуллаев кембағаллык турмыстың, жокшылык, жетиспеўшиликтиң буғаўында жасап нендей кыйыншылыкларға гириптар болмады дейсиз?! Жаңа бой тиклеп, катарға косылып хожалыктың жылаўын колына алып, халык катары көпке араласып киятырған бир мәхәлде жесир анамның көзден калып сокыр болыўы үлкен улы Мырзамураттың 1932-жылы туўылған тунғыш баласы Сәрсенбайдың жүзин көре алмай аклығын баўырына басып зарланып жылағаны, генжетай иниси Төребайдың жүзине котыр жара (шешек) шығып, хожалыктың азарлы машкалаларын бастан кеширип, барлык кыйыншылыклар менен аўырманлыкларға шыдам берип, иши түтин, сырты пүтин халда жасайды. Бурын дара отырып, өзинше күн көрип атырған хожалыкларды бирлестириў-колхоз дүзиў мапазы басланып, аўыл аймакта көз көрип, кулак еситпеген жаңалык жүз береди. Бирдейине кара мийнетте шыныккан, кос айдаған, егин еккен, алты ай жазда тәрбиясын берип, ширели гүзде жемисин жыйнап алғанша тыным таппай кыбырлайтуғын жас жигит Мырзамурат өзлери жасап атырған жерде колхоз дүзилгенде оған ағза болып киреди, билек атын көтереди. Акылы токтаскан, өзин турмыс тезинде таплап, сом полаттай шыныккан жигит колхоз жумысында да аўыр мийнеттен тайсалып кашпайды, кайда аўыр жумыс болса, сол жерде табанда турып карыў салып ислейди, көпшиликтиң арасында тез арада журттың көзине түсип, тилге илинеди. Хожели районының хәзирги «Хәтеп» хожалығының аймағында дара хожалыклар бирикти-

рилип уйымластырылған «Таза қоныс» колхозына «басшыға кимди сайлаймыз»- деген усыныс түскенде жыйналысқа жыйналған адамлар бир ауыздан «Абдуллаев Мырзамуратты» деп жуўап береди. Усы орында Ўатандарлық урыстың майыбы, сол әтирапттың түпкиликли адамы, ҳәзир 80 жасты жасап отырған Аллабай аға Бекмановтың мына берген мағлыўматын итибарға алыў жөн болатуғын шығар: «Умытпасам 1930-жыллары Хожели қаласының әтирапындағы (Сүрим ҳәм Қайраңлы дөгерегиндеги) жасап атырған дара хожалықлық ҳалдағы диййқанларды Шийши ҳәм Қораз ойға көширип апарып колхоз етип дүзе баслады. Дәслепки дүзилген колхозға «Қызыл қаллаш» колхозы деп ат қойып, оған Таман улы Тилеўберген ағаны баслық етип билгиледи. Мениң анам Гүлзийра Оразымбет қызын колхозға женотдел етип қойды. Молла Жуманияз атамызды партия ячейкасының ҳәм колхоздың есап-санақ жумысларының шөлкемлестириўшиси етип белгиледи. Ол гезде баспашылар жаңадан дүзилген колхоздың бийдайын ҳәм өгизлерин талап алып кетип туратуғын еди.Усының себебинен баслық болып турған Тилеўберген аға баспашыларға колхоз мүлкин талан-тараж еткен ҳәм баспашылар менен аўыз жаласқан адам деген айыпта жазаланып, жуўапкершиликке тартылады.Кейин колхозға Досум улы Исмет баслық болып, ол да көп узамай үш айдан кейин босанып қалады. 1932-жылдың бәҳәринде колхозды Бегжаптың бойына көширип әкелип,бул жердеги 40 қа жақын дара хожалықты ҳәм «Шийшиден» әкелинген отызлаған хожалықты бириктирип «Таза қоныс» деген ат пенен жаңадан толысқан колхоз дүзеди. Усы «Таза қоныс» колхозына Мырзамурат аға Абдуллаев басқарма баслығы болып сайланады» **(Автордың дала жазыўлары,2-дәптер,12-бет.).**

Әлбетте, ол ўақыттағы колхозлар бүгинги күндегидей егислик жери кең, мүмкиншилиги мол, қол күши кем, техникасы аз хожалық еди. «Дәслепки шөлкемлестирилген колхозлар майда ҳәм кем қуўатлы хожалықлар болып, кадрлар, техника жетиспесин жағдайда еди». Мәселен, «Қызыл туў» деген колхоз бәри болып 22 хожалықты бирлестирип, 25 гектарға егин екти». **(«Қарақалпақстан АССРы тарийхы», II том, Нөкис, 1977- жыл, 186-бет).** Жаңадан шөлкемлескен колхозларда барлық жумыс қол күши менен атқарылды. Жерди ашыўдан баслап суўғаратуғын ўақыттағы шел тартыў, қос пенен жер айдаў, гейде кетпен менен аўдарып таслаў, отақ шөпти қол менен отаў, қулласы басшының ақылы, уқыбы қара мийнет ислейтуғын адамларды жәмлестирип, ертеңги марданға үйилер дән, бөлисип алатуғын дәраматты молдан жетистириўге талпындырып, умтылдырып жумсаўдан ибарат болды. Бул киши колхоз арадан бир жыл өткеннен кейин яғный 1933 -жылы Хожели районының қубла жағындағы Түркменстан менен шегаралас «Сарай көлге» жақын жерге көширилип, сол жерге мәкан басады. Аңқасы кеўип суў талап етип атырған боз жерге тиришилик тиреги-суў жеткерилгеннен кейин диййқаншылықтан жақсы өним алынады, нәтийжеде берекет дарып, колхозшылардың турмысы, күн көриси жақсыланып, өз мийнетине, өз табысына ырзашылығы артады, 1939-жылға жетип әкемиз



басшылық етип атырған «Таза қоныс» колхозын қоңсылас хожалықлар менен бирлестирип, әкем усы колхозға басқарма баслығы болып белгиленеди. Күш-қуўаты кем киши колхозлар қосылып ирилендирилгеннен кейин егис майданы кеңейип, басшының жумыс көлеми молайып, жуўапкершилиги арта баслайды. Ел басқарыўда адамлардың минез-қулқына, мийнетке ықласына қарай оларды орны-орнына үтырын таўып жумсап, мол тәжирийбе топлап киятырған әкемиз биринши гезекте пахташылыққа күшли дыққат берип, адамлардың күн сайынғы тамағынан өтетуғын дақылларды ектириўди де естен шығармайды, соның менен қатар табысты бөлистиргенде өз көмешине күл тартпастан, ҳәммени тең көрип, өнимди тең бөлистиреди. Жерден алынатуғын зүрәәт, дақыллардан жыйнап алынған өним бирден молшылыққа жеткермесе де, ол басқарған колхоз дәслепки жылларда район көлеминде орта дәрмиян хожалықлардың қатарына қосылады. Ҳәзирги өлшем менен баҳалағанда оғада жоқары көрсеткиш болмаса да, сол жыллардың өзинде хожалықтың тийкарғы бас егинипахтаның ҳәр гектарынан 16-17 центнерден зүрәәт жыйнап алады. Түптийкарында усындай орташа өнимнин өзи колхоз билеклеринин күн көрисиниң бурынғыға қарағанда бир қанша қурғынласып, жоқшылықтан қутылып тыныш турмыста жасаўына бирден-бир гиреў болады.

30—жыллардың ақыры , 40—жыллардың басына келип колхоздың жер шәраятының қолайсызлығы менен жағдайсызлығынан (егиске қолайлы жерлердиң азлығы, көп жерлердин кебир ашып егиске жарамсызланыўы) ҳәм колхоздың егислик жерлерин суў менен тәмийинлейтуғын «Кенегес» каналының көп жылларға шекем қазылмай қалып, қазылыўға имканият табылмай уйық теўип, суўды өткериў уқыбы оғада төменлеўи, усының ақыбетинде суўдың там-тарыслығы себебинен колхоз хожалығының экономикалық жағдайы арадан жыл өткен сайын төменлей баслайды. Егистиң әйне қызған мәҳәлинде каналдан жартыўлы суў келип жетпегенликтен, егис мапазын табыслы және сапалы өткере алмайды, егинге күни қараған хожалық ағзаларының турмысы да ақыбетинде төменлеп дағдарысқа ушырайды. Нәтийжеде хожалықтың бас егини-ғаўашаның егис майданы кескин қысқарып, суўсызлықтан шүренейи шығып, жетилиспеген пахтадан гектар басына алынатуғын зүрәәт төрт-бес центнерден аспайды. Усындай қолайсыз жағдайлардың ақыбетинде колхоз соңғы жыллары Хожели районы менен Республика көлеминде дақылдан алынатуғын өними бойынша арттағы орынды ийелеп, төмен хожалықлардың қатарына түсип қалады. Адамлардың турмыс жағдайы да аўырласа баслайды. Бул жағдайларды ақыл тәрезисине тартып, ой елегинен бирме-бир өткерген әкемиз халықтың тәғдийрин ойлап, колхоз хожалығын егинге, адамларға қолайсыз, тиришиликке жарамсыз жерден көширип таза қонысқа мәкан басыў мәселесин район, солар арқалы республика басшылары алдына мәселе етип қояды. Ол бул мақсетине жетисти.

## КЕЛЕШЕГИҢ ЖУРТҚА АЯН, ШОМАНАЙ!

Бул дәўирде «Сүўенли» каналының курылысы басланып, ғалаба халықлық курылыс деп дағазаланды. Каналды қазып питкериў үш басқыштан ибарат болды. Дәслеп каналдың жобасы исленди, жумсалатуғын қәрежет муғдары есапланып шығылды, 1939-жылы «Сүўенли жап» каналының биринши гезегине сегиз мыңнан аслам адам қатнастырылып, узынлығы он төрт километрлик аралық қырық бес жумыс күнинде қазып питкерилди. 1939-жылы октябрь айында Хожели қаласында канал қурылысының бас штабы дүзилип, оған Қарақалпақстан АССРы халық Комиссарлар Кеңесиниң баслығы Хожабай Нийетуллаев, Республика Жоқарғы Кеңеси Президиумының баслығы Бекимбет Бекназаровлар басшылық етти. Каналдың екинши гезегиниң қурылысы 1940- жылы бәхәр айында даўам еттирилди. Оған қырық бес мың белдар қатнастырылып, ҳаўа райының аўырлығы хәм қыйыншылыққа қарамастан, қысқа мүддетте-отыз күнде тамамланды. Солай етип, Республика ҳүкимети «Сүўенли» каналының қурылысына ямаса қазып питкерилиўине төрт ярым миллион манат қаржы жумсап, мийнет алдыңғыларын затлай сыйлықлап, руўхый жақтан хошаметлеп барды. Пүткил Республика халқы үлкен көтеринкилик және мийнет жаўланын хәўиж алдырып, канал қурылысын 1940 -жыл 3-апрельде пайдаланыўға тапсырыў нәтийжесинде келешекте жүз мыңлаған гектар көлеминдеги жер шөлистанлық сахрадан өзлестирилип, ерни тобарсып суў күтип атырған даланлыққа халық қоныс басып, гүлленген мәканға айланып, халқымыздың турмыс жағдайының барған сайын жақсыланыўына кең мүмкиншилик жаратты.

Алысты гөзлеген, халықтың ғамын ойлаған ел басшылары хәр қыйлы себеплер менен қыйыншылыққа дуўшар болған сол гездеги Хожели, Қоңырат, Тамды районларының бирқанша колхозларын Шоманайдың шаңғытып атырған партаў, боз жерине қонысландырып, пышық мурны батпайтуғын дүт тоғай ишинен жер ашып, егисликке айналдырыў мақсетинде көширип әкелиў жумысын жедел баслап жибереди. Урыс жылларындағы аўыр аўҳал, қыйыншылыққа қарамастан, сол ўақыттағы ел ағасы, ел басшысы Пиржан Сейтов бул жумысты өз қолына алып, өзи бас болып дәслеп Хожели, Тамды районларының қарамағындағы бир қанша колхозларды, соңынан Қоңырат районындағы «Рәўшан» каналы бойындағы колхоз хожалықларын Шоманай шөлине қарай көширип әкелиўге кириседи. Өйткени, Қоңырат районындағы бул колхозлардың жерин суў тасқыны басып кетип,ел-журт бүлгиншиликке ушыраған еди.

Шоманай! Шоманай! Шығыс жағында аты әййемнен мәлим Қарабайлы, қубласы «Моншақлы», батысы Үстирт таўы, арқасы «Өлидәрья»нын ортасындағы кең ойпатлық едиң бурында. Ал, бүгинги күни басына бахыт қонған, елли жыллық торқалы тойы тойланған, еркин, бахытлы заманның татлы жемисин татып, жигирмаланшы әсирден жигирма биринши әсирге



қутлы қәдем таслаған қутлы мәкан, ығбалы алға өрлеген татыў-туўысқан халықлардың тыныш турмысына сүйиспеншилик пенен үлкен ырзашылықта, үлкен қанаатланыўшылықта көз тигип, қуўаныштан көкирегиң тасқынлап, өркенлеп атырған әдиўли елсең. «Мамый» даласында дүбелей хожайынлық етип, жыңғыллы тоғайында аң-қуслар сайран салған қушағында бүгин ғәрезсизлик сазы жаңлайды, еркинликтиң самалы желпип еседи, аўыл менен қаланда, көп шалғынлы жайлаўында, пахта атызларында мийнет жәўланы өрис алып, халқың келешекке зор үмит пенен көз тигип, бахытқа кенелип жасап атырғаны бир перзентиң, бир азаматың ретинде маған уллы мақтаныш, бийик мәртебе! Бәринен бурын Шоманай даласына, Шоманай шөлине биринишилерден болып елди көширип әкелип, тоғай астынан жер ашып, егисликке айналдырып, бурын жер төледе отырса да қыйыншылыққа мойынсынбастан халықты өзиниң парасатлы, ақыл ойы, тынық зейини, искерлиги-ең ағласы-шөлкемлестириўшилик уқыбы менен усындай бахытлы күнлерге жеткериўге үлес қосып, мийнетине жараса хүрмет-иззетке тирисинде де, өлисинде де бөленип атырған әкемниң болыўын мен неге күшли ҳаўазда айтып, жүрегим мақтанышқа толып журтқа жеткермес екенмен. Бул мениң перзентлик парызым, бул мениң әке алдындағы әдиўли және азаматлық қарызым!

Усы жерде Мийнет қаҳарманы Қ. Камаловтың еске түсириўлеринен дәўир шынлығын излеп көргенди мақул көрдим:

«Солай етип, Мырзамурат аға, Бердимурат аға, Әширбай аға, Тәжимурат аға сыяқлы елдиң уйытқысы болған жасы үлкенлерди Шоманайға көширип, таза боз жерлерге орналастырып, қыйын-қыстаў жыллар болыўына қарамастан, халықтың турмысын жақсылаў ушын Пиржан аға өзи басшылық етип, келешекте район болатуғын жағдайды алдын ала болжап, көп хожалықларды көширип апарып үлкен исти шөлкемлестирди. 1941-1943-урыс жыллары усы көшип келген еллер боз жерлерде қәлегенинше дийқаншылық етип, қурғын жасады. Олар жер төлелерде жасап қыйыншылық көрсе де жеўге наны мол болды. Шоманай район болып шөлкемлестирилгенде жоқарыда аты аталған төрт ақсақал Шоманайдың тиреўи хәм уйытқысы болды. Олар басқарған еллер қурғын хожалық болып, көп пахта зүрәәтин жетистирди. Урыс жылларында ел көшириў, таза қоныс бастырыў, таза канал қазыў бул аңсат ис емес, оны дәўжүрек, халқының ғамын ойлаған адамлар ғана ислей алады. **«(Қәллибек Камалов «Ел хызметинде», (Еске түсириўлер) Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1995-жыл, 41-43-бетлер).**

Шоманай елатының халқының қайсы гезде, кимлердиң басшылығында, кимлердиң ақыллылық пенен халық тәғдирин, жағдайын ойлап, узақты гөзлеп дәўжүреклилик ҳәрекети, халықтың аўыр машақатлы урыс жылларында Шоманайға көшип келип, көп қыйыншылыққа ушырасқанын, дәслепки гезлерде жер төледе қонысласқанын ҳақыйқат сыпатлайтуғын буннан артық тарийхый дәреклер болмайды. Себеби, хәзирги ўақытта

9024
MA'LIMLEME
RESURS
ORAYI



236645
RESPUBLIKALIQ
BALALAR
KITAPXANASI

Шоманай районының аймағында жасаўшы адамлардың көпшилиги бул тарийхый қонысланыўдың басшысы хәм баслы себепшиси хызметин атқарып, ертеңге қалдырыўға болмайтуғын барлық қыйын-қыстаў жумыслардың басында турып үлкен шөлкемлестириўшилик жумысларды атқарған адам Пиржан аға Сейтов екенлигин биле бермейди.

Халқымыздың тарийхын көз алдымызға бирме-бир келтирип еске алсақ тап жигирмаланшы жыллардың бас гезинен сексенинши жыллардың орталарына шекем елим-журтым, халқым деп жан ийнине от түсирип, ушырасқан хәр қандай қыйыншылық пенен тосқынлықты мәртлерше женип, Қарақалпақ елатын, оның мийнеткеш, баўырман халқын сағал аяқтан жаңа дүнья сахнасына алып шығып, дүньяға танытыўда белсенди хызмет атқарған елимиздиң белгили төрт тулғасының бири Пиржан аға Сейтов болғанын хеш ким де бийкарлай алмайды. Төрт тулға дегенде журтымыз өз алдына отаў тигип, белгили аймағына ийе болған дәўирде, халықтың тәғдири ушын бел буўып, жең түрип, халықлық хызмет атқарып, аты тарийхтан жоғалып өшип кетиўге барып қалған халқының халықлық атын сақлап қалып, даңқын жайған, көркемлеп айтқанда халқының жүрегинде жемиси татлы, қойыў саяманлы дарақ, уллы байтерек киби өшпестен сақланып киятырған **Аллаяр ата Досназаровты, Пиржан аға Сейтовты, Наўрыз аға Жапақовты, Қәллибек аға Камаловты** дыққатқа алып айтып атырман.

Пиржан аға Сейтов өз мәхәлинде туўған әкемниң исенимли ғамқоршысы хәм панагөйи болды. Ол хәмме ўақыт әкеме жақыннан жәрдем көрсетип, абырай даңқының артыўына себепши болды. Мен туўған әкемниң усындай үлкен тулға, үлкен ақсақаллар менен қатар зәңгилес болып, елихалқы ушын хызмет атқарып, изинде үлкен үлгили жол таслап кетип, әўладларына өшпес мийрас қалдырғанына оғада ырзаман, мақтанаман.

## «ЕРДИҢ АТЫН ЕЛ, ЕЛДИҢ АТЫН ЖЕР ШЫҒАРАДЫ»

Адамлардың Шоманай шөлине көшип келгеннен кейинги турмыс жағдайы маған бир қанша аян.Өйткени мен қызықлы балалық гезимди усы мәканда өткердим. Жигерли жаслығымның жарасықлы және қуўанышлы, умытылмайтуғын пайытын өз қушағында өткерген аяўлы ата мәканым, ойнап өскен алтын топырағым, жасыл дөнген жерим-Шоманай дегенде көз алдыма алды бурын қырық-елли жыл шамасында денесине суў тиймей бозығып, тынығып жатырған, хасыл топырақлы, партаў жерлер, шар тәрепке қол жайып салтанат қурып өсип турған қартаң және жас торañғыллар, тикенекли жигилдик пенен қоңыраўлы шеңгеллер,пышық мурны батпайтуғын қалың көк шалғын-қамыслық, сөги бүрилген түп-түп жантақ көз алдымда елеслейди, оғада гөззал, оғада шырайлы жанлы сүўрет сыяқлы жайнап, дөнип турады. Япырмай бала, сол ўақыттағы бизлер сыяқлы жас балаларға бул жердиң тәбияты айрықша сулыў, сыйқырлы сырға толы әлем болғаны менен үлкенлерге аңсат болмады. Бириншиден дүт тоғай



ишинен қоныс басатуғын жарамлы, қолайлы орын табыў керек, екиншиден артынып-тартынып көшип келген жолда шаршаған адамларды суўыққа тоңдырмастан, аязға қалдырмастан баспаналы етиў керек, қалаберсе тамағын аш қалдырсада болмайды. Қаншама жумыс, қандай азамат болса да ийнинен асып, белди майыстырар салмақ... Мен жас бала гезимде өз көзим менен көрип, денем менен сезиндим, барлық тиришилик турмыстың кишкене қатнасыўшысы болдым.

«Адам қолы гүл» деп айтылады. Бунын мәниси адамның қолы оның мийнети қуўрап-қақсап атырған шөл-далаға суў апарып, соңғылықта бул жерлерди гүл жайнатады, егислик жерге айналдырып, тиришилик пайда етеди. Қалың тоғайын қасқыр және басқа жабайы аңлар гезип, шаңғытып атырған шөлинде қаңбақ домалап, қуйыны аспанға көтерилетуғын, көп жыллар даўамында адам изи түспеген жым-жырт аймаққа адамлар келип жаңа өмир, жаңа тиришилик басланды. Қалыңына кирсең төбеңнен күн түсирмейтуғын тоғайлықты қақ жарып, турпаты қара үйдиң қарамындай жайылып жатырған ерманы жыңғыл, сыйдам қызыл жыңғыл, теңге жапырақлы торañғылдың шақаларын шаўып, шеңгел, билектей қатты қамыс, ақбас, сора, жантағын өртеп, томарын қопарып жер ашыла басланды. Базыда өрт берген жыңғыл томарлары бир неше күнлеп пысқып, жанып жататуғын еди. Көкте жулдыз жымынлап сәўлесин жайса, жерде хәр жерде пысқып жанып атырған оттың ушқыны-нәзик қызыл сәўлеси мақпал киби қараңғылықта көринип-көринип кетип, бул үлкен майданлықтың турмысында өзгерис болып атырғанлығының жаршысы сыяқлы туйылатуғын еди. Тазадан ашылған жердиң топырағын айтпайсаң ба? Алтындай сары және майлы. Тек суўға қандырып тұқым шаш та, изинен нәлиниң тегис көгерип шығып көз қуўантыўын күте бер! Бирақ қойнындағы алтын топырағына тұқым себилсе өрре туратуғын егинниң гилти—қунарлығын жасырып атырған боз жердиң шөлин қандырып, егиске жарамлы етпек жеңил болмады. Суў ашқан жердиң бир жерлеринен окпан табылып, бир атыздың бир неше күнлеп суў тартып турғанын айтпайсаң ба?!.

Әлбетте, тоғай астынан жер ашып, қурдымдай суўды симирип, дәслебинде дийқанның писин қуртқан окпан менен табанлы гүрес жүргизип, ақырында женип, қазандай қайнаған мийнет ислеген қахарман, мәрт адамлардың хызмети желге ушып босқа кетпеди. Айдын-айдын пахта атызлары, сулыў сәнли пунктлер, аўыллар, мектеп жайлары, мәдений ошақлар пайда болды. Келген жылы жер төле қазып алып, сонда қыслап шықса, екинши жылдан баслап турақ жай қурылысы басланды.

Мәхәлинде Шоманай «Тұқымын тапта жерине бар, көгермесе маған кел» деген сыяқлы мийнеткеш дийқанлар елаты болды. Шоманайдың ақмамық жумсақ пахтасын, аппақ гүришти майлы палаўға дөндиретуғын майлы өсимлик кендир, зығыр, гүнжисин, майсөги палўанлар менен арғымақ жуйрик аттың дәрманы болған, масағы болық, толық тарысын, ата-бабаларымыздың бас дийқаншылығы есапланған ақжүўерисин, гөштиң

қунарын беретуғын мәши менен лобиясын, алтын масақлы, дүрли шашақлы, гүзлик және жазлық бийдайын, сарыалтын атағын көтерген қырмызы салысын, палызда теңкейген қаўын-ғарбыз бенен палаўқабақ, асқабағының өзи елдиң еңсесин көтерип, жұрттың жетиспесинлик пенен жоқшылықтан қутылып ашлықты умытыўына, қарын тойдырып, қурғын хожалыққа айналып күн кеширип, мәдениятқа ерисиўине бирден бир себепши тийкар болды ғой, жарықлық! Әлбетте булардың барлығын аш турмыстан тоқ турмысқа аўысыў гезеңин, усы бир жақсылыққа қарай жетелеген бурылыс жылларын қыйын өткелди шоманайлылар умытпайды... Журналист Шарап Уснатдиновтың «Негизинде, бизиң мәденийлестирилген миллий дарағымыз ақ терек пенен қара тал ғой.. Сол екеўи жоқ жерде «мынаў қарақалпақтың аўылы», деп айтыўға да тилиң бармайды»,-дегендей, жап-салма бойлары, тартылған қарық жағаларындағы ырғалған қараталлар менен жемиси сырғыған миййе ағашларын, бойын тикке созып алыстан «Елатыма хош келипсиз, сапа келипсиз» деп мириўбетли мирәт салып туратуғын, әтирапына сулыў сән берген, қушақ жетпес және уша басына қарағанда басыңнан телпегиң түсип кететуғын көк сүйер, қуяш қумар ақ тереклерди қайсы шоманайлы умытты дейсиз?! Сол бир қыйын жыллары-урыс жылларында тигилген ақ тереклер алпысыншы жыллардың бас гезинде пәраўан жетисип, Шоманайдың маңлайындағы жарық жулдызы мақтанышы, султаны болды. Ақ тереклер бул елаттың атын талай жерге жайып мақтанышын мақтанышқа уластырды. Арғы басы Хийўа, Төрткүл, Елликкала, Беруний, Әмиўдәрья, Нөкис, Хожели елатларының сулыў-сәнли, көп қабатлы, кең бөлмели имаратларында елеге шекем· хеш қандай мүдирместен, бели қайыспастан бир қәлипте турып, халық ийгилигине жумсалғанын ким бийкарлайды, ким инкар етеди.

40, 50-жылға шекем Шоманайдың баўырына суў тиймей бурқылдап жатырған қып-қызыл саз топырақлы жери үстине көшип келген нийети дүзиў, көкиреги ҳақ мийнеткешлердиң ықласына бола әрўанадай ийип теңселискен, пахтазарлыққа, ырғалысқан егинликке айналып, халықтың телеги дәнге толып, руўхы көтерилип, усындай үлкен табыс пенен жетискенликтиң арқасында даңқы пүткил республика көлемине жайылды. Кендирине бала өрмелейди екен,—дегенди қулағы шалып, дабырасы жән-жаққа жайылған қутлы мәканға дәрьяның оң ҳәм сол тәрепиндеги барлық районлардан, қоңсылас Түркменстан Республикасынан халық жалпыламай көшип келе баслады. «Ел үстине ел келсе, булда елдиң дәўлети» дегениндей, ҳә демей-ақ, Шоманай аймағы толысқан, саўлатлы, жарасықлы елатлылық-қа айланып көзге түсти. Туўысынан жердиң тилин билип өскен дийқан халық жерди өзлестирип, тухым шашып, егин егиўден, тәрбиялаўдан, зүрәә-тин сепситпей жыйнап алыўдан тынбады, ўақыт пенен санаспастан, күн демей, түн демей талаптың изинде болды. Сол ўақыттың турмыслық талабы да усындай пидайылықты, шын жүректен мийнет ислеп, белгили нәтийжеге ерисиўди талап ететуғын еди. Ақыры, ҳәр бир мийнеткеш адам өзиниң



пахташылықтағы, шарўашылықтағы және басқа тараўдағы ерискен табысын, атқарған жумысының жуўмағын душпанға берилген соққы деп билди, усындай арзыў әрманда, жақсы тилекте жасады. Урыс жылларында белгиленген жобаны орынламаў, үзилиске түсириў, соның менен қатар ҳүкимет алдындағы миннетлемени орынламаў душпанға жәрдемлесип, өзинди жығып бериў деп жасады... Барлық нәрсе душпанды қыйратып жеңиске ерисиўге қаратылды. Душпанның тыныш елимизге урыларша бастырып кирген дәслепки жылларында, болмаса 1941-жылдың 26-октябри күни Қарақалпақстан Автономиялы Республикасы Ўатанға 90 мың 300 тонна пахта тапсырып, жыллық жобаны мүддетинен бурын орынлады. Бул үлкен табыста мениң әкем басшылық еткен колхоздың да салмақлы үлеси болғаны қандай мақтаныш!. Мен булардың барлығын еле еслеп, елеге дейин ядымда сақлап қыятырман. Ол ўақытта мен еле мектепте оқып жүрген бала едим.

Шоманай жериниң суўға интизар боз, партаў жерин суў менен тәмийинлейтуғын Сүўенли жап, Шоманай каналының, соның менен қатар ишки жап-салмалардың тоң жармадағы қапыдай-қапыдай қалың тоңын ийинине салып көтерип, сыртқа шығарып таслап, баланың еңбегиндей солқылдаған ылай батпағын белшесинен кешип, нышлы белди нық урып қазыўын қазып мийнетин ислеген де усы халық!. Алты ай жазда күнниң шыжғырған дем бермейтуғын ыссысында, басқаларға ийек артып көмек алмастан ғаўашаның қатар арасын кетпенлеп жумсартып, жабайы шөптен тазартып, суўын да, азығын да улыўма тәрбиясын бабында, ўақтында берген де усы халық!. Ала бәҳәрден гүзде мыйық тартып ашылып, шигити сарғайып пискенде терилген пахтаны тап-тақыр тегис қырманға жайып арасын жуқартып кептирип, қатар-қатар қанарларға толтырып ешек түйеге артып я арбаға тийеп пахта таярлаў пунктине жеткерип, бийик майданшаға қайтадан төгип, үйип қайтқан да усы халық!. Табан ети, маңлай тери, жумыры билегиниң қарыўы менен ақ алтыннан қырман үйген, шөл даланы гүллентткен, бағ жаратқан, мектеп салып, клубларды тикейткен, зәбердес халықты изине ертип, халқының мәпи менен жасап, ар-намысына шерик болып бел буўып, жең түринип, ҳадал хызмет ислеген, Шоманай шөлинде жаңа қоныстың иргесин қалаған, Шоманайдың алтын босағасын туңғыш ашқан әдиўли аталарымыз менен ардақлы ағаларымыздың қатарында жаслайынан мийнет қазанында шыныққан, соңғылықта ел басшысы, ел уйытқысы, елдиң көрер көзи, сүйенер таўына айналып, изинде атақ-абырай даңқ қалдырған мениң әкем де болғанын Шоманайдың тарийхы сайрап, сөйлеп береди. Сондай ата-ағалардан Әширбай Өтеўлиев, Тәжимурат Өтебаев, Тәжимурат Бекниязов, Демеген Хожалепесов, Әмет Өтемуратов, Елмурат Мәўленов, Абылла Шамамбетов, Үсенбай Үмбетов, Генжебай Алланазаров, Бердимурат Әўезов, Бермағамбет Аманжолов, Муртаза Сәрсенбаев, Нуржан Жантуров, Атанияз Сәрсенов, Ибрайым Өтеўлиев, Әўез Қулмуратов, Қәлендер Мәмбетияров, Нуржаў Рахов, Баймурат Қалжанов, Еримбет Шалабаев, Темирхан Хожамуратов, Елбай Абдуллаев, Қудайназар Қанназаров,

Шәрибай Амангелдиев, Алламжар Қошқаров, Орынбасар Көккозов, Жаңабай Реймовлардың заманының шын пидайысы, халқының сүйикли перзенти болып халқының көзине түсип, тилине илингени солардың арасында туўған әкемниң болып, жаманлықтан аты шықпай, бирдейине жақсы тәрепинен аты аталып, хүрмет-иззетке бөленип арадан жыл өткен сайын қәдир-қымбатының артып, қаршыға келбети менен жарқын дийдарының нурланыўы баласы мениң ушында бийик мәртебе деп билемен. Қудай топырақтан ийлеп жаратқан денеңиз топыраққа араласып қәбирде жатырса, пәк хүждан, ҳақыйқат, инсаныйлық нышанда атқарған хызметиңиз, жақсы тилек ойларыңыз, жарасықлы бой сыпатларыңыз, үлгили әжайып ислериңиз халқымыздың жүрегинде мәңгиге қалып, атларыңыз мәңги есте сақланып қала береди, ел азаматлары, ел баҳадырлары!

## ТАЗА ҚОНЫСТЫҢ ТАБЫСЛАРЫ

Таза қоныстағы қыйыншылық дәслепки жыллары аз болған жоқ. Суўсызлықтың салдарынан шаңы аспанға көтерилип, жийи-жийи болып туратуғын дүбелей-даўылларды өзи де қыйыншылық пенен машақаттың жаршысы сыяқлы тәбияттың долы қылўасын еске салып ескертип туратуғын еди. Сол жаздың күнлеринде күнниң тынық пайытында күтпеген де бирден көтерилген дүбелей, аспан астын қаплап киятырған даўыл айырым хожалықлардың еплемей, ықтырма бола турсын деп келген ләтте салып қойған қора-қопсыларын, тозыўы жеткен үй-дәскелерин қулатып, жеңил-желписин бир талай жерге өзине қосып әкетип ылақтырып таслап турды. Сол ўақытта балалық қыял менен және балалыққа басып дүбелей турғанда, шөп-шарды, қағаз-жуллықларын диң аспанға алып ушып желпилдеп жүргенде қорыққанымыздан ба, ямаса қызыққанымыздан ба, әйтеўир сол гездеги ырым бойынша «Таздың үйине бар, таздың үйине!» деп бақырысып, шапқыласып жүретуғын едик. Жас жүрегимизден шығып атырған бул сөздиң мәниси жақсылыққа жақын болса да, бул бақырғанымыздың мәнисине, сол сөзлерди неге айтып атырғанымызға толық итибар берип жарытпайтуғын едик.

Әсиресе, таза қоныс-Шоманайға көшип келип ирге басқан жыллары гүз айларының ақыры, қыстың қыраўлы суўық күнлеринде жап-салмалардағы суўдың тартылып, сарқылып қалыўынан, суў толтырып алған хаўыздағы суўдың да таўсылып қалған ўақытларында аўыз суўды онбес-жигирма шақырым жердеги қонсылас Түркменстан Республикасының қарамағындағы отырықшы шопанлардың қудығынан түн ишинде атлы, ешекли, ат, түйе арбада тасып алдық. Бул жумысқа өзим де қатнасқанлықтан бир жағы қыйын, екиншиден тамаша күнлерди умытқан жоқпан!.

Көшип келген жыллары бәлент қум төбешиктиң басынан төле қазып, қыр дөгерегинен бир пахса дийўал көтерип қоршап, табылған ағаш, жыңғыл, шеңгел, сабан, қамыс пенен төбесин бастырып жасадық. Табан тийип, изимиз түскен бойдан бул жерде қабырғасы ылайдан жай тиклеп, иши-сыртын



сыбап, нағыз баспана етип түтин түтетпеге ўақыт та тарлық етти, күш-қудирет те жетпеди. Және тағы усы жыллардың мына бир қыйыншылығын да айтып өтким келеди. Шоманайдың халқы Хожели қаласы менен жақын қарым-қатнаста. Базар-ошарлық жумыс усы жақтан питеди, қалай болғанда да тиришилик еткен адамның базарсыз күни жоқ, бир затты сатып кийим-кеншек алып үсти-басын пүтинлейди, оннан бөтен үй руўзыгершилигине керек нәрселер қаншама!. Хожелиге барып қайтыўдың қыйыншылығы айтар аўызға аңсат, ал сол ўақытта буны басынан өткерген адамлардың жүрегине түсип, белин қайыстырғаны ҳақыйқатлық. Жол жаман, көлик дөңгелегиниң алдында қум, топырақ суўдай ағып жүреди. Жаяўдан-жаяў қайтыўға неше күн кетеди. Жолаўшы тасыйтуғын машина жоқ. Қалаға бармақшы болған адамлар, жолаўшылар Шоманайдан Хожели пахта заводына қанарлы пахта тасыйтуғын жүк машиналарының үстинде ғарғадай қонақлап алып, көзи ашшы шаңға толып, үш-төрт саатта өлдим-азарда, қырғын-қыйыншылықта Хожелиге жетип барады. Қайтарсында аўҳалына маймыл жылайтуғын сол аўҳал.

Және бир қатнас жолы—суў жолы да болды. Шоманай каналынан колхозымызға суў апаратуғын «Ақ жап» арнасы арқалы өрге қатнайтуғын кемеге минип, Әбдираман «дарғашы» деген адамның басқарыўындағы кемеде «Сүўенли жап» каналы менен Хожелиге талай сапар барғанман. «Жол азабы-гөр азабы» деп айтылады. Расында да солай, кемели ҳарлап ағып атырған суўдың өрине қарай жолға шыққанда үш-төрт қарыўлы жигит биригип салдаў тартады, ал тегислеў жеринде салдаўды көликке тарттырады. Қулласы, бирese адамлар салдаў тартса, арасында көликке салдаў тарттырып Хожелиге бир ярым-еки суткада көп қыйыншылық пенен жетип жүрдик. Бирақ қандай қыйыншылық, қандай азап-ақырет болмасын полаттан беккем ерк, сексеўил сыяқлы шыдамлылық және беккемлик пенен жеңиўге туўра келди. Өйткени адамның жаратылысында төзимлиликтиң тасы хәр қашан аўыр, басым келмеги дәркар. Бәрибир, жаңа қоныста жаңа өмир баслаған адамлар, шоманайлылар өмириндеги дус болған хәр қандай қыйыншылықты мәртлик пенен жеңип, келешегине, ертеңги күнине бийик үмит пенен қарады, атар таңнан жақсы күн күтти, солай етип, ақырында өзлериниң ийгиликли нийетине жетти. «Хәр қандай күнниң соңында нурлы қуяш бар, шыдамлылық соңында заўық-қуўаныш бар»,—деп Әзербайжан халқының шайыры Низамий айтқанындай нурлы қуяшлы, жарық сәўлели, салтанатлы күнлерге жеттик, заўық-қуўанышқа бөлендик, усылай етип шоманайлылар өзлериниң тәғдирине жарасатуғын, өмир сүйгишлигиниң тымсалы болатуғын тарийх жаратты. Жақын жылларда өзиниң елиў жыллық торқалы тойын тойлаған Шоманай районының тарийхында, оның мәрт азаматлары да, мийнет алдыңғылары да, нураний әдиўли ақ сақаллары да әўладлары өрнек алатуғын әжайып мийнет сүйиўшилик, елге пидайылықтың үлгисин көрсеткенин жырлаў, тарийхын хатқа түсирип, кейинги әўладқа қалдырыўь үлкен әўладтың тиккелей

миннети, жуўапкерли ўазыйпасы есапланады. Шоманай районының дүзилгенине 50 жыл толыўына арнап район ҳәкими Сағыйдулла Саймановтың жазған «Жаңа әсирге-жаңа қәдемлер» китабында Шоманайдың өткендеги тарийхы, бүгинги күни,келешеги, Шоманайды Шоманай еткен ардақлы азаматлар ҳаққында шын кеўилден үлкен лапыз бенен айтылып, олардың барлығы да мақтаныш етиледи. Мен бул жерде сол китапта айтылған және жазылған сап алтынға тең, жүрекке жағымлы, ойға қонымлы Сағыйдулла Саймановтың «...мен өз аўылым, район аймағының пуқаралары менен күнделикли ушырасыўларымда, белсендилер менен болатуғын басқоспа жыйналысларда, ҳәтте,той-жыйын қуўанышларында да оларға ғәрезсизлик леби пәт алып турған ҳәзиргидей дәўирдиң базар қатнасықлары қыйыншылықларынан қыйналмай, қысылмай жаңа әсирге исенимли қәдемлер атлаўы ушын: «Қәдирдан аўылласларым, жаңа әсирге Сизлердиң алдыңызда заманның дүркин-дүркин даўыллары тур, тәғдирдиң күтилмейтуғын жаўынлары тур! Мине усындай қыйыншылық дус болған ўақытлары-турмыс тәрепинен алға қойылатуғын қандай тосқынлықлар болса да, оның жуўабы Сизлердиң аўызбиршиликли мийнетиңизде, барлық рәҳәтти мийнеттен табасызлар»—деп әййемги Үстиртти гүңиреткенше бар ҳаўазым менен айтқым келеди». **(Сағыйдулла Сайманов «Жаңа әсирге-жаңа қәдемлер», «Қарақалпақстан» баспасы, 2000-жыл 7-бет,)** деген пикирин көрсетпекшимен. 1998-жылдың гүзинде Шоманай районына ҳәким болып келген Сағыйдулла Сайманов район халқының турмысына, мәдений жағдайына өзгерис ендиретуғын елеўли жумысларды ислеп көзге көрине баслады. Ол **биринщиден** «Санитариялық мәдениятсыз, улыўма мәденияттың өзи жоқ» (Семашко),—дегенге тән берип, жумысты дәслеп тазалықтан баслады. Қаланы патас, бийсәўбет жатырған шығындылардан тазалаўды ҳәмминиң ўазыйпалы иси деп, бул иске бәршени қатнастырып, көп узамай еки-үш айдың ишинде жасап турған ортамызды санитариялық жақтан тазалатыўға еристирди. Ҳақыйқатында да, бурын биз бул исти тек комхоз хызметкерлериниң ислейтуғын иси деп, хожалығымыздағы патас шығынды затларды көшеге қалай болса солай таслай беретуғын едик. Бул турпайылылық ҳәрекетимизге тыйым салынатуғын болды. Және де қаладағы барлық мәкеме, оқыў орынларының, балалар бақшаларының, дүкан, асхана, дәрихана, емлеўхана, поликлиника ҳәм халыққа турмыслық хызмет көрсетиў орынларының иморатлары көзге ысық көринетуғын ҳәр қыйлы рең де боялды ҳәм ҳәклеў жумыслары қолға алынды. Орайлық көшелердеги түрли мазмундағы жазылған шақырықлар, экспонатларды талапқа ылайық қайта жазыў жумыслары жөнге түсти. **Екиншиден,** халықтың ең бир зәрүрли, көпшилик жыйналатуғын орны болған «Дийқан базары» қолға алынып, асфальтланып, көп орынларға бийик темирден исленген шертеклер дүзетилип, саўда-сатық жумысының мәденияты бирқанша жолға қойылғанын айтыўымыз керек. **Үшиншиден**, район халқының көптен күткен сағынышлы үмитинен есапланған телеминараның бой тиклеўи



де итибарға ылайықлы ислерден есапланады. **Төртиншиден**, Ғәрезсизлик байрамының 9 жыллығы мүнәсибети менен район халқына және бир қуўаныш әкелген жағдай кәсип-өнер колледжиниң ески корпусы реконструкцияланып, жаңадан 110 орынлық оқыў корпусы менен 103 орынлық жатақхана корпусының жаңадан салынып пайдаланыўға берилиўи болды. **Бесиншиден**, Шоманай районының ҳәкими Сағыйдулла Сайманов район турмысы менен жетик танысып, халық пенен өзиниң арасында тығыз татыўлық байланысты орнатып, дәслепки ўақытлары ушырасқан ҳәр қандай қыйыншылықларды мәрт-мәрданалық пенен жеңип, өзин жеделли, искер басшы, зәбердес сыпатында танытқанының айқын бир сыпаты болып, оның 2000-жылы Шоманай районының дүзилгенине 50 жыл толыўына байланыслы салтанатлы той кешесин республикалық көлемде қонақ шақырып кеўилли умытылмас ўақыя етип өткерилиўи болды. Усы мүнәсибет пенен Шоманай районының ҳәкиминиң жазған «**Жаңа әсирге—жаңа қәдемлер**» атлы китабы Шоманай районының тарийхында умытылмас естелик болып қалды. Бунда Шоманай шөлин өзлестирип, шөлистанды шегиндирип, тоғай төсинен жер ашып, бағы-бостанға, баў-бақшаға айландырып, арадан кетсе де иси үлги азаматлардың жолын жалғастырып, Шоманай халқын жарқын келешекке қарай қутлы қәдем таслатып атыр. **Алтыншыдан**, район ҳәкиминиң тиккелей басшылығында жан күйдирип, бар имкәният пенен мүмкиншиликлерден пухталық пенен пайдаланып ислеўиниң арқасында район орайынан төрт орыннан шойын дәрўазалы сулыў сәнли, спорт комплекси менен денсаўлық орайының бой тиклеп пайдаланыўға берилиўи—район халқының мәдений турмысында есте қаларлық ўақыя болып қалды.

**Жетиншиден**, соңғы жыллардағы суўсызлық, суўдың тамтарыслығы бизиң районымыздың ғана емес, пүткил республика халқының турмысына көп қыйыншылық алып келди. Нәтийжеде билеги күшке толған жасларымыз жумыссыз қарап қалды. Олар ақылы менен қарыўын қай жерге жумсарын билмеди. Бул мәселе район басшысының жанына батып, оны көп ойға талдырды. Мәселени жөнге салып, жасларды жумыс пенен тәмийинлеўди мақсет етип Германияның «Зингер» фирмасы менен байланыста район орайынан тигиў комплексин ашты, ҳәзир усы тигиў комплекси иске қосылыў ҳалында тур. Егер бул комплекс толық пайдаланыўға берилген жағдайда районның 240-260 қа жақын ҳаял-қызлары жумыс пенен тәмийинленеди. Район басшысының бундай саўаплы ҳәм жуўапкерли жумысларды атқарып жүрген ардақлы хызметлерин оның ели-халқы ушын жанып жасаўының дәреги деп билиўимиз керек. Даналар соны да айтады: «Адам бул дүньядан нени әкетиўди емес, не қалдырыўды ойлайды». Дурысында да, хеш ким бул дүньядан хеш нәрсени алып кетип атырған жоқ. Алып кете алмайды да. Өмирде жасаған бенде соңғы әўладқа мийрас болғандай нәрсени дүзетип, қурып, жазып, қолы менен салып кетиўди ойлап жасайды. Усылай ойлап жасаў керек. Районға ҳәким болып келгенине төрт жыл

анық толған қәдирли С.Саймановтан жоқарыда айтылған «Телевышка» қурылысы, спорт комплекси менен денсаўлық орайының қурылысы, тигиў комплексиниң ашылыўы көп жыллық ескерткиш бола алмай ма? Және де 2000-жылғы районның 50 жыллығына байланыслы жазған ҳәкимниң китабы ҳәм Шоманай районының мақтанышы, бизиң жерлесимиз, Өзбекстан халық бақсысы Жумабай Базаровтың өмир жолына бағышлап ҳәкимниң тапсырмасы менен Есенбай Ерманов тәрепинен жазылған «Жумабай жыраў Базаров» атлы китапша жәнеде ҳәкимниң бийик нийетли ойы менен аманлық болса, 2003-жылы Қарақалпақстан Республикасы турмысында колхоз ҳәм совхоз дүзилисиниң белсенди ветераны Мырзамурат Абдуллаевтың 100 жыллығына бағышлап шығармақшы болып атырған естелик китабы өмирлик мийрас болмай ма? Әлбетте, болады. Мине биз бундай өмирлик ҳәм көп жыллық есте қаларлықтай нәрселерди дөретип, салдыртып, жаздыртып, узақты гөзлеп мийрас таслап кетиўди ҳәрекет етип ислеп атырған басшыны қоллап қуўатлаўымыз керек. «Жақсының жақсысын айт, мәртебеси артсын!»—деп сонлықтан айтылған.

...Хожели, Тамды және Қоңырат беттен колхозлар Шоманай жерине көширип әкелгеннен кейин жер ашыў, жерди егисликке жаратыў жолындағы дәслепки қыйыншылықты мәрдана жеңип, соңғы жыллары табыстан-табысқа жетисип, талай мәрте той-тойлап, халықты бахытқа қарай баслап өткен азаматлардың арасында әкем Мырзамурат Абдуллаев та болды.

Әкем Мырзамурат Абдуллаев басқарған колхоз Шоманайға көшип келгеннен кейин колхоздың негизги егислик тараўы болған пахташылықтың көлеми жыл сайын артып, оннан жетистирилетуғын зүрәәт муғдары жоқары көрсеткишлерге көтериле баслады. Колхоз 1944-1945-1946-1947-1948-1950-жыллары, яғный алты жыл қатарына дерлик мәмлекетлик жобасын артығына орынлап, республика, гейде Өзбекстанда белгили хожалықлардың қатарында көзге түсти.

1951-жылдың бәҳәринде сол ўақыттағы Ленин атындағы колхоз бенен Фрунзе атындағы колхоз қосылады. Колхоздың жер майданы еки есеге артады. Демек, ўазыйпа күшли, жуўапкершилик жоқарылап, басшыға түсер салмақ та, жүк те аўырласып барады. Деген менен шебер шөлкемлестириўшиликтиң нәтийжесинде бир-еки жылдың ишинде колхоз бойын тиклеп, және тағы алдыңғы колхозлардың қатарына жетиседи. 1955-жылы колхоз 1875 гектар жерге шигит сеўип, оның ҳәр гектарынан 31,5 центнерден зүрәәт алады, мәмлекетке 5906 тонна пахта тапсырып, область бойынша рекорд көрсеткишти қолға киргизеди. Жаңалыққа жаны қумар елдиң, жердиң көркейип гөззал шырайға ениўиниң ашығы, мәденияттың жан күйери әкемиз елиўинши жыллардың бас гезинде колхоздың экономикасы бир қанша көтерилип, халықтың турмысы жақсыланып қурғынласқанын есапқа алып, мәдений ошақлар, мәденият жайларын салыўды, тиклеўди өзи бас болып қолға алды. Районда биринширлерден болып ҳәр жерде төбе көрсетип шашаў отырған хожалықларды бир орынға жәмлеп, бириктирип, жобалас-



тырған жаңа типтеги поселка салыў жумысын баслап жиберди.

Басқа аўыллар еле шыра жағып отырғанда, бизиң колхозда электр жарығының сым арқалы үйлерге, көшелерге тарағаны, түнде колхоз поселкасының жақтысының алыс-алысларға жетип, көзди тартып, кеўилди толқытып атырғаны қанша рәҳәт, қанша заўық дейсең!

Электр жарығы поселкадағы хожалықларға «Локоматив» арқалы жеткерилип турылады. Усылайынша әкем халықтың тамағын тойдырып, кийимин пүтинлеў менен қатар кеўиллерине нур қуйды, үйлерине нур тартты, жаңалыққа жеткерди, ертеңги күнине үмитти ушқынлатты. Ту-600 маркадағы радио узелди ислетеди. 30 орынлық телефон точкасына ийе (МБ) коммутатор иске қосылып, изинше колхоздағы барлық хожалықлардың үйине радио точка орнатылды, жаңалықлар күнбе-күн сым, радио арқалы жиберилди. Байланысты үзликсиз болдырыў мақсетинде колхоздағы 28 бригададан 18 бригада баслығының үйине телефон апарды, колхоз кеңсеси толық телефонластырылды, колхоздың белсендилериниң үйлери менен байланыс телефон арқалы жүргизилди. Әсиресе колхоз мийнеткешлери хожалық, өзлериниң турмысын сәўлелендиретуғын радио еситтириўдиң бағдарламасын асығып тыңлап жүрди. Үйлерге ток апарып, радио қурылып атырған жақсы күнлерде Жаңабай, Султан, Қайып деген монтер жигитлер қолдан-қолға тиймеди, ушығаның қыйқымындай қәдирленди.

Бизиң үйге ток қурып бер, бизиң үйге радио қурып бер,—деп изинен қалмай ерип жүрген адамлардың қатары үзилмеди. Буны ҳәмме биледи, усы жерде колхозды телефонластырыўға қатнасқан районлық байланыс бөлиминиң бир хызметкериниң еске түсириўин оқыўшыларға естелик ретинде усынсақ, әлбетте орынлы болады деп ойлайман.

Шоманай районлық байланыс бөлиминиң монтеры Жумамурат аға Мырзамуратов былайынша еске түсиреди. 1952-жылы Мырзамурат Абдуллаев колхозды телефонластырыў ушын районлық партия комитетиниң биринши хаткери Нурымбет Қурбановқа өтиниш етеди ҳәм жәрдем сорайды. Сол өтинишине бола районлық байланыс бөлиминиң баслығы Теңел Сайекеев үш монтерды арнаўлы буйрық жазып, колхоз поселкасында радиоузел қурып, үйлерге телефон линиясын тартыў жумысына жиберди. Мен үш адамға басшылық еттим. Көлик, материаллардың барлығы колхоздың есабынан еди. Үш ай ишинде 18 бригадаға телефон тартып болдық. Мениң айтайын дегеним Мырзамурат аға бизлерден тез-тез хабар алып турды, егер де бөренелерди тикейтиўге, сымды керип тартыўға адам керек болса соны ўақтында тайынлап, ўақтында жеткерип барды.

Мырзамурат ағаның искерлиги, адамларға ғамхорлығы, ҳәммени теңдей көрип, ҳал аўҳалынан хабарлы болыўы бизлердиң күнделикли жумысты жеделли ислеп, басшының да, қосшының да кеўилинен шықпаға себеп болды. Бизлердиң таң қалған жеримиз жумысты тамамлағаннан соң бизлерге бир қой, ҳәр биримизге ақша берди.

—Ҳаў, Мырзамурат аға, бизлерге мәкемемиз айлық төлейди, соның

ушын ақша алмаймыз дегенимизде:

Не ушын алмайсыз, себебин айтың?—деди.

—Бизиң айлығымыздан услап қалады,—деп жуўап бердик.

—Бул айлық емес, бул колхоздың жәрдеми,—деп қобалжығанымызды басты.

Буннан былай әкемниң тиккелей басшылығында поселка ортасында бир мектеп, клуб, колхоз кеңсеси, агитпункт, медпункт, радиоузел, почта бөлими, балалар бақшасы, дүкан, ун қараз қурылды, барлық жумыслары механизацияға жендирилген ферма жайында қурып пайдаланыўға берди.

Әкем Мырзамурат Абдуллаевтың бул бийбаҳа мийнети, халық алдындағы хызмети бурынғы аўқамның ең жоқары үш ордени менен жоқары баҳаланды, үш шақырыққа (II-III-IV) Қарақалпақстан АССР Жоқары Кеңесине депутат болып сайланды. Районлық кеңестиң де депутаты болды.

Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының бир қанша «Ҳүрмет жарлықлары» менен сыйлықланды. 1967-жылы Республикалық әҳмийеттеги персонал пенсионер болып, бир қанша жеңилликлер менен ҳүрметли дем алысқа шықты.

Әкемниң усындай дәрежеге жетисип, ели-халқының тилинде аты мәңги қалыўына, журттың әдиўли азаматы, саналы басшы болып жетилисиўине қап қолдасар жолдасы, қәдирдан қосласы, соншa ул-қыз перзенттиң баўырман, пәрмана анасы—мениң анам—Жақсыбийкениң садықлығы, кеўлиниң ашықлығы, ерим-пирим деп сыйлап, қонағын қушақ ашып күтип алып, күлим шырай берип узатып салыўы, дәстурханның ашық болыўы да үлкен таяныш болғанын ҳеш ким бийкарлай алмаса керек. Туўысынан мийнеткеш, бийик адамгершиликли қәсийетке ийе, пәк ҳүжданлы, әдалатлы және тағы оғада қәнәәтшил, ақыл парасатлы анамыз Жақсыбийке қырық жылға шамалас елге басшы, халыққа аға болған әкеме садық қостар, әкем менен катар журты сыйлаған, ҳүрметленген әдиўли ана бола алды. Ол (Мәтжан қызы Жақсыбийке) ҳәзирги Хожели районының аймағындағы «Қайраңлы Шыйық» деген елаттағы «Ырғақлы» аўылында жасаған Мәтжан деген қарапайым дийқанның қызы екен. «Тәғдир ғайып, несип ғайып» деген яңлы, әкем менен анамның тәғдирлери ғайыптан дийдарласып, бир-бирине ылайық қостар болып, шаңарақ көтергенине, бала-шағалы болып, улын ер жеттирип үйли-жайлы, қызын ер жеттирип отаў ийеси еткенине, Аллатала усындай ақыллы, саналы, әкемди басына көтерип пир тутатуғын инсанға қосқанына мыңда бир шүкирлик етемен.

Бир-бирине жарасқан жуп аққуў киби қостарлар өмиринше татыў өмир сүрип, бәринен бурын ҳәмме ўақыт өзгениң бахытын ойлаў арқалы өзлериниң бахытына ерискенине кеўилим дәрьядай тасып, теңиздей толқып кетеди. Анамның ҳеш ўақытта әкемниң бетине тик қарап, сөзин қайтарып таслағаның, қарсыласып бақырысқанын көрген де, еситкен де бенде емеспен. Әўлийе анам бирдейине «ерим-пирим» деп, әкеме шын кеўилден қостарлық хызметин атқарды.



Усы орында шайыр ағамыз Тилеўбергенниң мына қосығын еске түсиргим келеди.

«Жақсы болса қостарың,
Қәдирлейди таныстың
Жақын етер алысты,
Мийманларға келиң деп,
Жүзи күндей күлимлеп,
Жилўа шеккен мәҳәли,
Өмириңниң бәҳәри.
Жаман болса қостарың,
Сийрексийди досларың.
Бездиреди жақынды.
Сындырады сақыңды,
Арламайды арыңды,
Бүлдиреди барыңды,
Бар нәрсени жасырар.
Берекетин қашырар,
Абырайыңды түсирип,
Қонақ барда есирип,
Менсинбейди сөзиңди,
Жаманлайды өзиңди»,

—деген қосықтың дәслепки бөлегиндегидей әкеме қәдирдан қостар болып, алысын жақын еткен, қонағына тақ турып, келиң деп ҳүрмет еткен әдиўли ҳаял мениң анам болады. Егерде адам баласының бахытлы өмири ямаса ерли-зайыплықтың тийкарғы мазмуны аўызбиршиликли татыў жасаўында деп түсинсек,олар усы аўызбиршилик пенен татыўлықтың әжайып үлгисин көрсетип жасады. «Ер жигиттиң ҳаял атын шығарар»,—дегендей, әкемниң атын шығарып мәртебесин көтерген мениң анам деп көкирек керип, мақтанышлы сезимге бөленип айта аламан. «Жақсы ҳаялы бар үй бейиш» делинеди. Бизиң үйимизди ошақ басымызды, бейишлик дәрежеге көтерген анам. Шайыр Ибрайым Юсуповтың мынандай қосық қатарлары бар:

«Биз де сөз бар, мийман ырыс, берекет,
Қонақ күтиў—зийнети хәр адамның,
Егер үйге бес күн мийман келмесе,
Шайы қонбас мениң байғус анамның».

Әрўана аналардың үйине қонақ келмей калса, шайы қонбай кеўил хошы болмайтуғыны анық, қонақ келгендеги анамның жамалының жайнап, кеўил сарайының кеңнен ашылып хызмет етиўи—бүгинги күндеги келинлерге ертек сыяқлы көринсе тәжийип емес.

Соның ушында анам «келген дәўлет» деген ҳикметли сөзди пир тутып, аўқаттың мазалысын, көрпе-төсектиң тазасын қонағына сақлап отыратуғын еди. Ол гезде үйиңе қыдырып келген қонақ ҳәзиргидей бир мезгилде аўқатын жеп үй ийесиниң зийнетин көрип кетип қалмайтуғын дәстүр болды. Аттың басын дүзеп түскен үйинде қонып кетиў дәстүр еди. («Қонақ» деген сөз этимологиясы бойынша «қонып кететуғын адам» мәнисин аңлатады). Қонақ көликли болса көлигин жайғастырып, оның от-жемин таўып бериў керек, аш қалдырмаў керек. Усыған шенде-шен ҳаял төтепки берип, қонақ күте алады. Соңынан бир кемшилигиң табылса, дадыңды алла берсин,

үйиннен қырық адым шықпай-ақ қоңыраўын сыңғырлайды.

Даналарда мынадай да нәсият сөз бар: «Ҳәр-бир ата өз перзентлерин намыслы хаялдан туўылыўына ҳәрекет қылсын. Перзент туўылғаннан кейин тәме етип жүрмесин». Мениң анам да—кабам да—намыслы ҳаял, ҳадал, саадатлы, ул-қыз перзентлерине ылайық, мүнәсип ана болды. 49 жасына шекем он бир ул-қыз көтерип, тәрбиялап өсирип, жетилистирип, соннан ҳәзирги ўақытта тириси сегизиниң бахтына бола аналық мәртебесине ерисип, теберик ана болып, төримизди толтырып, жүзи жайнап өз өмирине рийзашылықта жасап атыр.

Теберик ананың төрт ул, төрт қызынан көрип отырған елиў төрт аклығы (жигирма жетиси ул, жигирма жетиси қыз), 63 шаўлығы (отыз беси ул, жигирма сегизи қыз), еки қуўлығы (екеўи де қыз), бар. «Қуўлық көрген инсанға дозақ оты ҳарам» деген де ҳәдис бар екен. Буған биз ананың ул-қызлары, аклық-шаўлықларының, улыўма Абдуллаевлар әўладының қуўанышы шексиз.

## Әкемниң ең жақсы пазыйлетлери мәңги есимде

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң соңғы жыллары жазған «Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар» деген дөретпесиниң 698-сораўжуўабында:

Миллеттиң даңқын ойлаўдағы көз-қарасыңыз?

—Миллет—бул Ата-анаң. Ата-анасының даңқынан бурын өз даңқын ойлаған перзент сатқын, ҳарамзада перзент **(«Әмиўдәрья» журналы. 2001-жыл, сентябрь—декабрь 5/6 саны, 25-бет)**,—дегенди айтады. Мен де әкемниң бойындағы жақсы, көпке үлги боларлықтай, өзгелер ибрат алса арзыйтуғын, жоқары адамгершиликли сыпаттағы қәсийетлерин—миллетимниң әсирлик пазыйлетлери деп инабатқа алып, солардың әкемниң бойында қәлиплескенине мың кәтле шүкирлик етип, пикир айтпақшыман.

Әкем Мырзамурат уллы адамлардың, данышпанлардың өлмес мийнетлерин оқымаса да, өмирде көрген, турмыстан түйген турмыслық тәжирийбесин жетерли пайдалана билди. Аллатала берген жоқары адамгершиликли пазыйлети менен ел сыйлаған, журтына жарасықлы болған, тирисинде де, өлисинде де сыйлаған халқына қәлеўли азамат екенлиги арадан жыл өтип, ол туўралы адамлардың әңгимелерин еситип, гүррңлерин тыңлаған сайын айқынласып, айдынласып барып, кескин-келбети таў киби бийик тартып баратырғанын соңғы гезлерде уғынып, сезинип отырман. Және тағы өткендеги даналар «Адамның хақыйқат келбетин ҳәм даңқын еки нәрсе шығарады: бийик адамгершиликли қәсийети, ҳадал ислеген жемисли мийнети» дегенди айтады. Усы еки ҳасыл қәсийет мениң әкемниң бойында толық қәлиплескен еди. Түр-түси келискен, жүзи рәўшан, көзи гәўҳар, мийрим-шәпәәтли, периштели сын-сымбатқа ийе, ийман жүзли, сабырлылық



ҳәм шыдамлылық пенен өзгеге төрелик кеңес бере алатуғын, кеўил сарайы жақсылыққа толы, көп тыңлап, аз сөйлейтуғын, өзиңизге сездирмей, көзиниң астынан жүзиңизге гейде-гейде қарап қоятуғын, турмыслық тәжирийбеси мол, сыншыл адам еди. Оның басқаларға үлги болатуғын жақсы қәсийетлери мәңги мениң есимде.Ол жеке мәпти халықлық, жәмийетлик мәптен ҳеш ўақытта жоқары санамады. Өзи басшылық еткен колхоздың мийнеткешлериниң табысына ҳеш қылаплық етпеди. Халықтан өзин жоқары санап өзгелерден айрықша ҳәзлик турмыста жасағанды аңсамады, шыны қәлемеди. Халық ишкенди ишип, кийгенди кийди, басқалардан артықмаш өзгеден бөлек жасамады. Ол өмириниң ақырына дейин «Елден уялмаған кисиниң ел алдында қәдир-қымбаты болмайды», деген түсиникке садық қалды. Базда бир-бирине түсиниспеген шәлкем-шалыслық ақыбетинде баста ажырасыўға дейин барып қалған жас жубайлар, жас шаңарақларды төрелик пикири менен ақыл-кеңесиниң күши арқасында қайтадан жарастырып, татыўлықта, тыныш турмыс кешириўине себепкер болды. Ол негизинде шаңарақтың қуралғанын қәлеп хызмет етсе, бузылғанына қатты қарсы турды, жасыўлкенлик пенен гүресип, ақырында жеңиске ерисип жүрди. «Жақсы кисиде мал-дүньяның кемислиги намыс болып саналмайды, лийкин, оның адамларға жақсылық қылыў әдети кемейсе, бул бир намыслы ис болып саналады,»—деген де гәп бар халықта. Әкем өзиниң жасаған, өмир сүрген көлеңкели, соңынан жарқын, жемисли жылларында асқан артықмаш байлыққа ийе болып, шалқып жасамаса да, өзинен бөтенлерге жақсылық ислеў деген ҳасыл, дүр дана қәсийети сирә кемимей, мүтәжликке гириптар болып қалған қыйын жағдайда да бәрибир алдына сырнығып, тарығып келген адамға жәрдемин аяған жоқ. Халық басына уўайымқайғының қара бултын үйирип, ошағына қан қуйып, қабырғасын сөткен урыстың ең бир аўыр, азаплы жылларында, урыстан соңғы қыйыншылығы да, қытшылығы да халықты азып-тоздырған, албыратқан жылларда да жарлының маңлайынан сыйпап, тамағын тойдырып, кийимин пүтинлеўге, елдиң бирлигин сақлаўға, елге басқа жақтан көшип келип баспана тапқан пақырларға ҳәм ата, ҳәм аналық хызметин атқарып, ғамқорлықтың ең жоқары үлгисин көрсетти. Ой, ол жыллардың аўырманшылығы, әсиресе, ашлық бүгинги жасларға басқаша туйылады. Сол күнлерден бир мысал келтирсем, айырымлардың исенбей қалыўы да итималдан аўлақ емес.

Бир күни азанда үй-ишимиз бенен азанғы шайды арқайын ишип отырғанымызда Дәнияр Есемуратов деген атамыздың бригадасында ислейтуғын Султамурат ақ көкирек атанған колхозшы сәлем берип кирип келди. Бизлер менен аманлық-есенлик сорасып болғаннан соң, хожалық жағдайын баянлады, бала-шағасының еки күннен бери аш отырғанын айтып, аржағына тили бармай қапаланып төмен буғып, отырып қалды. Төрде отырған әкем, келип отырған адамның алдына бир кесе шай инам етип атырған анамның ҳәрекетин көрип:

—Балам, Султамурат ағаңа дәстүрханнан нан алып бер!—деп маған

нәзерин каратты. Жайылған дәстүрхандағы үш-төрт пүтин нанның үстиндеги сындырылған ярымға шамаласын алып оған узатайын деп атырғанымда:

—Пүтинин әпер,—деди әкем.

Ол пақыр қолына тийген наннын шетинен кишигирим сындырып алып, қалғанын қайтарып берип атырғанда: —Султамурат иним, қолындағы нанды қойнына сал, балаларына апарарсаң, деди де кесеге қуйып қойған шайын тез-тез ишип, тауысқаннан кейин, қайтадан шәйнегинен нәдәуир шайды қуйып, кесесин алдына таман алды да, отырған қәддин тикленкиреп: —Султамурат иним, қапа болма, бәрининң де есабы болады. Сениң быйылғы жылы ықласлы ислеп атырғанынды билемен. Талабына бола ғаўашаннын да нәли тегис екен. Еки күнликте бригадаға барып, ғаўашаларды аралап көргенимде, хызметине кеўлим толды. Жәрдемшилерди де көбейтипсен. Дәнияр да сениң быйылғы хызметинди, ықласлы ҳәрекетинди жақсы деп қуўанып атыр. Бул ўақытша қыйыншылық, иним, буған шыдам бер. Ертеңнин арғы күни складқа онлаған тонна дән түсиретуғын болдық.

Шыраз бенен Тилеўмурат сонын изинде жүр. Ертенлери кеңсеге келип, Темирхан (бас есапшы) менен есаплас, алатуғын табысын болыў керек. Соған шекем,—деп сол жағында отырған анама қарап:—Жақсыбийке, кешеги бийдайыннан бар болса, Султамурат иниме еки-үш күн жегендей берип жибер,—деди. Анам әкемнин сөзин еки айттырмай, далада хызметте жүрген Қырыкбай деген ағамызды шақырып алып, Султамурат ағаға үйдегиден дән берип жиберди. Сонда онын қуўанғанынан көзине жас үйирилип, әкеме үсти-үстине алғыс жаўдырып атырғандағы кескин-келбетин елеге дейин умытқан жоқпан, сөзиде қулағымнын төринде тур.

Даналар: «Дүньяда алғаннан берген бахытлы»—дегенди де айтады. Бул ҳикметли сөздиң мәнисине жетик түсинген әкем басқадан бир нәрсени аламан деп тәме етпеди, қолынан келсе басқаны жарылқап, соған бир нәрсе берип жиберсе соны өзине уллы мәртебе билди.

Мухаммед пайғамбарымыздын «Кимдур өзинин яки биреўлердиң жетим балаларын ер жеттирип, өз күнин өзи көретуғын болғанға шекем тәрбияласа, оған сөзсиз жәннет миясар»—деген ҳәдиси бар. Туўған әкемнин бир қанша жетимлерге, жәрдемге мүтәж кәмбағалларға ғамхоршы, панагөй болғанын көрсетип өтким келеди. Әкемиздиң ғамқорлығында бир қанша ағайын-туўысқанлардың жетим балаларынын камалға келип, хожалық болып өсип-өрбигенин жақсы билемен. Баста олардан әкемнин жийени Сапарнияз Арзиев деген ағамыз әкемнин қолында болды. Әкем оны туўысқан иниси Төребайдан кем көрмеди ҳәм онын менен тап—үйли-жайлы болғанға шейин бирге өсти. Оқыды, тәрбияланды, питкерген оқыўы бойынша өз кәсибинде колхозда жәрдемши—есапшы болып исседи.

Түрк тиллес халықлардың көрнекли алымы Юсуп Ҳас Ҳажиб өзинин «Бахытқа баслаўшы билим» деген данышпанлық шығармасында ҳәр қандай басшы елди басқарыў ушын төмендеги төрт талапты орынлаўы



лазым деп есаплаған. Ол төрт талап: **1-әдалат, 2-дәўлет, 3-ақыл, 4-қәнәәт.** Яғный елди, халықты басқарыў ушын басшы биринщиден, әдил болмағы керек. Ақыры, Сақыпқыран Әмир Темур бабамыз «күш-әдилликте», -деп айтып кеткен-ғо. Екиншиден, елдин, халықтын абаданлықта жасаўы ушын бай-дәўлетли қазнаға ийе болып, сол байлықты дурыслы есап-санақ тийкарында тийисли орнына жумсап билиўи тийис. Үшиншиден, елдин көрки, сәни ҳәм келешеги болған халықты ақыл-парасатлылық пенен басқарып, олардың хал жағдайын-адамлардың өзине тән өзгешелик сыпатлары, минез-қулқын терен̆нен үйренип, ақылға салып басқара билиў лазым. Төртиншиден, ҳәр қандай басшы қәнәәтли, инсаплы болмағы керек. Уллы ойшыл бул терен мәнили, өмиршен пикирин буннан ары жалғастыра отырып. «... бир адам пүткил елди басына көтериўи қыйын. Оған қол ушын беретуғын данышпанлар керек»—дейди. Ал дана халқымызда «жалғыз ағаш үй болмас, жалғыз жигит бий болмас» деген даналық сөз бар. Сол айтқанындай, бир басшы өзлигинен ҳеш нәрсе ислей алмайды. Ҳәр қандай мәселеде бирге ойласып, кеңесер жасы үлкен, қатар-қурбы, дос-яранлар менен бежериўге тийисли болған шешим-көрсетпелерди, тапсырмаларды тақ-түйнақтай орынлайтуғын жеделли жасыкишилер керек. Бунысыз ел басқарыў ислеринин нәтийжели болмайтуғыны өз-өзинен аян. Сексен еки жыл жасап, сол өз өмиринин ишинде қырық жылға шамалас атқа минип ел басқарған әкемнин елге, халыққа басшылық етиў сыпатында, адамгершиликли пазийлетинде аллатала минәсип еткен әдалатлылықтын, инсаплылық пенен қәнәәтшиликтин, ақыл менен парасатлылықтын, терен ойлылық пенен уқыплылықтың бойында жүз берип, адамларды алаламай яғный биреўди алыс, биреўди жақын демей, бәршени теңдей көрип, халқы менен өз арасына татыўлық байланыс орнатып, басқарған елин, халқын тоқ турмыслы, мәдениятлы, бирликли елге жеткерип, халқынын абырайын, даңқын көкке көтергенин мен айтпай-ақ билген халқы тилге дәстан етти. Рети келген де сонында айтыўым керек, әкем заманына ылайық коммунист болып жасаса да, ел ишиндеги жасы үлкен-жасы киши улама ийшанларды, мақсым, ахун, моллаларды айрықша ҳүрметлеп, баўырына тартып, шалғайын жаўып ғамхорлық етер еди. Оларға көрсеткен ҳүрмет-иззетин, жәрдемлерин өзгеге көрсетпей, сездирмей қупия түрде «қамырдан қыл суўырғандай» етип ислер еди. Әкем елге басшы болып турған гезде: Убайдулла ийшан, Камал ийшан, Мәмбезия ийшан, Сабыр мақсым, Зәрип мақсым, Асаматдин мақсым (хажы), Садатдин мақсым, Сапар ахун, Ибрайым қарый, Жумамурат қарый, Яқып қарый, Нурым молла, Ережеп көккөз молла, Жумамурат молла, Нуратдин молла, Қазақбай молла деген ийман жүзли, шийрин сөзли, ҳақ нийетли, дурыс пикирли, халықтын сыйлап төбесине көтеретуғын улама адамлары бар еди. Әкемнин өзи менен зәңгилес Тәжимурат Жақсымуратов, Баймурат Қалжанов, Қаражан Досжанов, Қутлымурат сейис деген жасы үлкен кеңесер-ойласар ағалары бар еди. Еримбет Шалабаев, Тилеп Сариев, Дәнияр Есемуратов, Сейтназар Байназаров, Мәдияр хожа Шәмшиев,

Қазақбай Пиримбетов, Рейим Назарханов, Қәлендер Мәмбетияров, Көбен Қуўанышов, Айтмурат Шағырбаев, Нурлепес сыяқлы қатар-қурбы дос яранлары, Темурхан Хожамуратов, Қудайназар Қанназаров, Елбай Абдуллаев, Шыраз Досжанов,Бекмурат Ерлепесов, Әўезбай Халмуратов, Әбдишүкир Әзиев, Ҳәбийбулла Ережепов, Сапарнияз Арзиев, Сапарбай Өтенов, Қойлыбай Сейдуллаев, Тилеп Мәўленов, Сабыр доктор Тайыров, Хожамберген Дийханбаев, Тилеўмурат Әлимбетов, Сапарнияз Тәжибаев, Өтепбай Хашымов, Мырзамбет Сейдеметов, Базарбай Халмуратов, Шүкирилла Идирисов, Саналы, Жадырасын, Ғазтурған, Әшир Қылыш, Қыдыр сыяқлы жигерли, жеделли жасы киши қол қанатлары, баўырман инилери, Исмайыл Әлеўшеев, Төлебай Қанназаров, Ғайыпбай Қалжанов, Қайпан Айтмуратов, Алламберген Хожамбергенов. Қутлымурат Әўезмуратов, Әбий Әйтекеев, Көшкинбай Исметов, Ережепбай Халмуратов, Сулайман тағы басқа екинши буўындағы баласы менен қатар шәкирт жасы кишилери бар еди. Әсиресе колхозда трактор, машинаның тилин жетик билип, темир менен тиллесип жүрген Рейип, Сәрсенбай, Толы, Сейтжан, Қәлмен, Оразбай, Қурбан деген шоферлар менен Дәўлетияр, Кәримбай, Сарыбай т.б. жеделли тракторшы инилери бар еди. Мине усындай ийман жүзли улама, жасы үлкен ағалары, қатар-қурбы дос-яранлары, жигербент жасы киши инилери, әкемниң тәрбиясын көрген шәкирт балалары менен татыў қатнаста, аўыз биршиликли байланыста, бирликли ойласықта ис алып барып, бирликли ел басқарды.

Жоқары да келтирилгенлердиң барлығы әкемниң өскен орталығы, камалға келген жағдайы, өзи менен ислескен адамларға болған қарымқатнасы, ибратлы ислери елди ел етемен, жерди гүллетемен, халықты халықлық дәрежеге жеткеремен деп өмир сүрип, заманында жасап өткенине мысал бола алады.

Узын сөздиң қысқасы , қәдирдан әкем Саадий Шеразийдиң:

«Егер сениң болса ҳүжданың—арың,

Мийнеттен нан жеўге үйренсин қарың»,—деген тереӊ мәнили пикирине тән берип, өмир бойы ҳадал мийнет етип, маңлай тери, мийнеттен шыныққан жумыры билегиниң күши менен нан жеп, өзгелерден қысынып қымырылмай, қорықпай, жарқын жүз, жайнаған саўлатта жасап, турмыс кеширген мийнеткеш адам еди. Дана халқымызда «Дәрья суўын бәхәр тасытады, адам қәдирин мийнет асырады» деген сөз бар. Сол айтқандай әкем қәдир-қымбатын мийнети арқалы асырған адам. Уллы улама Баҳаўатдин Нақышбандий «Жүрегиң Аллада, қолың мийнетте болсын» депти. Мениң әкемде өмир бойы кеўил қаршынын таза тутып, бир Аллаға сыйынып, қолын мийнеттен үзбеген бенде. Сонлықтан:

«Бәршени яратқан қәдир қудайым,

Берсең бул бендеңе ҳақлық жолын бер» (Бердақ) айтқандай, әкемниң ҳақлық жолын минәсип көргенине мың кәтле шүкир!

Әкем дийқаншылықтың не түрли нәзик сырларын, жердиң, суўдың жағдайларын, ҳәр жылғы ҳаўа райының өзгешеликлерин жетик аңғаратуғын, өзиниң ис тәжирийбелерин аўыл хожалығы егинлериниң жағдайы менен тығыз байланыстырып алып баратуғын маман дийқан адам еди. Оның бул тәреплерин сезетуғын район ҳәм совхоз басшылары оған жийи-жийи келип, көп мәселелер жөнинде ойласып, пайдалы кеңеслерин, үлгили тәжирийбелерин тыңлап туратуғын еди. Ол киси бәрҳама усындай тәреплери менен район, республика басшылары арасында үлкен ҳүрмет-иззетке ийе болды.

«Қарақалпақстан Республикасының аймағында Мырзамурат баслықтың абырайы менен мәртебеси қоңсылас Түркменстан Республикасындағы еки мәртебе Мийнет Қаҳарманы болған белгили колхоз баслық Ашырханабайдың түркменлер арасындағы абырай—мәртебесинен кем болмады»,—деген еди белгили халық шайыры Аяпберген Муўсаевтың баласы Реймберген Аяпбергенов 1997-жыл 19-марттағы әкемниң естелик бюстин ашыў мерәсиминдеги сөйлеген сөзинде. Дурысында да, әкемниң республикаға белгили кең көлемли, мол зүрәәтли, қурғын мәдениятлы жағдайдағы колхоздың баслығы болып ислеп турған гезиндеги абырайы менен мәртебеси күтә жоқары еди. Себеби, әкем сол гездеги ҳәм кейинги ўақытлардағы республиканың белгили азаматлары—Мәтеке Жуманазаров, Пиржан Сейтов, Наўрыз Жапақов, Қәллибек Камалов, Қурбанбай Әбдиров, Ережеп Айтмуратов, Оразымбет Халмуратов, Мәрқурбан Бердимбетов, Есемурат Өтамбетов, Дәўлет Ешимбетов, Жумамурат Жийемуратов, Өтамбет Арзымбетов, Өтеген Сапаров, Нурымбет Қурбанов, Дәўимжар Ожыраев, Жолымбет Сейтниязов, Жапақ Искендеров, Сабыр Камалов, Қутлымурат Сейтмуратов, Қасым Нурымбетов, Толыбай Шербеков, Марат Нурмухамедов, Султан Қаниязов, Қайыпберген Юсупов, Жуманазар Базарбаев, Шарап Уснатдинов тағы басқалар менен жақын қарым-қатнаста, өз-ара сыйласықта жасады.

Данышпан адамлар «ким жаслығынан ненин тұқымын көбирек ексе, соның өнимине көбирек ийелик етеди»,—деп те айтады. Сол айтқандай мениң сүйикли әкемде жаслығынан ҳадал мийнет етип, пәк ҳүжданлы жасап, турмыс кешириўдиң сапалы тұқымын көбирек сеўип, усы дақылдың тәрбиясын жетик берип, сыртқы зыянкеслерден аман-есен сақлап, соның өмирлик азық болатуғын мол-молақай өниминен рәҳәтленип өсипөрбиген адам.

Белгили илимпаз, филология илимлериниң докторы Қырықбай Байниязов «Совет Қарақалпақстаны» газетасының 1988-жыл, 28-июль санында жариялаған мақаласында әкемниң жетим-жесирлерге, жарлы—кембағалларға ғамхорлық жасап, панагөй болғанлығын жазады. Әсиресе, 30-жыллардың ақырына таман репрессия жылларында жала-дөҳмет жабылып, жазықсыздан-жазықсыз қамалып кеткен адамлардың перзентлерин қанаты астына алып, әкесиндей ғамхорлық көрсетип, оқытып тәрбиялағаны белгили хызметкер, ел ағасы болып жетилискенше, оннан соңда аталық ақылын, нәсиятын берип, табысына қуўанып, кемшилигине ренжип

жасағаны туўралы көплеген мысаллар келтирип өтеди. Бул туўралы Көптилеў Нурмухамедовтың қызы, Академик Марат Нурмухамедовтың қарындасы Мәрийам Нурмухамедова былайынша еске түсирип айтып берди.

Әкемизге репрессия жылларында жала-дөҳмет жабылып қамалып кетти де, бизлер әменгерсиз, ғамхорсыз қалып қойдық. Халық душпанының үйиши болғанлықтан, бизлердин ҳалымыздан хабар алып, сүйеў болатуғын жан күйер табылмады, керек десең заманның бағытынан қорыққанлықтан, жақын-жуўық дослары да есигимизди ашып, аўҳалымызды сораўдан қорықты. Өйткени, оларда халық душпанының қуйрығы есапланып басына бәле жабылып қамалып кетип, тас түнекте көзи жылтырап жататуғыны турған гәп еди. Анасы туўған баласынан, зайыбы-еринен, баласы менен қызы әкесинен айрылған үйдиң қандай берекети болсын, бизлерди жоқшылық ийримине симирип тартып барған сайын камбағаллық батпағына батырды. Ақыры тиришиликтиң ғамын ойлап ағайин-туўғанды паналап, Хожели қаласына көшип келдик. Ғәрип жан бизлердиң бахтымызға жайында отырған Шуўақбай деген кисиниң ғамқорлығы айрықша болды. Сырттан келер суқ көзден сақлады, айбатлының қәҳәринен қутқарды, ал урыс жылларында орыс журтынан алып келинген жетим балаларды үйлерге зорлық пенен бөлистиргенде де бизиң үйди шетте қалдырып өзиниң жан күйерлигин көрсетти.

1945-жылы август айы—тап аўызбекли оразаның ишинде Мырзамурат аға бизлерди елге көширип алып қайтыўды иниси Төребай ағаға тапсырыпты. Көрпе-төсек, басқа дәскелерден бетер сырлы аршаны анамыз қырғыштай қорып, әширепилеп, көшкен ўақытта бийқолай көтерсек бақырып таслап, жаңа қонысқа алып кетти. Соңынан билип атырман, сол садағаң кетейин аршада, сол қәдирли және анамызға көз қарашығындай қәдирли мүликте әкемиздиң ҳүжжетлери сақлаўлы екен. Соннан азымшық жүкти «Сүўенли» каналының ағаш көпириниң ығында байлаўлы турған кемеге тийеп ығып кеттик. Сүўенлиден Қарабайлыға, оннан басқа каналға түсип ығып отырып Шоманайға жеттик. Келеси жылы Мырзамурат аға бизлерге таза жай салып берди. Мен ол ўақытта 4-класста оқып атырған он еки жасар қыз едим. Оқыўдан кейин пахта теримге қатнасаман. Мениң айтайын дегеним. Ол гезде Шоманайдың боз топырағына қарық жармастан туқым тасласаң болды, бәри қалмастан көгерип шығатуғын еди. Соның ушын да пахтасы болық болды. Мен пахта тергиш болдым, апам да көмеклеседи, солай етип алдыңғы теримши атанып, үш метр военный товар байраққа алғанымды умытпайман.

Бир сапары Мырзамурат аға Москваға барып қайтты. Маған базарлыққа он шереклик өлгеймен әкелип, басыма жапқанда әкем тирилип келгендей жүрегим дүрсилдеп қуўанып, жетим-жесирликтиң азабын бурынғы көрген хорлығымды умытып кеттим. Улыўма алғанда Мырзамурат аға Марат ағам екеўимизди оқытты, тәрбиялады. Ең абзалы жыртық кийим кийгизбеди. Бундай кең пейил, өзинен бетер басқаның бахтын ойлап, ғамын жейтуғын, жаны жақсылыққа толы, мийирман адам дүньяда кемде-кем ушырасады.





**Сағыйдулла САЙМАНОВ**



**Қаллибек хажы КАМАЛОВ**



**Шарап УСНАТДИНОВ**



**Бахыт ҚУТЛЫМУРАТОВ**



**Мырзамурат**
**АБДУЛЛАЕВ**



**Сәрсенбай**
**АБДУЛЛАЕВ**



**Жақсыбийке**
**МӘТЖАН қызы**



**Гүлбәхәр**
**АБДУЛЛАЕВА**



**Хожабай**
**АБДУЛЛАЕВ**



**Парахат**
**МЫРЗАМУРАТОВ**



**Шарапат**
**МЫРЗАМУРАТОВ**



**Бахадыр**
**ҚУТЛЫМУРАТОВ**



**Несийбели**
**МЫРЗАМУРАТОВА**



**Қызларгүл**
**МЫРЗАМУРАТОВА**



**Нышангүл**
**МЫРЗАМУРАТОВА**



**Оразгүл**
**АБДУЛЛАЕВА**

Қарақалпақ халкынан өсип шыққан биринши Академик, белгили жәмийетлик ғайраткер, XX әсир қарақалпақ әдебияты илиминиң корифейи Марат Көптилеў улы Нурмухаммедов (1930-1986) үй архиви материалларынан табылған бир кол жазбасында өз өмирбаянына байланыслы мына бир пикирди айтады. «Жоқшылық мениң кемпир апамды (**«Қара кемпир» атанған Дәўлетбийкени—А.С**), анамды (**туўған анасы Пердегүлди—А.С**) ҳәм қарындасым Мәрьяны 1944-жылы Шоманай районының Ленин атындағы колхозына көшип барыўға мәжбүр қылды...

Оларға колхоз баслығы Мырзамурат Абдуллаев қәўендерлик етти,... (Қырықбай Байниязов «Академик Марат Көптилеў улы Нурмухаммедов» (библиографиялық көрсеткиш, Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы, 2000-жыл, 12-бет)—дейди. Дурысында да әкем ўақтында дөхметлик жала менен өлимге гириптар болған Көптилеў Нурмухамедовтың жетим-жесир бала-шағасына ғамхорлық көрсетти. Марат айрықша талантқа ийе еди, 23 жасында илим кандидаты, 35 жасында илим докторы, 44 жасында академик болыўы. Бул ҳәр кимге шенде-шенге несип ететуғын тәғдирлик саўға.

«Мырзамурат аға, елде дарасаң
Мәңгиликке мүсин болып қаласаң,
Келешекте академик болар деп,
Қорғап келдиң Көптилеўдиң баласын»,—дегенде де
ҳақыйкат шынлық бар.

* * *

Халқымызда «Әкең өлсе де, әкеңниң көзин көргенлер өлмесин» деген даналық сөз бар. Бул сөздиң мәнисин шағып қарағанымызда—әкеңниң көзин көрген, әкең менен жас ямаса әкеңнен үлкен яки киши болса да оның ҳәр қандай жақсылығын билетуғын адамлар, сизиң қәдириңизди биледи, сизиң жақсы әўладтың баласы екениңизди ҳүрмет етеди деген терең мәнили пикир аңласылады.

**Абатбай Сапаровтың еске түсириўлеринен:** 1956-жылы орта мектепти питкерип, жоқары оқыў орнына кетер ўақтымда әкеңиз Мырзамурат ағаныңкөрсеткен көмегин хеш те умытпайман. Бул былай болған еди.

Бир күни түсте ағам, апам менен жайдың қасындағы қара үйде отырсақ, далада ойнап жүрген иним үйге жуўыра келди де, баслық атам келип атынан түсип атыр, бизиң үйге кележақ,—деди. Үйден жуўыра шығып атам менен сәлемлесип, атының жылаўын алып, қазыққа байладым да, изинен жетип ағам отырған үйге киргиздим. Үйдегилер атам менен сәлемлесип, аманлық-есенлик сорасып атыр.

—Сапарбай, жағдайларың қалай, аман отырсаң ба. Бала-шағаң аман ба, жумысларын жайындама, Абатбай да 10-классты питкерип қуўанып атырған шығарсыз. Қәдемлери оң болсын, баланы оқытыўың керек. Абатбайға

исенимим кәмил, иним, мектепти де жақсы баҳаларда питкерген болыўы керек. Қысынба, бәриниң де есабы болады, баланы қатарынан қалдырма. Ертең Абатбайды үйге жибер, азнаўлақ хожалығымнан көмек етемен. Ал, аман отырың,—деп әкем менен тайын шайдан еки кесе ишти де, турыўға бейимлести. —Бизлер бир-еки адамлармыз, Рейим ағаның үйинен түсте шай ишиўге киятырмыз, қолыңнан алайын деп қайырылып едим,—деди далаға шыққан соң. Атамның байлаўлы турған атын шешип ағам менен екеўиниң сөйлесип турған жерине әкелип, зәңгисин басып атына миндирдим. Ертеңине азан менен үйиңизге барсам, баслық атам жумысына кетип қалыпты. Сизиң апаңыз үйине шақырып алып, кимниң баласысаң, не жумыс пенен келип един,—деп жағдай сорасты. Мен өзимди таныстырғанымда, аўа жаңа атаң сырттан келген адамлар менен жумысына атланып кетти. Кетип баратырып, сениң келетуғыныңды айтып еди. Жумысыңды өзим питкеремен, балам ,қысынба мына шайды иш,—деп алдыма бир шайнек шай әкелип қойды. Шайды ишип таўысарға таман гезимде, Қырықбай аға деген жасы үлкенди шақырып, дәнханадағы еки буўма қалта бийдайды мына баланың ешегине жақсылап тийеп бер деди. Ол еки қалта бийдайды ешегиме тийеп берип жиберди. Сондағы қуўанышым еле ядымнан шықпайды. 40 килодай бийдайды үйге таслап, 30 килограмм бийдайды сатып, жол қәрежет етип Ташкентке оқыўға кеткенмен. Оқыўымды табыслы питкерип келип, бир қанша орынларда иследим. Келгеннен кейин де әкең менен қарым-қатнасым жақсы болды. Үйиме шақырып қонақ асы берип, алдына сарпай да қойдым. Ол киси менен байланысым жақсы еди. Көп ақыл кеңеслерин тыңладым. Мениң усы жағдайымды Сиз көп биле бермейсиз. Сол ушын Сизиң мененде қарым-қатнаста болыўды жақсы көремен, аға, Сиз жақсы адамның әўладысыз. Усы орында шегинис жасап, иним Абатбай Сапарбаевты көпшиликке таныстырыўды мақул көрип отырман.

Район 60-жыллардың аяқ изинде қайта шөлкемлесип, район қәддин қайта тиклегеннен кейин районның көп тармақлы халық хожалығының түрли тараўларында жергиликли халықтың арасынан өсип шыққан, ҳәр қыйлы кәнийгелерди оқып ийелеген жергиликли қәнигелер районның басшы жумысларында көплеп көрине баслады. Солардың бири Абатбай Сапарбаев болды. Ол 1938-жылы Хожели районы 10 аўыл кеңеси аймағында колхозшы шаңарағында туўылған. Абатбай 1956-жылы орта мектепти питкерип, сол жылы Ташкенттеги Аўыл хожалық институтының агроном-экономист факультетине оқыўға кирип, 1961-жылы табыслы питкерип шығады. 1961-жылдан 1973-жылға шекем ҳәзирги «Дийқанабат» колхозында дәслеп экономист, соңынан жобаластырыў бөлиминиң баслығы, бас экономист, бас агроном хызметлеринде ислейди.

1973-жылдан 1976-жылға шекем Шоманай районлық Аўыл хожалық басқармасының баслығы, 1976-жылдан 1978-жылға шекем А.Муўсаев атындағы совхоздың директоры, 1978-жылдан 1999-жылга шекем районда түрли жуўапкерли лаўазымларда иследи. Ҳәзир хүрметли пенсияда.



Абатбай Сапарбаев «Қарақалпақстанға мийнети сиңген агроном» хүрметли атағын алыўға миясар болды.

## БИРГЕ ИСЛЕСКЕНЛЕР ҲӘМ ШӘКИРТЛЕРИ

—Мен жасы үлкен ақсақал Мырзамурат Абдуллаевты 1948-жылдан бери таныйтуғын едим. Районлық партия комитетиниң инструкторы ўазыйпасын атқарып атырған жылларымда көбинесе колхозда түрли жумысларды шөлкемлестирип жүрип, Мырзамурат аға менен жанба-жан бирге ислестим,—дейди Шүкирилла Идирисов. Ол ўақытта колхоздың жағдайы жақсы емес, себеби, трактор аз, барлық жумыс қол менен атқарылады. Егис бастанаяқ адам күши менен исленеди, тәрбия да қол менен бериледи. Былайынша дийқанның мийнетин жеңиллетип дем алыўға имкан жарататуғын басқа жәрдемши күш жоқ. Мениң жүрегимнен орын алған нәрсе, Мырзамурат аға мен баслықпан деп атызды аралап қайтқаннан кейин, басқалардан бөлекленип, салқын саяда жумсақ төсекте бөлек отырып тамақ ишпейтуғын еди. Бирдейине атызда пахтакешлер менен бирге болды. Буның үстине оның жердиң тилин билетуғын атайы және билгир ҳәм алғыр дийқан екенлигин мойынлап отырып айтып кеткенимиз мақул болады. Басқа колхозларда жоқарыдан берилген буйрыққа бағынып урда-тут егис басланып, шигит себилип атырғанда, Мырзамурат аға адамларды қыстап егисти баслап жибермейди. Ҳаўа райын бақлап, күн есабын алып жүреди де, бәҳәрги жаўыншашын өтип кеткеннен соң ғана тез пахта егисин уйымласқан түрде баслайды. Пахта егиске көкирегинде жаны бар адамды қатнастырып, тез күнде және сапалы байытыўға күш салады. Бәҳәрдиң ҳәр бир күнинен оғада өнимли пайдаланады. Егис сапалы питкеннен кейин, нәл де тегис болады, жаздағы пахта тәрбиясы баслықтың басшылығында күшли бақлаўында избе-из жоқары сапада өткериледи, нәтийжеде пахтадан жоқары зүрәәт алынады. Мырзамурат ағаның және бир адамның жаны сүйетуғын қәсийети кем қәрежетли төмен хожалықлардың есабын алып жүреди. Болмаса, халықтың аўҳалын хеш қашан ойынан шығармайды, ол туўралы ойланып, ис жүзинде көмек бериўди азаматлық, басшылық парызым деп биледи. Әсиресе, төмен хожалықлардың меншик егинин егиўге жәрдемлесер еди, ортадан көмек береди, қулласы сол төмен хожалықтың басқалар қатарына илесип кеткенше жақын ғамхоршысы болады. Өзи маман, өзи алғыр, жердиң де, елдиң де тилин билетуғын қаршыға басшы болыўына қарамастан, өмирден көргени мол, турмыстан түйгени толып атырған қария-жасыүлкенлер менен үзликсиз сөйлесип, бирдейине мәсләҳәтлесип, тил көмегин алып баратуғын еди. Бәрин өзим билемен, өзим ислеймен деп мурнын көтерип, мақтанып жүргенин көрген емеспен.

1930-жылы колхозлар совхозға айландырылған мәҳәлинде Мырзамурат аға «Шоманай» совхозының бир бөлимин басқарды. Мен совхоздың комсомол шөлкеминиң хаткери, кәсиплик аўқам баслығы, қәнигелер бөлими-

ниң баслығы лаўазымын атқарып, жасы үлкенниң қараўында бирге жүрип ислестим. Ол басқарған бөлим жылма-жыл пахта тапсырыў жобасын артығы менен орынлады.

Дүньяға бир келген және тирисинде жулдыздай жайнап, қуяштай күлимлеп, өзгениң мәпин гөзлеп жасап өткен бундай адам менен бирге ислесиў кимге болса да бахыт есапланады. Мен жатқан жери жайлы, топырағы торқа болғыр Мырзамурат аға менен бирге ислесип оннан өмирлик сабақ алып усындай күнге жеткениме оғада ырзаман.

Әкем жөниндеги бир қанша анық мағлыўматларды колхоздың дәслепки «Таза қоныс» атанған гезинен бирге түпкиликли жасаўшы адамы болған, ҳәзир сексен жасына шығып отырған, екинши жер жүзилик урыстың майыбы Аллабай аға Бекманов айтып берди.

—Умытпасам, 1930-жыллары Хожели қаласының дөгерегиндеги («Сүрим», «Қайрақлы» деген жерлердеги) дара хожалықларды Шийши, Қораз ойға көширип апарып колхоз дүзгенин билемен. Шийши»де дүзилген дәслепки колхозды «Қызыл қалаш» колхозы деп атады. Оған баслық болып Тилеўберген Таман улы белгиленди. Молла Жуманияз колхоздың есап-санақ жумысларын алып барыўшы ячейка ағзасы еди. Мениң анам Гүлзийра Оразымбет қызы колхозда ҳаял-қызлар бөлиминиң баслығы болып белгиленди. Ол гезде баспашылардың ҳәрекети жүдә күшли еди. Жаңадан дүзилген колхоздың мал-мүлклерин, ғәллелерин баспашылар тосыннан келип, талап алып ямаса қыйратып кете беретуғын еди. Бул жағдайдың аўырманлығы көбинесе сол гездиң басшы адамларына тийди. Тилеўберген атамыз бенен молла Жуманияз ағаларымыз колхоз мүлкин талан-тараж етип, баспашылар менен байланыста болған деп айыпланып айдалып кетти. Колхозға Қудайберген аға, Исмет аға усағанлар азғана ўақыт баслық болды, оларда келистире алмай, ГПУ диң тергеўинде болып, зорға қутылып қалғанын билемен. 1931-жылдың ақыры, 1932-жылдың басында «Шийши» де қуралған бул колхозды усы ыдыраған ҳалында Бегжаптың бойына көширип әкелип, сол жердеги жыйналған 40 лаған дара хожалыққа қосып, «Таза қоныс» деген ат пенен жаңадан колхоз дүзди. Усы колхозға баслық сайлаған жыйналысында мен анам менен барып қатнастым. Жыйналысқа қаладан төрт атлы адам келди. Соның ишинде Өскинбай милиция, Өтемуратов Әмет («Әмет пушық» атанып жүрген, ол кисини Шоманайда танымайтуғын адам жоқ. Дәслепки Таза базардың шөлкемлестириўшиси еди) деген екеўин билемен. Қалған екеўин танымадым. Солар колхозға баслық етип Мырзамурат аға Абдуллаевты, мениң анам Гүлзийра Оразымбет қызын ҳаял-қызлар бөлиминиң баслығы етип сайлап кетти. Анам 1941-жылға шекем колхозда жен.отдел болып ислеп, кейин бала-бақшаға баслық болып, 50-жылларға шекем Мырзамурат баслық пенен бирге ислести. Анам күтә бир ғайбар нашар еди, ерлер менен қатар турып, көп мәселелерде әдиллик көрсетип, орынлы сөзин айтып халық пенен жақын қатнаста жасады.





Төребай
**АБДУЛЛАЕВ**



Саятхан
**АБДУЛЛАЕВА**



Орынбай
**ТӨРЕБАЕВ**



Қыдырбай
**ТӨРЕБАЕВ**



Қутлымурат
**ӘЎЕЗМУРАТОВ**



Айтбай
**АЛЛАМБЕРГЕНОВ**



Абылла
**ЗИЙЎАТДИНОВ**



Амангелди
**ЖУМАНИЯЗОВ**





Медет



Раматулла





Ерполат



Емберген



Марат



Мириўбет



Бахрам



Бийбиайша



Сулыўхан



Шийрин





Ринат



Эльмира



Пиржан
**СЕЙТОВ**



Жуманазар
**БАЗАРБАЕВ**



Шәрибай
**АМАНГЕЛДИЕВ**



Жолымбет
**СЕЙТНИЯЗОВ**





Атанияз
**СӘРСЕНБАЕВ**



Марат
**НУРМУХАМЕДОВ**



Шүкирулла
**ИДИРИСОВ**



Алламжар
**ҚОШҚАРОВ**



Тилеп
**САРИЕВ**



Жуманияз
**ДӘЎЛЕТИЯРОВ**



Жумамурат
**МЫРЗАМУРАТОВ**



Узақберген
**ТИЛЕЎМУРАТОВ**





Аллабай
**БЕКМАНОВ**



Туржан
**САРИЕВ**



Жумабай
**МӘМБЕТНАЗАРОВ**



Халмурат
**ЕСИМБЕТОВ**





Нәлетий урыс кимлердиң жүрегине аўыр жараны салмады дейсиз. Аллабай аға Бекмановтың шаңарағына, оның өзиниң жеке турмысына урыстың көрсеткен азаплы жағдайларын колхоздың барлық хожалықлары биледи. Бир шаңарақтан үш жигит, бир ғарры төртеўи кетип, соннан бир Аллабай аға жарым-жарты ҳалда, еки аяғынан айрылып майып болып келди.

Қыдырбай аға контузия ҳалында қалды. Аллабай ағаның өзи менен сөйлескенимизде ол киси былай дейди:

—Анам меннен үлкен Дурдыбай, Қыдырбай деген балаларын тақ турып урысқа жибергенин халық биледи. Маған да армияға кетиўге шақырық қағаз берилгенде ҳеш қандай мунаймастан мәртлик пенен Ўатан жаўын жоқ ет, балам,—деп еки бетимнен шорпылдатып сүйип, көп қатарына қосқанын жақсы билемен. Бизлер үшеўимиз армияға кеткеннен кейин әкемиз Бекманды да батальонға алып кетипти. Бир шаңарақтан төрт адам Ўатан ушын хызмет етиў не деген қаҳарманлық! Бир ағам менен әкем хабар-атарсыз жоқ болды. Майыплық ҳалда елиме келип, туўғантуўысқанларымның жәрдеми, колхоз басшыларының көмеги менен үйлижайлы болып, шаңарақ қурып, хожалық дүзеп қатарға қосылып кеттим. Алты балам бар. Ҳәзир жақсы жағдайда жасап атырман.

Бизиң жетим-жесирлик, майыплық ҳалымызға жақыннан көмек көрсеткен, ғамхорлық еткен адам Мырзамурат баслық болды. Бул киси қай жердеги жетим-жесирдиң, кембағал адамлардың панагөйи еди. 1954-жылы анам өлгенде Мырзамурат аға бас болып, жақыннан жәрдем көрсетип, анамның барлық лазымларына көмек берди. Мен бул кисиниң жақсылықларын ҳеш ўақыт умытпайман. Колхозда өзим жасайтуғын бригадта Жанназар, Исмайыл, Қойлыбай деген бригада баслықлары болғанда, Аллабайдың жерин егип бердиңлер ме деп сорап турар еди. Колхоздың дәслепки дүзилген жылларынан бир ўақыяны айтып берейин. 1931—1933-жыллары «Таза қоныс» колхозы болып дүзилгеннен кейин, халық жәмәәт болып ислесиўдиң мәнисине түсинисип, колхозда берилип ислеп жүргенде бизиң бир Рейпназар деген ағамыз колхоздың есапшысынан мийнет ҳақысына үш килограмм 900 грамм қант, еки кило 800 грамм ақ май, 850 грамм шай алатуғын болыпты. Соған өгиз арбасын қосып барыпты. Бул не десе кеше өзиң 900, 800, 850 грамм демедиңбе, бунның бәрин мен қалай көтеремен деп арбамды қосып келип турман депти. Ҳәмме соннан баслап бул ағамызды Рейпназар аңқаў деп атап кетипти.

* * *

Шоманай елаты аймағындағы шөллик, тоғай астынан жер ашып, жаңа мәканға халықты қонысландырыўдағы мийнети зор, хызмети айрықша азаматлардың қатарында Атанияз аға Сәрсеновтың атын өзимниң еске түсириў китабымда атап өткенди оғада орынлы деп есаплайман. Себеби, әкемниң заманласы, ел басқарыў өнериндеги шын берилген шәкиртлериниң бири. Мениңше, жасаған заманында бизиң әкем менен Атанияз

аға биринен-бири үйренген, бирине-бири ақыл-кеңес берген, сол дәўирдиң қыйыншылығын тең тартып, қуўанышын да бирге бөлискен.

Атанияз аға 1943-жылдың бәхәринде Хожели районлық тоғай хожалығында ислеп атырғанда жоқарының тапсырмасы менен Шоманай елатына жумысқа жибериледи. Әйне күшине толысқан шағында от жүрекли, ғайратлы жас жигит Шоманайдың тың партаўын кейин шегиндирип өзлестирип, егислик жерге жаратыўда күнди-күнге, түнди-түнге уластырып жан пидайылықта мийнет ислейди. Нәтийжеде жигерли жас жигиттиң басшылығында ашылған жерге, тың қойнына ямаса хәзирги ўақыттағы «Ташкент» хожалығы аймағына халық көшип келип тыянақлы қоныс басады.

Жаңадан ашылған жерде, жаңа мәканда арадан көп ўақыт өтпей-ақ, колхоз шөлкемлестиреди де, оған Атанияз аға партия шөлкеминиң хаткери болып бекийди.

Жай бир мысалда жасыүлкен отағасының сол замандағы мәртлиги менен батырлығы, ҳақыйқатшыл екенлигин айтып өтемен.

Ол Хожели районлық партия комитетиниң III партконференциясында шығып сөйлейди. «Бизиң колхоз 1947-жылы пахта жобасын суўдың тамтарыслығының себебинен 66 процентке ғана орынлап қалды. Сондай-ақ, көк егис планларымызды да еге алмадық. Партия шөлкеми партия қатарына бир де адам алған жоқ. Себеби, колхозға хожалықлар хәр жерден көшип келген. Бизге районлық партия комитетиниң инструкторлары, пропагандистлери жәрдем берип турмады» **(Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң архиви, фонд, 109, опись 2 дело, 46-34-бет).**

Келеси 1948-жылы өзи ислеп атырған колхозға басқарма баслығы болып сайланады. Оның ел басқарыўдағы укыбы, искерлиги, шеберлиги есапқа алынып, 1949-жылы «Қарабайлы» аўыллық кеңеске басшылық етиўге жумсалады. Ал, 1952-жылы үш колхоз қосылып, оған басшылыққа өтеди. Сол жылы колхоз бойынша 800 гектар егислик жерге пахта шигитин таслап, мәўсим ақырында хәр гектар жерден 18 центнерден зүрәәт жетистирилди. Бул бурынғы жылларда алынған өним менен салыстырғанда бир қанша жоқары көрсеткиш. Ол буннан соң ямаса колхозлар совхозға өзгертилип, қайта дүзиле баслағанда «Шоманай» бөлиминиң басқарыўшысы болады.

1957-жылы ол басқарған бөлим 650 ектар егислик жериниң хәр гектарынан 23 центнерден «ақ алтын» жыйнап алады.

1963-жылы «Шоманай» бөлимине тағы бир бөлим бириктирилип, 1100 гектар жерге пахта егеди. Бөлим районда ең жоқары зүрәәт жетистиреди. Усы табысына, мийнетине бола оған «Волга» жеңил машинасы сыйлыққа бериледи.

Шоманай елатының белли азаматларының бири, белгили баслықлар қатарында тилге алынып, атын мақтанышлы түрде атап өтпеге бирден-бир ылайық инсан, қай лаўазымда болса да халық хызметине жараған ел ағасы, Шоманай шөлиниң есигин дәслепки ашқан шөлкуўарлардың қатарында орны гиреўли Атанияз аға Сәрсеновтың әкемди устаз тутып,



әкемиз оны шәкирти сыпатында сыйлап, ели-халқының ғамы ушын қатар кәдем таслап, баҳадырларша хызмет ислегенин зор мақтаныш пенен айтып бүгинги әўладқа жеткерип атырман.

* * *

Шоманайда хожалық басқарыў исинде ел аўзында, журт жүрегинде исмлери сақланып қалған басшы азаматлардан: Шәрибай Амангелдиевти, Алламжар Қошқаровты, Орынбасар Көккөзовты , Жаңабай Реймовты, Орақбай Худайбергеновти Мырзамурат Абдуллаевтың шәкиртлери деп биледи. Бунда хеш қандай асыра силтеў, қылаплық жоқ. Солар арасынан Алламжар Қошқаров әкемниң көбирек тәрбиясын көрген, ойын аңғарып, өзине үлги алған, журналист Шарап Уснатдиновтың айтқанындай «Алекең **(Алламжар Қошқаров А.С.)** хожалықты басқарыўдың барлық дигирманынан тири түсип киятырған кадр... еди» **(Шарап Уснатдинов «Кимге кеш, кимге таң сәхәр» повесть, гүрриңлер, эсселер Н. «Қарақалпақстан» баспасы, 2002-жыл 24-бет).**

Колхоз, совхоз, район сыяқлы ири хожалықларды басқарыў, халықтың тәғдирин ойлап, хүкиметтиң тапсырмасын орынлаў барысында ойланып, «жети өлшеп, бир кесип» исти шөлкемлестириў, жәмәәтти аўызбиршиликли түрде уйымластырып, изине ерте билиў ким болса соның қолынан келмейди. Хожалыққа басшылық етиў оғадажоқары укыпты, аса шеберликти, талантты талап етеди. Бул қәсийетлер, талаплар әкемниң шәкиртлериниң бири Алламжар ағаның бойында аллатала мүнәсип көрген дәрежеде қәлиплесип, жәмлескенин айтыўым керек.

Ол Шоманай районлық халық билимлендириў тараўын басқарған жылларында оғада шебер шөлкемлестириўши, искер басшы екенлигин көрсетти.

Билимлендириў тараўының қәнигелерин таярлаўда педагогикалық сезгирлик, мийримлилик пенен жумыс алып барды. Мәкемелерге басшы қәнигелерди таярлаўда көпти көргенлигин, өмирлик бай тәжирийбесин иске салып, изинде өшпес үлги, жарқын жол, дүрдана дәстүр қалдырды.

* * *

Әкемниң ең жақсы қатнастағы қыймас досты Тилеп болады. Екеўи арасындағы қарым-қатнастың қалың болғаны туўралы әкемниң мурындық атасы Қутлымурат сейис Жийемурат улының ертеректе басқаларға айтып отырғанын еситкен едим.

1935-жыллардың қарсаңында Тилеп Сариев хожалығында аўыр жағдай жүз береди. Оның ең үлкен туўысқан ағасы қайтыс болады. Изинде бир бала менен жесир ана қалады. Ел дәстүри бойынша «аға өлсе иниге, ини өлсе ағаға мийрас» болып қалатуғын жесир ҳаял ғыршылдаған жас жигит-

кәйниси Тилепке басын шатады. Ел дәстүрине бойсынса да, жас жигиттиң басқалар киби сүйгенине қосылып, өмир сүрсем деген әрманы жүрек төринде қоламта сыяқлы өшпеди, арадан жыл өткен сайын ушқынлап, жалынлап барды.

Өзи атқарып атырған хызметинен оның кеўили тоқ еди. Әкем басқарған колхоздың Тилеп Сариев басшылығындағы көк егис бригадасының дийқанлары жүўери, тары, мәш, кендир, гүнжиден бәлент хырман қызаллап, хожалық телегин толтырады. Бирақ, әкем достының кеўили ярым, алағадалықта жүргенин айтпай-ақ түсинип, 1947-жылдың гүзиниң ақырында мурындық атасы Қутлымурат ағаға:

—Аға, бүгин кеште апамды ертип үйге кел. Қызыңа аўқат писирип кой деп кеттим. Күндегиден ертерек қайтаман,—дейди.

Кешта аўқат желинеди. Изинен сөйлесип отырады. Әкем мурындық атасына:

—Қутлымурат аға, иниң Тилептиң жағдайын билесең бе? Кеўил хошы-мәниси жоқ, бәрҳама төмен қарап, тым-тырыс тунжырап жүреди. Он жылдан асып баратырса да, Райхан қурсақ көтермеди. Буннан былайғы ўақытта да етеги қанайды деп тәмеленбеге болмайды. Соның ушын Тилептиң бахыты-на кескеслемесин, қайтама жолын ашсын, ақ пәтиясын берсин. Бәрибир, Тилеп Райхан мене Базарбайды қор етпейди. Олай болса, Райхан менен ашықтан-ашық сөйлесиў керек. Сөйлесикке өзиң, апам, қызың—Жақсыбийке үшеўиңиз барың, қайтсеңиз де руқсатын алып қайтың. Егерде нийетимиз орынланса, арғы күни өзиңе Тилепти қосып Дурхожаның үйине жиберемен, қандай хожа көримин көрсетсе де, қызы Зәўрени Тилепке қосасыз. Сизлерге айтатуғыным усы,—деп сөзине жуўмақ жасайды.

Тапсырма бойынша Райхан менен сөйлеседи. Жеңгемиз Райхан қуўана-қуўана келисимин бергеннен соң, баласы екеўи басқа жайға көшириледи. Дурдыхожа да «Мырзамураттай елге аты таралған, бәршеге хүрметли адамның сөзин сыйламасақ болмас»,—деп ырзашылығын береди. Солай етип, Дурдыхожаның қызы «Моншақлы» аўылына келин болып түседи. Тилептиң еңсеси көтериледи, жүзине қан енеди, өмири нурланады. Ашық дәстурханлы, кел-кетимли хожалыққа айланады.

Бирин-бири унатып қосылған ерли-зайып үш-ул, үш қызлы болады. Ҳәзир Зәўре апамыз жетпис бес жаста.

* * *

Әкемниң қараўындағы адамларды, соның ишинде тиришелеўин киши-гирим басшылыққа тартып тәрбиялаўдағы хызметин Есимбетов Халмурат аға мысалында келтирип өтпекшимен.

Халмурат аға дәслеп жубайы Турдыш пенен бирге Хожелиде ашылған тракторшылар таярлайтуғын қысқа курста оқып, 1939-жылдың март айында питкерип қайтады. Бирақ ол қолына жара шығып трактор айдаўға жарамсыз



болып қалғанлықтан, басшылықтың қоллаўы менен үйлерге хат-хабар тасыйтуғын почтальонлыққа өткериледи.

1944-жылы Халмурат аға «Нурай баба» тоғайындағы колхоз фермасын басқарыўға жибериледи. 1948-жылы усы жерден «Жданов» атындағы колхоз шөлкемлестириледи де, ферма маллары «Шийши» ге көшириледи. 1949-жылы «Әмиўдәрья» тасып, «Шийши»ни суў басады. Соған қарамастан маллар аман алып қалынады. Ферма баслығы Халмурат аға гүзде басыўдан бийдай ектиреди. Жазда мол өним жыйнап алады.

1954-жылы әкем—Мырзамурат баслық ҳәзир «Халмураттың аўылы» аталған мәканнан колхозға жер ажыратып алады. Әўеле адам жыйнап, соңы-нан дийқаншылық пенен шуғылланыўды Халмурат ағаға исенип тапсырады. Басшылықтағы устазы—баслықтың көрсетпеси бойынша биринши ретте төрт-бес хожалықты көширип әкеледи. Соңынан жаңа жерде жетпислеген хожалық мәкан басады.

Халмурат аға хожалықлар жыйналып келгеннен кейин биринши нәўбетте суў мәселесин шешип алыўға бел буўынып кириседи. Ленин каналынан саға алып, төрт километр аралықта қол менен жап қаздырады.

Өзлестирилген елиў гектар жерге пахта ҳәм басқа да егин ектиреди. Солай етип, төрт-бес үйден қуралған аўылды соңынан етекли елге айналдырады. Дәслепки гезде төрт жыллық, ел толысқан соң сегиз жыллық мектеп салдырады.

Бүгинги күнде әкемниң алысты гөзлеп ис апарыўы арқасында қутлы-берекетли мәкан болған аўылдың балалары орта мектепте оқып атыр.

Усылайынша әкем ҳәр бир адам, ҳәр бир басшыны уқыбына ылайық жумсап, қәдем сайын тилден, ис жүзинде жәрдем береди, өзине қол-қанат адамларды тәрбиялап жетистиреди.

Халмурат ағаның өмир жолы, халқына ислеген хызмети—әкемниң адам тәрбиясындағы есте тутарлық үлгили ислериниң бирине жатады.

* * *

«Жақсыдан бағ қалады». Әкем Шоманайда колхозды басқарғанда хожа-лықтың аймағы оғада кеңейип, колхоздағы жумыслар кем-кемнен раўаж алып, халықтың турмысы қурғынласа баслайды да баслықтың ойына бағ жаратып, халықты мийўе-жемис пенен тәмийинлеў нийети жүзеге келеди. 1946-жылы ҳәзирги А. Муўсаев атындағы ширкетлер хожалығының Бердақ атындағы бөлиминен үйдей торaңғылларды шаптырып, томарын қопарып партаўдан жер аштыра баслайды. Жәми жигирма бес гектар жер тыңнан ашылып, бағ орны белгиленгеннен кейин Дәўлетияров Жуманияз деген кисиге бағманшылық пенен шуғылланыўды исенип тапсырады. Колхоздың орайына жақын «Ақ жаптың» бойынан бес гектардай жер ашып, оған бағ егиўди Қалыйла деген кисиге тапсырады.

Жуманияз бенен Қалийланың шүнликлеп тиккен ақ тереклери, ерик

жийделери, алма жүзимлери, кәрели-шабдаллары колхоз мийнеткешлериниң көз алдынан еле кеткен жоқ. Бағман бағ ексе, ол көгерип шығып жетилисип мийўе берсе, ол мийўени халқы жесе, бағманнан бахтияр адам болмайды. Жуманияз бенен Қалыйлалар халқына бағынан жемис жегизген ҳақыйқый бахтияр бағманлар еди.

Жуманияз бағманның ул-қызлары ҳәзир Шоманай қаласында жасайды. Оның кишкене улы Хожан әкесиниң бағманлық еткен мәканында, ширкет хожалығының палыз егинлерин егип отыр. Бағманның үлкен баласы Амангелди Жуманиязов ҳәзир Шоманай районлық халық билимлендириў бөлиминде инспектор болып ислейди. «Бағ абад болғанша жигит картаяр»,— деп Ғафур Ғулам айтқанындай, Жуманияз аға қартайсада халқына рәҳәт көрсетти. Усындай бағман аталарымыздың жақсы мийраслық дәстүрлерин ҳәзирги заман жаслары даўамласа қандай жақсы болар еди!

* * *

Белгили мәмлекетлик ғайраткер, персональ пенсионер Узақберген Тилеўмуратов әкем туўралы былайынша гүррин етеди. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының әдиўли азаматларының бири Өзбекстан Республикасына мийнети синген пахтакеш, республикамыздағы баслықлардың лашыны Мырзамурат Абдуллаев пенен 1953-жылдың июнь айында ушырасып, дийдарласыў несип етти. Мен сол жыллары областьлық комсомол комитетининң аўыл-хожалығы бөлимининң баслығы болып ислейтуғын едим. Бул дәўирде ол басқарған колхоз пахтадан жоқары зүрәәт жетистирип, ҳәр гектар жерден 25-30 центнерден өним алып, республикамызда миллионер колхозлардың қатарына қосылды. Усындай үлкен табысларына бола область жасларының жетекшиси Дәўлетбай аға Дәўлетмуратов бюро мәжилисиң жобасына колхоз жасларының пахташылықта, мал шарўашылығында, басқада тараўларда белсенди қатнасыўы ҳаққындағы мәселени көрип шығыўды киргизди. Бул мәселени бюро мәжилисине таярлаў маған тапсырылды. Шоманай районы жасларының биринши хаткери Әлий аға Мырзабаев пенен атлы колхозға жетип барып, баслықтың кеңсесине кирсек Мырзамурат аға күтип отырған екен. Мырзамурат аға жумысымыздың бағдарын билип алғаннан соң бизлерге жәрдем берип, қасымызда жүретуғын адамларға таныстырды. Бизлер сыртта жүрип өзимизди қалаға келип, соның көшесинде қыдырып жүргендей сездик. Колхоз кенсеси, бес жүз орынлық клуб, орта мектеп, дүкан, монша, радиоузел халық хызметинде еди. Колхоз орайынан еки жүз хожалыққа мөлшерленген ҳәм бес көшеге бөлинген тазадан турақ жайлардың салынғанын көрдик. Көшелерге электр жақтысын жеткерип беретуғын сымлар тартылған, терек егилген, бәри де кеўилди көтерип, ықласыңды тартады. Аўылды аралап, жаслар менен сөйлесип, жағдайлары менен танысып, үш күннен кейин клубында комсомол шөлкеминиң жалпы жыйналысын өткердик. Жыйналысқа еки



жүзден аслам жаслар қатнасты. Мырзамурат аға жаслар алдында шығып сөйледи, олардың мийнетине әдил баҳа берди, алда турған жуўапкерли ўазыйпаларға toқтады. Әсиресе, оның жаслардан жоқары оқыў орнына кирип, белгили бир кәнийгеликти ийелеп қалыўын талап еткени, оның узақты гөзлейтуғын, ертеңги күн машқаласы менен жасайтуғын басшы екенлигин аңлатты. Жоқары оқыў орынларында билим алып атырған жасларға колхоз есабынан жәрдем бергизип, коллап-қуўатлайтуғынын өз аўзынан еситкенде оғада сүйсинип, оғада канаатланып қалдық. Солай етип, мен усы рет Мырзамурат ағаның қанша алғыс айтсаңда аз көринетуғын мийнетин бюро мәжилисинде мысал келтирип билдирип, бундай әдил, қайырқом басшылар елдин дәўлети болатуғынын айттым. 1954-жылы март айында Нөкис Педагогикалық Институтында оқып атырған Нурмухамедова Мәриямға үйлендим. Оннан бурын танысқан ўақтымда, ол Мырзамурат ағанын үйиниң қасында жасайтуғынын, әкеси репрессия қурбаны болып қамалып кеткенинде үй—ишине қайырқомлық көрсетип, баўырынан баспана берип, ашлық, қорлық, жалаңашлықтан қутқарып қалғанын көзине жас алып айтып берди. Қосылыў тойымызға қатнасып, еки жасқа Мәриямның әкеси Көптилеў Нурмухамедовтың атынан ақ пәтия берип, бахытлы өмир, жарасықлы жубайлық тиледи. Бул мениң Мырзамурат ағаны екинши мәртебе көриўим еди. Мениң жумыс орным, ийелеген лаўазымым, тез-тезден өзгерип турды. Жаслар Аўқамынан кейин Ишки Ислер Министри болып шыға келсем, бул лаўазымды тапсырғаннан соң районларда басшылыққа еристим, совхозларда директорлық еттим. Қулласы, дем алысқа шығаман дегенше, ҳәмел жорғасын сүрген жылларымда да Мырзамурат аға қутлықлап келип, ақыл-нәсият берип турды. Бүгинги күнде арамызда жоқ,бирақ изиндегилерге өмир сүрип,бул жарық әлемде жайнап жасап, елге хызмет ислеўдиң бийик үлгисин мийрасқа таслап кеткен Мырзамурат аға ели-журты жүрегинде мәңги сөнбес жулдыз болып қалады. Атамыздың қостары, жарасықлы жубайы Жақсыбийке апамызда зайыбына ылайық болды, ериниң жүзин төмен қаратпады, қайта мәртебесин асырып, бахытлы өмир сүриўинде ҳадал жолдас болды .

* * *

..Мениң жоқарыдағы айтылған сөзлерге, еске түсириў менен тәриплеўге қосымша қылатуғыным мыналардан ибарат.

Әкем күтә қарапайым, жай мийнеткеш адам еди, мәҳәлинде миллионер колхоздың мине деген, көрнекли басқарма баслығы бола турып, ҳәр қайсысы кеминде тоқсан-жүз гектарлық егис майданына ийе болған, биринен-бири шашаў жасайтуғын, арасы алыс жигирма сегиз бригададан қуралған төрт совхоздың көлеминдеги майданды өзине бекитилип қойылған автомашинаға минбей, усы узақ аралықтағы кишкене хожалықты азыкем жорға жүриси бар көк аты менен айналып, қайтатуғын еди. Буны мен

айрықша айтып дыққатлап өтпесем де, бәри бир дуйым журт әлле қашан биледи. Әкемниң бул қәсийети оның әпиўайылығынан, албырамай, дәлдиреклемей жай жүристе адамлар менен жол-жөнекей көрисип, аўҳалын билип, керек жеринде көмек берип кететуғынын аңлатады. Сексен еки жыл жасап, соның қырық жылға шамалас ўақтында атқа минип, ел басқарған әкемниң, елге, халыққа басшылық етиўдеги адамгершиликке толы пазыйлетине Аллатала минәсип көрген әдиллик, инсап, қәнәәт, ақыл менен парасат, терең уқып пенен ойлылық толып турған еди.

Егерде ананың ер балалары бир неше болса, олар үйли-жайлы болып кеткеннен кейин ана ең кишкене баласының қолында жасайтуғыны бурыннан киятырған дүрдана дәстүр. Әкемиздиң анасы—Бийжан кемпир генже баласы Төребайдың қолында болды. Дәстүрге садық әкемиз туңғыш баласы мени анасының баўырына басты. Соннан мектепти питкергенше сол үйде өстим. Төребай әжағам ата-анасының генже баласы болғанлықтан, минези шатақлаў, қыйқаңлығы басым еди. Әкем оның өмирден өз орнын таўып кетиўине қатты кеўил бөлди, бирде бастырып қатты айтып жөнге салса, бирде жумсартып жасы үлкенлик ақыл-кенеси менен инисиниң ел арасында абыройының артыўына күш салды. Мен оныншы классты питкергенше үйинде жасаған, әжағам емес, ал әкем санап жүрген Төребай әжағам өмиринше бала оқытып, бала тәрбиялап, билимлендириў тараўының белгили белсендиси болды.

Төребай әжағам А.Муўсаев атындағы совхоздың аймағындағы Бердақ бөлиминде жайласқан Күнхожа атындағы баслаўыш мектептиң негизин салған азамат болып есапланады. Бул мектептиң орнын өзи пишеди, тырнағын қалайды, аўыл адамларының көмеги менен төрт өжирели, узына бойы дәлиз-мектеп жайын салып питкерип, жаңа мектепте аўыл балаларының терең билим алыўына жақсы мүмкиншилик туўдырады. Халық Төребай әжағамның зор мийнетин әдил баҳалап, сол мектепти «Төребайдың мектеби»—деп атап жүрди. Халық билимлендириў тараўының пидайысы Төребай Абдуллаевтың бала оқытып тәрбиялаўдағы, мектеп жайын салыўдағы мийнети дурыс баҳаланып, оған 1960-жылы «Қарақалпақстан АССРына мийнети сиңген муғаллим» хүрметли атағы берилди. Бул сыйлыққа Абдуллаевтың шаңарақ ағзалары қатты қуўанып қалды.

Төребай ағамның төрт ул, бир қызы бар. Ең үлкен баласы—Орынбай Төребаев 1946-жылы туўылған. Жоқары мағлыўматлы. 1968-жылы Самарқанд Мәмлекетлик университетиниң шет тиллер факультетин питкерген. Ҳәзир Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң «Шет тиллери» бойынша кафедра баслығы. Доцент лаўазымында ислеп жүр.

Оннан тете екинши баласы—Қыдырбай Төребаев 1951-жылы туўылған. Жоқары мағлыўматлы. 1974-жылы Ташкент мәмлекетлик университетиниң юридика факультетин питкерген. 1974—81-жыллары Шоманай районлық ишки ислер бөлиминде аға тергеўши, 1981—86-жыллары Қоңырат районлық ишки ислер бөлиминде тергеў бөлиминиң баслығы болып иследи.



1986-жылдан Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң аға тергеўшиси лаўазымында ислеп, 1986-жыл ноябрьден Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судының ағзасы, 1995-жылы майда Республика Жоқарғы судының ағзалығына қайта сайланды. Республика ҳүкимети оның мийнетлерин жоқары баҳалады, ол 1994-жылы «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен юрист» ҳүрметли атағына миясар болды.

Төребай әжағамның «арпа ишинде бир бийдай» дегендей жалғыз сүйикли қызы Саятхан Абдуллаева.

Абдуллаевлар әўладының барлығы жақсы көрип аймалаған, ай-күнге теңеп әлпешлеген қарындасымыздың бойында, ойында байтерек—уллы атаның қәстерли қәсийетлериниң жәмлениўи, жасы улғайған сайын булақтай көз ашып, таў шыңындай бәлентлеп баратырғанын көрип сүйсинип кетемен, толып-тасып қуўанаман.

Әкемиз бирге өскен инилерине, оларға қоса туңғыш улы маған қатал, оғыры қатты қол болды. Егер де өткен өмиримди қайтадан көз алдымнан өткерип, басып өткен жолым, алға таслаған ҳәрбир қәдемимдеги жиберип қойған қәте-кемшилигимниң пайда-зыянын айырып өлшесем, көтерилген бийигим менен қулдырап түскен қудығымды байқастырсам, әкем усындай қатал болмағанда, буннан да асып түскен қәтелик жиберетуғыным анық. Жан дүньясынан жасаған кеңислигине, заманына, адамларға жарық нур тараткан әкемниң терең педагогикалық билими болмаса да, адам жанын, тебиренисин түсиниўинде, тәрбия бериў бағдарында академикликке теңлесетуғын турмыслық саўаты барлығын мойынлайман мен. Әкемниң перзент, ақлықларының тәрбиясына жумсаған мийнети орасан зор, силтеген жолы нурлы.

Әкемиз базыбир күнлерде азаннан кешке дейин атыз аралап, кеште кеңселик жумысын питкерип, үйге қайтып киятырғанда ойнап жүрген кишкентайлар «ата»лап алдына жүўырып шығады. Сонда ол басқаларының кеўилин қалдырмайын деп бетинен сүйип болып, Саятты көтерип алып баўырына басып,бетинен сүйсинип сүйгенде, үлкен атаның оған меҳри күшли екенлиги билинип туратуғын еди.

Саятхан қарындасымыз ержете келе үлкен шаңарақтан тәрбия алып жетилгенин, уллы атаның тәрбиясын көргенин өз турмысында тастыйықлап барды. Аўылда орта мектепти питкерди, қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтқа кирди. Минези атасына усаған қайсар қарындасымыз мектепте оқыған, студентлик дәўиринде де республикада абыройы асқан атасының атынан пайдаланбады, усындай айбатлы шаңарақтан шықтым деп көкирек керип, мурнын көтерип мақтанбады. Мийўе питкен сайын төменшик болып, қатар-қурбысының, үлкен-кишиниң кеўилинен жай алып бара берди.

Студентлик жылларында өмирдиң булжымас нызамына бағынып, тәғдир тәртибине тән берип бойсынып, шоманайлы жигит Шарап Уснатдиновке қосылды.

Қарындасымыз—Саятхан шаңарақта ерине қостар ретинде, турмыста ийелеген кәсибиниң жетик маманы ретинде де басқаларға үлги бола алды. 1971-жылы институтты тамамлап шықты да, бирден бийикке умтылмастан, мийнет жолын Нөкистеги 4-санлы балалар бақшасында тәрбияшылықтан баслады. Балаларды күн сайын тәрбиялаў барысында өмир гүллериниң тәрбиясының қырлы да, сырлы тәреплерин билип алды, өзи ықлас қойған тәрбияшылық кәсипти терең өзлестирди, жәмәәти менен тәрбияланып атырған ул-қызлардың ата-аналарының ҳүрмет-иззетине бөленди.

Ҳәзирги ўақытта үлкен шаңарақтың бир шақасы—қарындасымыз 22-санлы балалар бақшасының басқарыўшысы, өмир гүллери—торсық шеке, шийрин тилли кишкенелердиң әдиўли анасы, мийирбан тәрбияшылардың ғамхор басшысы. Оның усындай жоқары мийнети есапқа алынып, буннан еки жыл бурын оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери» ҳүрметли атағы берилди.

* * *

Өткен әсирдиң қырқыншы жылларында аўыл хожалығын тракторлар басқа да машиналар және механизмлер менен техникалық қуралландырыў қызғын қолға алынды. Әсиресе бул гезде ҳаял-қызлардан механизатор кәнигелер дүзиў үлкен жетискенлик болды. Атағы шыққан механизатор П.Н.Ангелинаның шақырығы бойынша Қарақалпақстанның көплеген ҳаял-қызлары механизаторлық кәсибин ийеледи. **(«Қарақалпақстан АССРы тарийхы», II-том, 1977-жыл, 179-бет).** Усы жыллары колхоздан Есимбетов Халмурат, оның ҳаялы Турдыш Есимбетова, Ымаш жеңей Төремуратовалар Хожели МТСында тракторшылар таярлаў курсында оқып келип, 1940-1941 жыллары аўылда трактор айдады. Усылардан кейин Жәдигер Дәўлетияров, Сарыбайлар тракторшылық курсында оқып келип, белсенди тракторшылардан есапланып, колхозда жеделли хызмет атқарды.

Әкемиз отыз жылдан артық үзликсиз колхозға баслық болған жылларында қарапайым адамлар арасынан өзине сүйеў көретуғын мийнеткеш инилери де болды. Солардың бири «Сарыбай тракторшы» деп аталған ағамыз еди. Әкем адамларды минезине ылайық жумсап үйренген сыншыл, сезгир адам емес пе? Сарыбай тракторшы ҳаққында гейде мынандай гәплерди айтып отыратуғын еди:—Сарыбай басқалардай емес, көбинше марапатты сүйеди. Марапатын бер де, жумсай бер. Өзин отқа да, суўға да урады. Жумысты бир ислеп кетсе, оны тоқтатыў қыйын. Марапатын берген сайын жипектей жылтылдап, жарқырап сала береди. Усындай мийнеткеш, қара жумысты қарны қақ айрылғанша ислеп шаршасада, тоңқылдасып азарланбайтуғын адамлар ғой, мениң усындай табысларға ерисиўиме көмекши болған.



**«Аппақ жамылып арамызға қайтып келди»**

1997-жылы 19-мартта әкемниң атына қойылған ширкетлер бирлеспесинде Наўрыз байрамына уластырылып әкемниң естелигин ашыў мәресими болды. Оған республиканың орайынан Ҳүкимет ағзалары, белгили жәмийетлик ғайраткерлер, жазыўшы-шайыр, илимпазлар, районда әкем менен бирге ислескенлер, избасар инилери, шәкиртлери, туўған-туўысқанлары, үрим-путақлары, ширкетлер бирлеспесиниң мийнеткешлери, Наўрыз байрамын байрамлаўға жыйналған халайық қатнасты. Салтанатлы жыйналыста әкем туўралы үрим-путағының кеўилин толып-тастыратуғын жалынлы сөзлер айтылды, бирге ислескенлер еске түсирди, шайырлар ел ақсақалына арнаған қосықларын оқыды. Улыўма, Абдуллаевтың шаңарақ ағзаларына әкемиз тирилип келгендей сезилди. Мен әкем ҳаққында қаншама билемен деп ойласамда, билмейтуғыным, сезип анықламағаным толып атыр екен. Соның ушын усы салтанатлы жыйында көпшиликтен еситкен сөзлерди де китабыма енгизип, оқыўшыларыма усынғанды мақул көрдим.

**Журналист ШАРАП УСНАТДИНОВ:**

Мен Мырзамурат ата Абдуллаевты 1964-жылы көрип, оның менен дийдарласып сөйлесиўге миясар болдым. Ол ўақытта ТашМУ ниң журналистика факультетиниң студенти едим. Ташкенттен дем-алысқа келсем, «Совет Қарақалпақстаны» газетасында Қарақалпақстанның алпыс жыллығына бағышланып мийнет алдыңғылары ҳаққында жазылған очерклерге таңлаў өткерилип атыр екен. Усы газетада ислеп атырған достым Азат Бердишевқа очерк жазып таңлаўға қатнаспақ нийетимниң барлығын билдирдим, ол жақсы нийетимди қуўатлады. Өзим шоманайлы болғаным ушын, очеркиме қаҳарманды Шоманай елатынан таңладым. Сол ўақытта аты,даңқы елге жайылып, кимсең Мырзамурат баслық атанып атырған Мырзамурат ата менен сөйлестим. Ол өзи ҳаққында ири ғабасын айттыда... қалғанын Темирхан биледи деп бас есапшысына силтеди. Оның менен бир-еки күн арқайын сөйлесип, атамыздың өмир жолын, бастан кеширгенлерин журтқа жайылған атаққа қалай ерискенин билип алдым. Темирхан аға баслығы ҳаққында айтып берген әңгиме, жыйналған мағлыўматлар тийкарында жазылған «Ғайрат» атамасындағы очерким газетада жәрияланды және сыйлыққа миясар болды.

1942-жылдың февраль айында оның басшылығындағы колхоздың мийнеткешлери Шоманайға көшип келеди. Жер төле қазып, қыслап шығады. Жер ашыў басланады. Жыңғыллар шаўып алынып, томарын қопарады да бир жерге үйилип өртеледи. Сол үйилген өли томарлар бир неше күнлеп жанып жатқан. Шөл қойнынан ашылған жерге бәҳәрде суў ашқанда қурдым оқпаны қатты бүлгиншиликке салған. Ағызылған суўды неше күнлеп

симирип тарткан, соның ушын қатарына еки салма қазылып, биринен оқпаны бар жерге жиберилип қойылғанда, екиншисинен шелленген жерге суў ашылған. Қулласы, тыңнан жер ашып, егислик жерге жеткеремен дегенше көп мийнет жумсаған.

Мырзамурат Абдуллаев оғада сыпайы, сыншыл адам еди. Көп сөйлегенди қәлемейтуғын сөзи менен иси бир оғада тыянақлы киси еди. Жумыста тәртипке беккем болса, хожалық жағдайы бойынша баўырман, қараўындағы адамлардың күн көрис-тиришилигин бир майданда естен шығармаған.

Усы орында азыкем шегинис жасап, журналист пенен оқыўшыларды таныстырғанды мақул көрип отырман. Белгили мәмлекетлик искер, талантлы журналист Шарап Уснатдинов түпкиликли Шоманай елатының мақтанышлы азаматы. Ол өзинин 2002-жылы жарыққа шыққан «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр...» атлы китабының «Хүрметли оқыўшыларыма !» деген кирис сөзинде, өспирим, жигитлик дәўирим Шоманайдың қунарлы боз топырағына усаған кең пейил адамлар арасында қәлиплести. Менин тийкарынан есимди билип, арттырған дос-яранларым менен танысбилислерим Шоманайда. Олар мени өз перзентлериндей көреди, мен де оны өнип-өскен мәканым деп билемен»,- деп орынлы пикир айтып, китаптағы публицистикалық повестьтиң сюжетлик ўақыясы усы өзинин ержеткен мәканындағы халықтың турмысынан алып жазылған. Повестте белгили диийқан, Шоманай елатының көпшилигине танылған хүрметли ақсақалы Мырзамурат баслық пенен усы Шоманай елатының жергиликли халқының арасынан өсип жетилискен «Хожалық басқарыўдың барлық дигирманынан тири түсип киятырған таяр кадр» сыпатында мәҳәлинде шақмақ тастағы ушқындай жарқырап көзге түсип жүрген А.Қошқаровтың ҳәм «Шоманай» совхозының директоры С. Төремуратовлардың образы өз аты, өз сыпатлы белгилери менен исенимли көрсетилген.

«Мырзамурат баслықтың аўылы» деп аталатуғын гүрең ел тап Моншақлыға дейин толы...Атадан балаға бәри усы аўылда жасап киятырған адамлардың арасында мынаў ағайин, мынаў қонсы деген түсиниклердиң арасы биригип кеткендей, биреўден-биреўди бөлеклеў қыйын... Соңғы ярым әсирге шамалас өткен дәўир ишинде бул аўылдың той лазымы бул кисинин рухсаты яки басшылығысыз өткен емес. Ҳәзир хожалықтың бир бөлимине айналып қалған бул аўыл, бурынлары колхоз орайы еди. Район бойынша тахта поллы, айналарына, сахнасына қызыл ғыжым мақпалдан перделер тутылған мәденият клубы тек усы хожалықта ғана болды... Булардың бәри усы Мырзамурат баслықтың хызмети екенин атадан балаға шекем биледи. Ал ҳәзир ол киси тек усы әтирап емес пүткил район халқының ақсақалы «аўылдағы ҳәр бир жигит-қыздың атасы» (китаптың 10, 38-бетлерин қаран).

«Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист» Шараптың журналистика тараўындағы хызмети 1964-жылғы терең мазмун шебер көркемликте жазылған «Шоманайда бир қыз бар» очерки менен басланады. Ол журналистикаға жаслар газетасы арқалы кирип келип,



«Толқынла Көкшийел, дәўранын келди», «Ғаррылықтың жетинши бәҳәри», «Нөкисте жүрсемде Арал ойымда» т.б очерклери менен журналистикадағы орны белгиленди. Кейин «Совет Қарақалпақстаны» (ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан») газетасына жумысқа өтип, «Көзлерде үмит отын тутандырыўшылар» очерки менен бул жанрға кутлы қәдем таслады. «Қыдырнияздың стадионына барайық», «Бүгинги Мамый мийнет майданы», «Қарақалпақстан қызына 445 хат», «Европаға екинши дәрўаза» дегендейақ, «Хирургтиң умытылған күнделигинен», «Қайдасыз, қалайсыз жигитлер?» очерклеринен баслап, «Данышпанларды өлгеннен кейин де тынышына қоймайды», «Қарақалпақтың хаяллары да балаларды туўып атыр», «Қарақалпақстан аймағында атом полигоны бар ма?» деген публицистикалық шығыўларға дейинги басып өткен дөретиўшилик жолы Қарақалпақстан журналистикасына қосылған үлкен үлес болды.

Шарап 1971 1976-жыллары Жаслар газетасының жуўаплы секретары, соңынан 1976—78-жыллары редакторы лаўазымынан ҳәм 1981—85-жыллары «Совет Қарақалпақстаны» газетасы редакторының орынбасары, 1988—1990-жыллары усы газетаның бас редакторы лаўазымында иследи. Бул аралықта Шарап Уснатдинов ҚҚ АССР Гостелерадиосының телевидение бойынша орынбасары, Қарақалпақстан мәденият Министрлигинин коллегия ағзасы, мәмлекетлик сазлы театр директоры, Өзбекстан Компартиясы Қарақалпақстан обкомының идеология бойынша хаткери лаўазымында иследи ҳәм мәдений ҳәм билимлендириў салаларында шөлкемлестириўшилик пенен жемисли мийнет етти. Шоманай районының 111-санлы сайлаў округинен Қарақалпақстан халық депутаты сыпатында республиканың сиясий жәмийетлик турмысында белсендилик көрсетти. Республикалық басқоспа мәжилислеринде, ғалаба мәлимлеме қуралларында шығып сөйлеўлеринде, халық мәпи ушын өткир машқалаларды батыл ҳәм кескин қойыў менен халқымызға белгили болды.

Ол Ғәрезсиз Өзбекстанымызда 1992-жылдан баслап ўәлаят, қала ҳәм районларда басқарыўдың ҳәкимлик институты дүзилиўине байланыслы 1992-жылдың май айында пайтахтымыз Нөкис қаласының биринши ҳәкими болып сайланды және бул лаўазымда 1994-жылдың октябрь айында Өзбекстан Республикасының мәденият ислери бойынша Министриниң орынбасары болып белгиленгенше иследи. Солай етип Шарап Уснатдинов 1994-95-жыллары Ташкент қаласында Министр орынбасары, ал 1995-жылдың февраль айынан 2003-жылға дейин Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық хызмет көрсетиў Министри лаўазымында иследи.

* * *

—Мен Мырзамурат ағаны 1942-жылдан баслап таныйман дейди Жолымбет Сейтниязов—Нураный ақсақал. Арыслан жүрекли азаматтың халық ушын ислеген исин, мийнетин баҳалап, естелигин тиклеўге

атсалысқан азаматларға рахмет. Мырзамурат аға жигиттиң султаны, Қарақалпақтың сұңқары еди. Басшы жумысқа ерте араласты, аш-жалаңаш халықты изине ертип, бахытқа қарай баслап барды, ғайратлы, бир сөзли, жүреги ғамхорлыққа, аяўшылық сезимге толы басшысының изине халқы үлкен исенимде ерди. Шоманайға да ол басқарған колхоздың мийнеткешлери усындай исенимли азаматтың изине ерип келди.

Шоманай шөлин өзлестириўде небир қыйыншылықлар, не бир аўыр күнлер бастан кеширилди. Қара мийнеттен қашпайтуғын, керисинше, мийнетте шыныққан сайын полат киби тапланатуғын адамлардың шыдамлылығы нешше дәстанға мазмун болады. Көшип келген күнлеринде аўыз суўдың өзи табылмайтуғын еди. Алыс жерлерден тасып келинди. Бир сапары бизлер Шоманайға келгенимизде, сона деген жаўынан қатты қыйналдық. Түслик аўқатты қурылған пешехана ишинде отырып жегенимизди еле умытпайман. Мырзамурат аға менен адамлар сона менен шыбынға көнлигип кеткен еди. Мырзамурат аға алысты гөзлеген, келешекти ойлаған ақыллы басшы болды.

Даңғырлама клуб, мектеп, медпункт салдырып, халқының хызметине жаратты. Мийнеткешлердиң балалары жоқары орынларында оқыўына жәрдем берип, хожалық ушын кәниге таярлап узаққа көз жиберип ис жүргизди.

Шоманайға қарай Қарабайлы, «Ақ жап» каналларын қаздырып, тиришилик тиреги гәўхар суў жеткериўдиң бас-қасында болды.

Мырзамурат аға заманында бахытлы өмир сүрди, үркердей сәўле шашып, изинде жақтылы күн, өнегели-өрнек боларлық үлги таслап кетти. әсиресе, сонша баслықлардың арасынан бир өзиниң үлкенлерге сыйласықлы болыўы оның қандай тулға, қандай әжайып инсан екенин көрсетип турады. Ол өзиниң қатарлары Мәтеке Жуманазаров, Пиржан Сейтовлар менен дос, дәстурханлас еди. Олар бирин-бири толықтырып, бирин-бири жетилистирип баратуғын, халқымыздың маңлайына питкен жарық жулдызлары, баҳадырлары еди. Әсиресе, ол басқарған колхоз аймағы әке-шешеси репрессия жылларында қамалған, турмыстан тарыққан,ашлықтан көзи мөлейген талай ғәрип жанлардың пана-мәканына айналды. Бул ағамыздың қолынан келешектиң академиги, докторы, науиги, илим ғайраткерлери, ел басшылары жетилисип шықты. Оны Өзбекстанның басшылары сыйлап, хүрметледи. Бир сапары бес адам болып Шоманайға келдик, басшымыз Усман Юсупов. Ол патриот, оғада жигерли адам еди. Мырзамурат ағаның колхозына келип,ақсақал менен қушақласып көрисип бетинен сүйип атырып, шөл қойнынан усындай берекетли мәкан дөретип, әтирапты бағы-бостанға айналдырып, халықтың турмысын көтергени ушын рахмет айтты. Сол ўақытта Мырзамурат аға менен тең бизлердиң де жүрегимиз толып-тасып кетти, алдымызда усындай ел-журтқа сыйлы, даңқлы адамның бар болғанына төбемиз көкти қушты. Әдиўли ақсақалдың, халқы қәдирлеген қәдирданның руўхы хәммемизге күш-қуўат берсин! Ашылайын деп атырған бюсти қутлы болсын!



**Шәрибай Амангелдиев—зәңгилес иниси:**

—Мен Мырзамурат ағаны Хожели әтирапында жүрген гезинен, елге басшылық еткен ўақтынан баслап таныйман. Мен урыс жылларында Хожели қаласындағы педучилищеде оқыдым. Бизлерди курстан курсқа тез атлатып мектепке муғаллимшиликке жиберди. Бес ай бала оқыттым. Кейнинен урысқа алды. 1946 жылы урыстан қайтып келдим. Аўылымыз Шоманайға көшип кетипти. Ол ўақытта Шоманай деген жер бар екенинде билмеймен. Барып көрмеген жерим.

Хожелиден машинаға минип, өзим билмейтуғын Шоманайға бес саатлық жол азабын көрип зорға жеттим. Мырзамурат аға баўырына тартып, колхоз жумысына араластырмақшы болды. Менин бурынғы кәсибимнен қол үзгим келмеди. Соңынан райком бәри бир мени Мырзамурат ағаның колхозына партия шөлкеминиң хаткерлигине жиберди.

Солай етип Мырзамурат аға менен онлаған жыл бирге ислестим.

Мырзамурат ағаның басқалар өзине тәрбия ретинде қабыллап, соған бола ис тутса тозбайтуғын мынадай ағла қәсийетлери бар еди. Орталықтан зыят зат алып кегирдегине келгенше ишип жеўди билмеди, кисиниң несийбесине қол салмады. Бендешилигин бийик дәрежеде бежерди. Болмаса басқалар асқынлап үш-төрт қатын алып атырғанда, Мырзамурат ағамыз жаслайынан қосылған жубайына садықлығында қалды. Үй ишине ыза келтирмеди.

Пахташылық, шарўашылық, басқа тараўдағы жемисли мийнети колхозды миллионер колхоз дәрежесине көтерди. Миллионер колхоздың миллионлары халықтың мәпине жаратылды. Поселканы толық электрлестирди, клуб, бала-бақша, мектеп салдырды. Радио узел ислетилип адамлардың үйлериндеги қалпақлы радио заңқылдап сөйлеп турды, телефон байланысы жолға қойылды. Қатын қалашлар кеште бир желпим дәнди дигирманда тартып, кешки аўқаттың гүртигин салатуғын машақаттан қутылды. Себеби ун қараз иске қосылды.

Мырзамурат аға өзиниң жай турмыслық қәлпи болмаса қара пайымлықта жасаўы менен де басқаларға үлги болды, усының арқасында абыроймәртебеси асты. Халық барған сайын әтирапына жәмленип ол баслаған истиң дурыслығына оғада исенди. Оның әпиўайы жасағанынан бир айқын мысалы көк жорға атын тай гезинен баслап минсе, ҳәмелден түскенге шекем оған бүйир басып қалды. Басқа мәс баслықлар сыяқлы жыл санап минислик атын өзгертип, ай гөзлеген арғымақта шалқайып таслап жүрмеди. Өзи қандай сабыр-парасатлы болса жан сериги көк жорғасыда ийесине тақаббил еди. Жумыс ислеў усылыда басқаларға уқсамайтуғын айрықша еди. Колхоздың аймағы кең 28 бригада бар. Мәмлекет берип қойған «Москвич» машинасы бола тура Мырзамурат аға егислик жерлерди пахта далаларын атлы аралады. Бир атызда пахта ашырқап атырса сол бригада баслығына пахтаның қарнын тойдырыўды талап етти. Өзи басы қасында болды. Ал ол жыллары пахтаның бирден-бир жаўы отақ, ҳарам шөп. Әлле нетип аралап жүрген ўақтында отақ басып кеткен көлемниң үстинен

шығып қалса, сол жерден ары кетпестен басқа бригадалардан жүзлеген адам көмекши алдырып отатып пахтаны жабайы шөптен тазартатуғын еди. Және бир адам сүйсинетуғын адамға унайтуғын қәсийети—арақхор дәнгесе адамды жек көрди. Ондай адам менен қарым қатнасы салқын болды. Мен хожалықтың барлық ағзаларына мениң турмыстағы уллы устазым —Мырзамурат ағаның туўған—туўысқанларына бул исти бастан қолға алып ақырына жеткергенше тыным билмеген ақсақалдың тунғыш перзенти Сәрсенбайға қатты миннетдарман!

## Жуманазар Базарбаев — академик, былай дейди:

—Белгили ел ағасы шебер шөлкемлестириўши халық пидайысы Мырзамурат Абдуллаев адамгершилиги басым әжайып инсан еди.

Көзинин тирисинде «Қарақалпақ сунқары» атанып тиллерде дәстан болды, ел ағалары менен басшыларының иззет хүрметине бөленди. Республикамыздағы белгили жәмийетлик ғайраткерлер Пиржан Сейтов, Мәтеке Жуманазаров, Наўрыз Жапақовлардың досты пикирлеси еди. Олар егер Қанлыкөл, Шоманай тәрепти айналса Мырзамурат ағаға сәлем бермей дийдарласпай кейнине қайтып кетпеди. Оның менен бирге бир аўыз сөйлесип кетпеге хәўес еди. Оның елди басқарыўдағы шеберлигин басқаларға айтып үгит нәсиятлап жайып жүрген. Дәўириндеги баслықлардың сунқары Мырзамурат ағаның қолы жеткен жетискенлигин Өзбекстан хүкиметиниң басшысы Усман Юсуповта жоқары баҳалап, үлкен жыйынларда қушақлап бетинен сүйип, табысын мүбәрек еткен. Усындай мақтаў хошаметлеў ел басшыларының өзине тең санап сыйлағаны өзи менен мәсләхәтлескени туўысынан әпиўайы адамды менменлик «кесели» не шатпады. Өзин-өзи услап билди. Өзиниң орны қай жерде екенлигин жақсы түсинип, «Өзиң билген әўлийе» деген сөздин мазмунын турмысының темир қазығына айландырып алды.

Ол көп жыллық баслық лаўазымын кең пейилликте ықтыяры менен тапсырғаннан сонда, Шоманай елатындағы бирде — бир мерекеден қалмады, оның менен ойласықсыз мерекелерде өтпеди. Мырзамурат аға бундай хүрмет иззетке қалай ерискен, атақ, данққа қалай жетискен деген сораўдың жуўабын табыў бүгинги заманның тәрбиясы ушын оғада әҳмийетли. Оның бас негизи—Мырзамурат аға халықшыл адам болған. Ҳәмелли хәмелсиз болсын менменликке берилген адам емес. Халқынан бөлеклениўди билмеди. Халық не ишсе соны ишти. Халық шөллесе олда шөлледи. Халық ортайса олда ортайды. Хеш ўақытта асып тасып кетпеди. Халқын Шоманай даласын өзлестириўге алып келгенде, оларға не ислеседе өзлериниң мәпи ушын ислейтуғынын түсиндирип санасына қуйып отырды. Нәтийжеде оның сөзи де, иси де халқына исенимли болды.

Ол «Нәпсим мениң бәледи, жанған отқа салады» деп көп айтып, басқаларданда нәпсисин тыйып жасаўды талап ететуғын еди деп еске



түсиреди заманласлары. Соның арқасында ол отыз бес жыл хәмел жорғасын сүрип, ел басқарған дәўиринде есап-санақта бир де рет кәте-кемшилик жибермеген. Және бир мысал. Оған байраққа «Волга» жеңил машинасы берилгенде, халықтан бөлеклениўди кәлеместен, ақшам жоқ деген бәне менен алмаған. Шынында сонша жыл баслық болған адамның үйинде бир машинаға жетерлик кәрежет те болмаған. Усы сапардағы халықшыллығы, әпиўайы, халық пенен тең жасаўы оған хүрмет үстине хүрмет алып келип, кәдир-қымбатын ел ишинде көкке көтерип жиберген.

Жатқан жери жайлы, топырағы торқа болғыр Емберген Дәўлетбаев жазып атырған диссертациясына материалды топлаў мақсетинде Шоманайдағы Мырзамурат ағаның колхозына мени ертип кетти. Жасы үлкен екеўимизди үйинде қонақ етип күтти. Әңгимелестик. Үйинде мийманда отырған ақсақалдың төрели гәпине, көпти көкирегине түйген түсинигине, ақыл-парасатына, жипектей жақсы минезине қайыл қалдым. Колхозға сонша жыл баслық болса да өзи отырған жайын төбеси менен көкти тиретип салмапты, басқалардикинен артық емес.

Ол колхозға биринши баслық болған адамлардан есапланды. 1932-жылдың өзинде колхозға баслық болып сайланды. Ол кеңес хүкимети заманында хызмет иследи. Бәрибир бадабат салмастан, әдиллилик, халықтың дәстүрсалтының шеңберинде ҳәрекет етти. Ол әўел бастан-ақ, колхозласыў қурғынласыўға емес, жарлы халықты жарлыландырыўға бағыт алғанын сезди, сезгениниң белгили себеби, сол сапары бизлер менен сөйлесип отырғанда «барлық адам бир қазаннан ас ишип, бир көрпениң астында уйықлайды» деген күлкили пикирлерде болды деп мысқыллап айтып отырды. Соннан колхозласыўды басладық деп сөзин жалғастырды ол. Халықтың малы ортаға алына баслады. Бирақ ҳүкимет малын алғанын көрсетип ийесине хүжжетте бермеди. Бийшара адамлар малын жетелеп келип тапсырып, бас жибин қолтығына қысып көз жасы мөлтилдеп изине қайтып кетеди. Бас жипсиз малды қамайтуғын қорада жоқ. Сонда базы биреўлердиң «Қудай большевиклердиң бундай зорабанлығын билгеннен кейин, қуйрығын еки шақтың ортасынан шығарғанда, қуйрығынан қазыққа байлар едик» деп те жүрди. Бәрибир маллар өршимеди, түрли кеселге шатылды, өлди. Зорлық пенен жыйналған маллар айрым адамлардың басына жетти,—деп айтып еди, Мырзамурат аға. Демек оның кәлбине зорлық сыймағаны мәлим.

Бизиң тазадан дүзип атырған жәмийетимиз, мәмлекетимиз зорлыққа емес, ал әдиллик тийкарында қурылып атыр. Олай болса кеўили алық, зейинли, алысты гөзлеген Мырзамурат аға бүгинги еркин заманды күсеп жасады. Оның усы нийети, әрманы наўқыран жасларымызды ели ушын жанып жасайтуғын азамат етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе екенлиги өзинен-өзи белгили.

Мениң түсинигимше, Мырзамурат аға халқы ушын жанып-күйип, барлық ақыл-санасын жумсаған әжайып инсан, хақыйқат азамат. Ели сүйген, ели кәдирлеген ер.

**Туржан Сариев—Мийнет қаҳарманы:**

Адам баласының өмир жолы әлимсақтан бермаған әпиўайылықтан басланып, қоспалылыққа қарай жол тартып кетип отырады. Мырзекеңниң басып өткен жолы да, өмирбаяны да қара табан мийнеткешликтен басланып, нәтийжеси елге басшы болыў менен жуўмақланып, дуйым журтқа танылды, изинде өшпейтуғын-сөнбейтуғын даңқлы жолды-мол мийрасты естеликке қалдырып кетти. Мен жас бала гезимнен Мырзекеңе еликлеп пешине асылып өскен жанман, оның журтта жоқ жомартлығы,қайран қайырхомлығы, тийисли жердеги қаталлығы көз алдымда өтти, ақсақалдың сол абзал қәсийетлерин бойыма сиңирип өзлестирип алдым. Мийнет жолымды табельщиден баслап хызмет атқарғанымда үлкен ағадан үйренгеним өмирде сүрниктирмеди. Қайта қол келип бирдейине жәрдемин тийгизди. Тәжирийбе топлай келе, бригаданы басқардым, жасыүлкеннен үйренгеним бойынша мен де халық пенен бирге болдым, қуўанышын ортақластым, қүйиништи бөлистим.Усындай мийнетимниң арқасында Мийнет қаҳарманы атағына ийе болдым.

Тыңның тыңайтқышы ямаса төгини өзинде қат-қат болып қатпарланып жатады. Шоманайдың саз, боз топырағына туқым тасласаң, парта-парта көгерип арадан күн өтпей атырып желкилдеп шыға келетуғыны бар. Сол ушын ғаўашасының нәли толық, өзи болық болып гүздеги зүрәәтинен қырман толып-тасып туратуғын еди. Улыўма алғанда жоқары зүрәәт алыў бойынша Мырзекеңниң басқарған хожалығы басқаларға өрнек шәмшырақ еди. Усыған бола усы колхоздың бригадалары менен жыл сайын жарысып жүрдим. Зүрәәт байрамында да жарысқа ат жибергенде де, мен қара ат пенен шабысқа түсемен. Бирде Мырзекеңниң колхозының аты озса, бирде қара ат озады. Мениң усы тырысқақлығым менен жарысып ислеўге ықласымды билетуғын Мырзекең мени жыйын-тойынан қалдырған емес. Әсиресе жоба орынланғандағы тойға «Сталинниң қара»сын қалдырмаң деп басқаларға тапсырады екен. Бул ақсақалдың өкше басар инилерине болған сүйиспеншилиги, өзиниң орнына келер жеткиншеклериниң өсип жетилисиўине тилеклеслиги еди.

Мениң айтайын дегеним заманында қарақалпақта-Мырзекең, қазақта—Ожыраевтай хожалығына қарамай жумыс ислейуғын адам болмады. Оларды нағыз ел сүйген азамат, ели ушын еңиреген ер, халқының ардақлысы деп көкирек керип, бойды бөлентлетип айтса да болады. Мырзекеңниң шынайы ҳадаллығына және бир дәлил. үлкен баласы исли болғанда дәрьядан өтип үлкен басшыларға қутқарып бер деп қолқа салмады. Ким қылмыс ислесе, ол Нызам бойынша жазасын алады деп тырп етпеди. Бундай ерлик ҳәр кимниң қолынан келмейди.

Мине, ели-журты сыйлаған ҳасылымыз арадан он еки жылды өткерип аппақ болып арамызға келип тур. Және бир мәрте ҳәммеңизге қутлы болсын айтаман!

Ҳүрметли халайық барлығыңызға әдиўли ағам, жақсы көрген ақсақалым, мени өзине тең көрип жасаған азамат—Мырзекеңниң бахытын, әдиллигин, абыройын берсин. Ел басшылары сизлердиң қудайдан тилегиңиз дурыс болсын. Биз Мырзекеңнен бул уллы қәсийетлерди мийрасқа әширепилеп алып қалдық. Сол қәсийетли, қәдирли мийрасқа садық болайық!

**Реймберген Аяпбергенов-шоманайлы ветеран, шайыр:**

1953-жылы колхоз республикада пахта таярлаў жобасын биринши болып орынлады. Сол табысқа арнап қосық жаздым. Ол районлық газетада басылды.

Жоба орынлаўға байланыслы колхозда жайылатуғын дәстурханға жас шайыр мениде шақырыўды атақлы баслық—Мырзамурат аға пункттиң баслығына арнап тапсырыпты, әне үлкен адамның кишкене адамға итибары. Мен бундай сыйды күтпеген едим.

Мырзамурат аға өз дәўиринде бәринен бурын аўыл жасларының жоқары оқыў орнына түсип, оқып қайтыўына жақсы ғамхорлық етти. Ақсақалдың усындай аталарша ғамқорлығы нәтийжесинде Марат Нурмухамедов академиклик дәрежеге жетти, басқалар да жасыүлкенниң ғамхорлығына бөленип, өзи қәлеген қәнийгелигин ийеледи.

Ол әдил адам еди. Бир мысал. 1960-жылы аўылхожалығы хызметкерлериниң қуралтайында алдыңғы баслық қатарында Мырзамурат ағаға «Волга» женил машинасы байраққа берилди. Пиржан Сейтов машинаның гилтин дуйым журттың көзинше ақсақалдың қолына услатты. Ақсақал машинаға жететуғын ақшам жоқ деп алмады. Отыз жыл бойына баслық болып келген адамда төрт мың сегиз жүз манат ақша табылмағаны қалай деп, жыйналған адамлар таң қалды. Исенбеди.Усының өзи Мырзамурат ағаның нәпсин тыйып ,киси ҳақын жемегенин, оғада әдил жуўапкерли болғанын дәлиллейди. Себеби, ол бирдейине халық мәпи менен жасап, халықтың пәрәўан турмыс кешириўи ушын жан ашытты, бул ағла қәсийетине ылайық халқының көкирегинде адамгершиликли адам болып мәңгиге қалды. Мырзамурат аға өз дәўириндеги колхоздың баслықлары Б. Аманжолов, Б. Әўезов, Тәжимуратовлар арасында абырайы бәлент, мәртебеси жоқары болды. Ол репрессияның оты аўыл-аймақты жалмап, халықтың еден ерлерин баўлап қамап, үй- ишин тоз-тоз қылып атырған мәҳәлде, өзиниң жанын қурбанлыққа шалып, ҳеш нәрседен қорықпастан, керисинше ертектеги батырларға усап, ғәрип жанларды панайында қорғады. Мине, Мырзамурат аға мәрт, дәўжүрек, ҳадал, искер, талапшаң адам тымсалында кейнинде қалғанлардың көкирек төринен жай алып, арадан ай, жыл өткен сайын қәдир-қымбаты артып бара береди. Мырзамурат ағаға мына қосығымды арнадым.

Мыңлап айлап, жыллар өтти түнерип.
Сел-сел ағып жаўар, жамғырлар, қарлар.
Бирде жаңаланып, бирде гөнерип,
Топыраққа айналар бийик минарлар.

Өтер еле сиз көрмеген әсирлер.
Қуяшлы бир күнин мың жылға татыр.
Бирин-бири аўмастырған нәсиллер,
Батыр қорқақ болар, қорқақлар батыр.

Ойпаттан бой тиклеп, Үстиртлер таўлар,
Бәлки қурғақлыққа айланар көллер,
Батыл дәрьяларда буркырап суўлар.
Гүлистанға дөнер сиз гезген шөллер.

Басқан излер қалар кем-кем қум болып,
Топырақ болар таста жазылған хатың,
Ҳәр нәрсе умытылар жылларды асып,
Бирақ, умытылмас Мырзамурат атың.

**Қырықбай Байниязов — илимпаз:**

—Мырзамурат Абдуллаев көпти көрген, көп нәрсени билетуғын, халықтың келешегин ойлап, жасларға қайырқомлық-ғамқорлық жасайтуғын ақыллы ел басшысы еди. 40-жыллардың ақыры 50-жыллардың басларында көп аўылларда орта мектеп болмады. Сол себепли Шоманай районы, 2-санлы орта мектепте Хожели, Қанлыкөл, Қоңырат, Мойнақ, Кегейли хәм басқа районлардан балалар келип оқығанын билемен. Мәселен, мениң өзим әўели Буденный атындағы (Ҳәзир Шоманай районы, «Дослық байрағы» Ширкетлер бирлеспеси) колхозда жетинши классты питкерип, соңынан сол жердеги мектепте оқыдым хәм 1951-жылы ержеткенлик аттестатын алдым. Усы мектепти питкергенлердиң арасынан келешекте белгили жәмийетлик ғайраткерлер, илимпазлар хәм жазыўшылар өсип жетилисти. Нийетулла Сейтназаров, Алламжар Қошқаров, Турдымурат Қулмуратов, Бийбизада Сейимбетова, Сәрсенбай Есимбетовлар районлық хәм республикалық дәрежели басшылар болып ислесе, Жаңабай Реймов, Орақбай Қудайбергенов, Ережепбай Бекмурзаев, Сабыр Хожаметовлар совхоз директоры лаўазымын минсиз атқарды. 2-санлы орта мектепти питкерген жаслардан оннан аслам жигит-қызлар кандидатлық хәм докторлық диссертациясын табыслы жақлап шықты. Мысалы, Жумабай Мәмбетназаров, Исмайыл Төремуратов, Нурлепес Өтегеновлар медицина, Ҳәмид Зәрипов, Полат Қалмуратов, Оразымбет Темирбековлар биология, Қошқар Дәнияров педагогика, Есенғалий Омаров география, Улбосын Хожаметова экономика, Алламберген Омаров математика тараўында илим-изертлеў жумысын табыслы алып барып, илим кандидаты дәрежесине ийе болды. Олардың барлығы орта мектепте тыянақлы билимди ийелеп шығыўы ушын өзлерине қолайлы жағдай туўғызған колхоз баслығы Мырзамурат



Абдуллаевты миннетдаршылық сезими менен еске түсиреди.

Ол жаслардың терең билим алып, белгили қәниге болып жетисиўине ғамхор болса, қарақалпақ халқының тарийхын, мәдений мийрасын жетик билетуғын уламаларды, халық жыршыларын жақсы көретуғын еди. Жапақ бақсы Шамуратов, Есемурат жыраў, Өтенияз жыраў, Жанназар жыраўларды аўылына шақыртып айттыратуғын еди. Ол күтә парасатлы, көп тыңлап, аз сөйлейтуғын адам еди. Халқымыздың миллий дәстүрлерин де қәстерлеп сақлады.

Ата-бабаларымыздың қалдырған мийрасларының ең жақсы тәреплерин қабыл алса, заман талабына жуўап бермейтуғын дәстүрлер менен ырымларға сын көз бенен қарады.

Ҳақыйқатында да, Мырзамурат баслық дурыслықты сөйлейтуғын адам еди. Оған биреўди алдаў, үлкен хәмелдар менен хүрметли атағы барлардың алдында жарамсақланыў усаған әдетлер жат еди. Ол жалған сөйлеген, урлық қылған хәм турмыстан бузылған адамларды жек көретуғын еди.

**Мырзамурат ағаның**
100 жыллығына

Дәрьялар аңғарын өзгертип ағар,
Заман да аўмасып алыслап барар,
Аңыз боп тиллерде жақсылық қалар,
100 жасың мүбәрек, Мырзамурат аға.

Сен баслап келген көш орнында жатыр,
Ҳәммеси ер жүрек мийнетте батыр,
Мийнетиңди елиң улығлап атыр,
Тиллерде дәстансаң, Мырзамурат аға.

Отыз үш жыл колхозыңды басқардың,
Оқымай ақ заманыңды аңғардың,
Кейинги әўладқа аңыз боп қалдың,
Теберик излериң, Мырзамурат аға.

Айбүйир хәм Қарабайлы арасын,
Ат пенен аралап пахта даласын,
Пәрмана боп ғәрип-қәсир баласын,
Кәмалға келтирген, Мырзамурат аға.

Айта берсем, гәп көбейип баратыр,
Колхозға көп баслық кеп-кетип атыр,
Бири қурса, бири еп етип атыр,
Оларға саза бер, Мырзамурат аға.

Заман бийигинен нәпес аламыз,
Уллы мақсетлерге гүзар саламыз,
Келешекте зор мәмлекет боламыз,
Сонда да жасайсаң, Мырзамурат аға.

*Жоллыбай Исметов*

## Жуўмақлаў орнына

1985-жылы август айының ақырында үйге қайғылы, суўық хабар келди. Темирхан аға (колхоздың бурынғы бас есапшысы) ның қайғысын кемейтип, қуўанышын бөлисип, енесиниң орнын билдирмей кәйин атасына қарап, келинлик парызын жоқары дәрежеде атқарып атырған келини қайтыс болыпты. Бул сум хабар әкемниң қулағына келип жетиўден тез кийинди де, үнсиз тунжырап шаңарағын қапашылық қайыстырып атырған үйге кетти.

Темирхан аға әкем басқарған колхозда бастан баслап хүрметли демалысқа шыққанға шейин бас есапшы болып исследи. Ол да әкеме усап ғайры жолдан жүрип, қылаплық ислеп жырып жегенди мүнәсип көрмейтуғын, ипластан қашып, жақсылыққа жантасып жасаған хадал, инсаплы, нәпсисин тыйған тойымлы адам болды. Әкеме өмиринше шын жолдас, айрылмас дос еди. Әкем қудайға қандай исенип жасаса, оғанда қатты исенетуғын еди. Себеби ол колхоздың есап-санағын жүргизип ислеген жыллары финанс есап-санақтан бир рет те қолайсыз қысыныспалы жағдай жүзеге келген емес. Дурысында, мийнеткеш халықтың табан ет, маңлай тери менен табылған табыс барлық ўақытта, барлық жағдайда орынсыз жерге бийкәсийетлик пенен жумсалған жоқ және түрли ҳийле менен өзлестирилип талан-тараж етилмеди.

Ол урыс майданынан бир аяғынан пүтинлей айрылып, екинши аяғының дизесинен төменин жат журтта қалдырып, жасалма ағаш аяқта қалтылдап қайтып келди. Әдеттегише, бурынғы жумысына айналысты. Жаслайынан қосылған қостарының көзи тирисиндеги күнлери, турмыс тиришилиги бейишке бергисиз күнлер екен. Қостары Дәригүл қайтыс болғаннан соң, еки аяқтан майып адамның аўҳалы қыйынласты. Өйткени, майып адам азанда жумысқа кетеринде кийиниўине, қайтып келгенде шешинип, үй кийиминде жүриўине қостарының көмеги көп еди. Бүгинги қайтыс болып атырған бийшара келини енесиниң орнына ене, кәйинатаға келин орнына келин болып минсиз хызмет етти. Атасына мийирбанлықта көмеклесип, ыссы-суўығына қарады, үсти- басын жуўып, ақ гириштей таза жүриўине ықлас қойды. Дүньяның ислерине қараң, мине енди сол мийирбан келининен де айрылып қалды Темирхан аға. Әкем қыймас инисиниң усындай мүшкил ҳалға түсип, хор—зар болатуғынын ойлап қайғырды ма, ямаса қатты қыйналды ма, оның қайғысын өзиникинен бетер сезинди ме, даўыс шығарып келип атырған көпшилик арасында Темирханның зарлап



жылап атырғанын көрип тоқтап қалады да, түри қара күйиктей қарайып үнсиз-түнсиз кейнине ғырра қайтып кетеди. Аралықты қалай басып өтсе, солай басып өтсин, үйге келе сала төсекке жығылады. Соннан әкем тилсиз қалды. Көзи менен жән-жақты шолып қарайды, бирақ сөйлеўге тил жоқ. Республика, район орайынан шыпакерлер алып келип көрсетилгенде әкемниң арқа мийине қан қуйылып кеткени, енди тәме жоқ екенлигин айтты. Сол тилсиз жатыўдан он еки күнди араға салып, аллаталаға аманатын тапсырды. Әкем жумыс ислеп жүрген гезинде, сонынан үйде отырып қалғанда да өзи жақсы көретуғын, баласындай қәдирлейтуғын районлық орайласқан емлеўхананың бурынғы бас шыпакери Жумабай Мәмбетназаровқа көринип, ден-саўлығын тексертип туратуғын еди.

Жумабай Мәмбетназаров—жоқары категориялы шыпакер-терапевт, медицина илимлериниң кандидаты, оның бир қанша медицина темасында дөреткен китапшалары бар. «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен денсаўлықты сақлаў хызметкери» атағына ийе. Оя Нөкиске көшип кетти. Намазына келгенде Жумабай:—Япырмай бала, атамыздың қан басым кесели барлығын билмеппиз. Ден—саўлық жөнинен ҳеш ўақытта шағым жасаған емес. Мениңше, үйде отырып қалып, бурынғы жүрип үйренген жумысын таслағаннан қан басымы көтерилип кеткен, дүзди гезип зейни ашылатуғын адам қыймылдан қалса торда қамалған қус киби күн кеширеди. Тап соған туўысқанынан артық көретуғын адамының қайғысы қосылып, мийдиң майда тамырларын үзип жиберген. Басқаның қайғысын өз қайғым деп түсинип, жүрегине жақын алып күшли қайғырған. Жүреги шыдамаған, ыссы қан майда тамырларды тесип таслаған. Басқаның қайғысын өзиниң қайғысы билип, жаны ашыйтуғын адамның бундай аўыр жағдайда өзин тута билиўи керек. Негизинде досты ушын жанын ашытып, қайғырыўадамгершиликтиң және тағы мәртликтиң белгиси! Бул адам баласының бәринде ушыраса бермейтуғын уллы адамгершилик!

Жумабай инимиз өзиниң сөзин услайынша тамамлап, туўғантуўысқанларға кеўил айтты.

Мениң әзиз әкем, усылайынша мәртлик пенен әлемнен өтти. Мениң мәрт-мәрдана әкем өзгениң аўыр қайғысын өз қайғысы деп билип, жанкүйер иниси Темирханның қайғысына қабырғасы қайысып, соны шын кеўилден қайғырып бийик адамгершилик сыпатта өлимге гириптар болды. Лекин, ол сексен еки жасты бийкарға жасамады. Изинде қалғанларға адамгершиликли болың, әдилликти өмириңиздиң мазмуны деп билиң, басқаның қайғысы сениң де қайғың, өзиңди басқалардан бөлек тутып, паңсып мурын көтериўден аўлақ болың деген ҳасыл нәсият қалдырып кетти.

Мениң мынаў кишкене ғана мийнетим, туўған әкемниң теңи-тайы жоқ мийнетиниң бир бөлеги қурақым салмаққа ийе болып, ол қағаз жүзинде орнатылған шағын естеликке татыса өзимди оғада бахтияр, оғада бахытлы сеземен!



236645.

## МАЗМУНЫ


Жыр дәстанлардың жалғасы....................................................................................3
Жақсылық шынына шыққан инсан.......................................................................5
Ҳақыйқый инсан хаққында қосық........................................................................9
Жетимликтен жетилип..........................................................................................11
Келешегиң журтқа аян, Шоманай.......................................................................16
Ердиң атын ел.........................................................................................................18
Таза қоныстың табыслары....................................................................................22
Әкемнин ең жақсы пәзийлетлери........................................................................30
Бирге ислескенлер хәм шәкиртлери....................................................................39
Аппақ жамылып.....................................................................................................69
Жуўмақлаў орнына................................................................................................70



С.АБДУЛЛАЕВ

**Өзгениң бахтын ойлап,**
**өз бахтын тапқан инсан...**

*Қарақалпақ тилинде*
«Қарақалпақстан» баспасы,
Нөкис, 2003

Редактор Жийенбай Избасқанов
Художник Көшкинбай Рейпназаров
Худ. редактор Қыдыров Исмайыл
Тех. редактор Турсынбай Өтегенов
Корректор Арзыхан Аташева

Териўге берилген ўақты 20.05.2003. Басыўға рухсат етилген ўақты 26.06.2003. Қағаз форматы $60x84^{1}/_{16}$. Көлеми 4,5+0,25 вкл 4,18+0,23 вкл шәртли б.т. 4,38+0,14 вкл есап б.т. Нусқасы 1200. Буйыртпа № 174 Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис, Қарақалпақстан көшеси. 9.

ҚР Баспа сөз хәм хабар Агентлиги Нөкис полиграфкомбинаты 742000,
Нөкис, Қарақалпақстан көшеси. 9.


800 c